ISINIPUN PETIKAN
S. BADAD MATAWIS
B.G. 1039.

B.G
1039

Bib.Id : 0010-1107002023
Item.Id : 0001952588

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

B.G. no. 1034.

ISINIPOEN SERAT PENIKAN SAKING BAPAD
MENTAWIS.

Katja:

Tjariosipoen dèwi Rasawoelan .....1 - 36.
Perangipoen doewoeng ki Tjondongtjampoer meng-
sah doewoeng ki Sangkelat.....37 - 43.
Mékradipoen praboe Brawidjaja, ratoe ing Madjapait.44 - 54.
Djoemenengipoen adipati Mas ngabèi Saloring Pasar
saha kepanggihipoen kalian ratoe Kidoel ngantos
djoemenengipoen ratoe wonten ing negari Mataram.....55 - 143.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PETIKAN SAKING

SERAT BABAD MENTAWIS.

Tjariosipoen dèwi Rasawoelan .-

ASMARADANA.

Semana kang minda Ratih,tinimbalan mring kang rama, moenggèng kèringé iboené,tenapi kang poetra prija, mas Sahit moenggèng ngarsa, sang dipati ngandika roem, anggèr sira akramaha.

Miliha poetri kang wegig,poetraning para dipatya, jèn ana dadi karsané,matoera ing iboenira, ingsoen ingkang anglamar, kang poetra datan oematoer, ladjeng késah ngelotohan.

Angling malih sang dipati, marang kang poetra wanodya, Rasawoelan poetraningong, sira baboakramaha, woes liwat adiwasa, Rasawoelan lon oematoer, ing bèndjang kawoela krama.

Jèn kakangmas sampoen krami, kawoela poeroen akrama, ing mangké dèrèng mangsané, teksih remen amertapa, nanepi goewa soenja,kang iboe tansah rawat loch, tan saget moelangi poetra.

Koeneng sang dipati Toebin, warnanen waoe kang poetra, kang késah mring kalangané, ngaben sawoeng sampoen kalah, keplèk kètjèk tan menang, praboté telas sedaroem, sawoengé kinarja tohan.

Moerang moering kimas Sahit, pan ladjeng angadang marga, ambebégal pakarjané, pan saben-saben mangkana, jèn kawon ngelotohan, angerbat ing marga agoeng, tan adjrih rinampok katah.

Kaloka poetra ing Toebin, digdaja medjahi marga, ambebégal pakarjané, katoer dateng soenan Bonang, jèn poetra Toeban bégal, medjahi loeloeroeng agoeng, djeng soenan mèsem ngandika.

Marang sagoeng sahat moerid,pajo pada anggegoda,mring bakal wali kinahot, ki Sahit poetra ing Toeban, ikoe kekasihing Jyang, nanging doeroeng antoek goeroe, moelané meksih roehara.

Noelja mepak para moerid, djeng soenan Bonang sidjaga, sarwa keling boesanané, ngagem serban mawi rènda, asebé soetra bara, ateken djoengkat sineloet, kentjana toenggoel moetyara.

Djeng soenan noelya loemaris, ingiring moerid sakabat, tri dasa darat lampahé, arsa salat dateng Mekah, semana praptèng marga, ing pernahé sanga bagoes, poetra Toeban kang bebégal.

Kimas Sahit aningali jèn wonten manoengsa liwat, teteken djoengkat

PERPUSTAKAAN NASIONAL

kat amentjorong, belongsong toenggoel moetyara, anoelja tinoetoetan, kimas Sahit asroe moewoes, paman endi djoengkatira.

Déning mentjorong soen ambil, jèn tan awèh ingsoen rebat, jèn arsa noedoek maringong, lah mara sira noedoeka, ing woeri apa ngarsa, djeng soenan mèsem amoewoes, djebèng adja salah karja.

Sira djaloek djoengkat mami, toewas boetoehken loemampah, datan akèh pengadjiné, jèn sira remen ing donja, inten lawan kentjana, lah ika ambilen goepoeh, kentjana inten gandjaran.

Jata ponang kolang-kaling, tinoedingan mring djeng soenan, malih dadya mas mentjorong, aslaga inten koemala, goemilar ting galebyar, kamas Sahid gawok doeloe, mitenggengen tan angoetjap.

Djeng soenan ladjeng loemaris, alon dènira loemampah, dèn djarag goda karsané, semoe ngantèni kang bégal, doek lagi sahomdjotan, kimas Sahit noelja émoet, ngraos lamoen kalochoeran.

Woes pinasti kimas Sahid, dateng Jyang soekma kawekas, ngrikoe prapta noegrahané, osik marang kalochoeran, pratonda troes koesoema, kapèntjoet ngèlmoe pitoedoeh, keramaté kang sarira.

Kebat dènnja anoetoeti, mring lampahé soenan Ponang, tan matoer nginti'l woeriné, doek prapta madyaning wana, kèndel kangdjeng soesoenan, angandika mring kang noesoel, lah ki djebèng paran karsa.

Anoesoel ing lakoe mami, angintil wong arsa salat, apa arsa ngemoem anggèr, mas Sahid matoer anembah, mila koela toetwoentat, ing pandoeka sanga wikoe, dapoer ajoen poerochita.

Kapingin kadya sang jogi, mandi satjipta kahana, anoewoen wedjang ngèlmoené, kawoela atoer prasetya, saking tan gadah béja, amoeng pedjah gesang katoer, sakarsa dateng soemongga.

Kangdjeng soenan mèsem angling, apa temen djebèng sira, nora dora mring Jyang Manon, sira sanggoep poeroeita, kapingin kaja ingwang, mandi ing satjipta toehoe, jèn temen ja tinemenan.

Nging abot patoekoe nèki, wong dadi wali oetama, doedoe brana patoekoené, moeng lila setya legawa, tan mingser jèn woes ngoetjap, djrih ing goeroe sih Jyang Agoeng, soen tan ngandel basa syara.

Jèn nora kelawan jekti, jektiné wong sanggoep setya, apa wani sira djebèng, soen pendem madyaning wana, lawasé satoes dina, jèn

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wani

wani sira satoehoe, djoemeneng sèh walijolah.

Nembah matoer kimas Sahid, kawoela soemanggèng Karsa,tan nedya tjidra Jyang Manon, senadyan toemekèng lina,kawoela tan soeminggah, djeng soenan noelja angrangkoel, sarwi mèsem angandika.

Ingsoen darma angsoeng margi, ing sira ki sèh Melaja,satoehoené sira dewé, ing sakarsa karsanira, tinrima ingkang moerba, nèh moerid sabat dèn goepoeh,ki djebèng karjakna kloewat.

Semana ki djaka Toeban,pinetak madyaning wana, tinengeran waringiné, kang pinetak woes tinilar, djeng soenan ladjeng salat,mring Mekah sakedap rawoeh, bakdané salat djoemoengah.

Noelja kondoer panggih moerid, pan ladjeng nganglang boewana, koeneng malih winiraos, Rasawoelan poetri Toeban, langkoeng brangti ing tapa, marengi ngidang sang ajoe, wor sato asaba wana.

Anèng alas Glagahwangi,saparané poenang kidang, dèn toetwoeri, sahétjané, anggajemi gegodongan, sang retna toemoet dahar, laminja datan winoewoes, wanoeh lawan kidang sangsam.

Sang retna amanggih bèdji,tojanja wening anjoentrang, aresik katah sélané, koemriwik ilining toja, ajem kaoeban wreksa, wreksa asem geng asingoep, ing nginggil pangé njerkakah.

Nginggil wreksa dipoen gèni, manoengswa amangoen tapa, pitekoer anèng kekajon, kandané kang mangoen tapa, Moelana saking Ngarab, ingtang tedak goesti Rasoel, kang nama sèh Mahoelana.

Sèh Mahoelana Magribi, kang roemidjin angedjawa, tinoedoeh marang ramané, djeng pangran ngatas maroeta, kinèn angislamena, wong Djawa kang meksih soewoeng, kang dèrèng ngadek imannja.

Milané djeng sèh Magribi, manekoeng nginggiling wreksa,aneges karsèng Jyang Manon, klilana angadek iman, wonten wana Bintara, djandjiné moelja linoehoer, jèn ngadeg masdjid Bintara.

Nanging dèrèng dèn lilani, ngantosi kang darbé lampah,kineker déning Jyang Manon, poenika ingkang ngantosan, marmané tapa nangsang, woewoesen malih sang ajoe, katjarjan ningali toja.

Anoelja siram ing bèdji, loekar anèng djroning toja, tan wikan jèn wonten oewong, kang martapa woes toemingal, mring warnané dyah siram,tjengeng moelat sanga wikoe, kalintang brongta djroning tyas.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Osiké kadya saresmi, lawan dèwi Rasawoelan, nanging sabil ing djro tysé, oetjapen sangdyah kang siram, dangoe koengkoem ing tirta, doek mentas ngilo ing ranoe, katingal sapolahira.

Dangoe-dangoe aningali, ing wajangan djalma prija, taroema pekik warnané, kagyat sangdyah Rasawoelan, djroning tyas dyah kagiwang, pan kadya asmara loeloet, lawan kang katon djro toja.

Pareng siré aningali, sang wikoe lan Rasawoelan, kadya saresmi karoné, pinarengken ing Jyang Soekma, karja titah oetama, kinarja widjining ratoe, Rasawoelan noelja wawrat.

Milang kedèp dadining sir, djabangbaji noelja obah, anèng sadjroning garbané, sang dyah ngraos kawirangan, dèrèng krama awawrat, lintang roentik sang dyah ajoe, toemenga dateng ing wreksa.

Woewoesé asemoe tangis, sapa baja wèh trimala, bisa gawé wirangingong, ingsoen kenja doeroeng krama, déné pinontjawora, lah midoena kang pitekoer, sirnakena wirangingwang.

Sè Mahoelana Mahribi, doek mirsa sebda roeditya, moedoen saking wreksa alon, sarwi djaboet dakarira, tjinipta dadya bradja, ingaranan bradja sangkoeh, sinangkelit moglang-moglang.

Woes prapta tepining bèdji, alon dènira ngandika, pa karané raganingong, wong tapa ngalong kadoekan, apa dimalih ingwang, angintip wanodya adoes, ingsoen woes tan darbé karsa.

Ingsoen iki lih pawèstri, nora darbé kelanangan, moeng sangkoeh gegamaningong, tinarka njidra asmara, sajekti mapan ora, sira garbini satoehoe, saking karsané Hyang Soekma.

Rasawoelan woes mijarsi, ing woewoesé sang pandita, angraos lepat andodok, sarwi matoer angrerepa, djenang séla ing sedah, noewoen ngapoenten sang wikoe, saking bingoeng dahat wirang.

Kawoela perawan soenti, koemini tan arsa krama, ing mangké kawoela bobot, tan ngraos adarbé lawan, pan namoeng wewajangan, kang wonten lebeting ranoe, warnané kadi sang tapa.

Pan amoeng oedjoengan liring, ampoehé kagila-gila, kraos ing tyas koela bobot, sang wikoe noewoen kawoela, anoenten sirnakena, bebaji kang koela kandoet, sampoen medal marga ina.

Jèn sang wikoe tan noeloengi, angroewat wirang kawoela, loeoeng pedjahana ingong, moempoeng tan wonten woeninga, sang wikoe angandika,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

angandika, lah moengkoera poetoeningsoen, soen oendangé dimèn medal.

Noelja moengkoer Rasasasi, pan sarwi angoré réma, sang wikoe ngepel astané, djabangbaji kinetèkan, pan kadi ngoendang sata, djabangbaji medal nglamboeng, mantjoelat lir anak kidang.

Dateng pangkoné sang resi, kakoeng bagoes warnanira, mentjorong mantjoer tjahjané, pan kadya woelan poernama, tan wonten bingbingira, woes poepak anèng swarga goeng, pratonda kekasihing Jyang.

Sang wikoe ngandika aris, nini sira tingalana, poetranira amentjorong, nolih dèwi Rasawoelan, ningali ingkang poetra, lintang tresna djroning kalboe, nging mérang angaken poetra.

Sang wikoe ngandika aris, ki baji soen wèhi nama, Kidangtelangkas aranè, déning sira lawan ingwang, noedjoe tapa angidang, Rasawoelan nembah matoer, soemongga karsa sang tapa.

Kawoela pan datan apti, amomong Kidangtelangkas, sang wikoe alon woewoesé, ikoeta adja mengkana, apa sira tan welas, mring pasihaning Hyang Agoeng, Rasawoelan noelja késah.

Sang tapa soedah kang galih, kapasrahan ingkang poetra, wong tapa déàé karjané, dasar prija anèng wana, dahat tanpa rowangan, noelja mintar sanga wikoe, mring désa Taroeb sinedya.

Sarwi gèmbol djabangbaji, woeloeh gading tekenira, kinarja deder sangkoehé, koeneng wahoe kang loemampah, wonten malih winarna, kotjapa ni ronda Taroeb, teksih nèm tinilar léna.

S I N O M .

Ni ronda Taroeb geng bronta, tinilar ing anak laki, tamboeh ingkang tinoléha, laki lima siwi lalis, siang datan amboekti, tanpa nèndra lamoen daloe, dènnja tilem kekadar, sakedap ni ronda ngimpi, pan katingal kapanggih lawan lakinja.

Soeng toetoer akèn narima, lawan anjoekani èsti, alit kinèn njratènana, jèn gedé maraken moekti, nji ronda sampoen tangi, mirsa padang lir andaroe, tiba pernah makaman, koeboering laki lan siwi, byar rahina ni ronda dateng makaman.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Sapraptaning pakoeboeran, ni ronda noelja kepanggih, kalawan sèh Mahoelana, ni ronda dèn pitoetoeri, lawan pinaring baji, kinèn ngakoe anakipoen, salir woelang winartan, kalawan dipoen tengeri, sangkoeh toeloep pinaringken mring ni ronda.

Sampoen tinampèn ni ronda, sangkoeh lawan djabangbaji, sang wikoe ladjeng loemampah, soemedya andjadjah boemi, ni ronda noelja moelih, sapraptaning wismanipoen, oendang ngoendang brokohan, mring anak poetoené sami, ambrokohi anak mati malih gesang.

Wong Taroeb katah kang prapta, toewi baji malih oerip, ing daloe sami lèk-lèkan, akatah prapat kang prapti, agoeng ingkang toetoewi, katah angsal-angsalipoen, baji nekakken begdja, ni ronda temahan soegih, djabangbaji datan kena sinoesonan.

Nesep djempolé pijambak, ajem datan mawi nangis, prandéné koewat Telangkas, sampoen kabekta ing nami, koeneng gantya winarni, kotjapa ing Madjalangoe, sang praboe Prawidjaja, pramèswarènipoen kalih, wawrat sareng sami dateng ing semaja.

Pan babar kakoeng sedaja, kang midjil ing Darawati, kakoeng bagoes warnanira, winastan Bondanserati ginadang dadya adji, goemantya ing rama praboe, garwa sepoeh kang nama, ratoe Kasijan kang midjil, inggih djaloe winastan Bondankedjawan.

Kang iboe séda kondoeran, kang poetra binoetjal alit, pinaringken djoeroe sawah, kinèn ngaken soeta jekti, patjoean tijang alit, tan kénging warta ing soenoe, koeneng ingkang binabar, jata kang kotjapa malih, djeng soesoenan ing Bonang èngèt pendeman.

Sabat moeridé pinepak, kinèn bekta wadoeng koedi, djeng soenan anoelja tindak, èngga1 woes praptèng wanadri, waringin sampoen panggih, sampoen wok ajom ngremboejoeng, anoelja binabadan, tinegor poenang waringin, woes dinoedoek pendeman poetra ing Toeban.

Pinernah ngambèn amb`enan, lir gana warnanja poetih, binekta kondoer mring bonang, datan kawarna ing margi, prapta ing dépok woekir, kinoetoegan sekoel baroe, émoet ki djaka Toeban, poepoengoen noelja ngabekti, gya rinangkoel ki djaka dateng djeng soenan.

Langkoeng sih djeng soenan bonang, dateng ki djaka ing Toebin, ingaken kadang taroena, pinanggihken lan kang raji, pinaringan kekasih

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sih, sèh Melaja woes misoewoer, panggihé tan winarna, woes atoet apala krami, sèh Melaja lan kadangé soenan Bonang.

Koeneng ingkang pinengantyan, ni ronda Taroeb winarni, keng bronta amomong poetra, laminja datan kawarni, ageng kang djabangbaji, misoewoer ki djaka Taroeb, warna bagoes oetama, belaba asih ing alit, djalma kiwa tengen katah asoewita.

Ki djaka Taroeb semana, aremen saba wanadri, ngoepaja peksi karjanja, mikat noeloep saben ari, kasengsem mendet peksi, jata èndjing mangkat noeloep, wasjaté sang pandita.kang mawi sangkoeh amandi, tanpa réwang pijambak malebèng wana.

Sapraptaning madyèng wana, mirsa peksi ageng moeni, inggal noelja pinaranan, kang peksi manggoeng ngèndrani, angalih datan tebih, ki djaka noet paranipoen, dadya kaloenta-loenta, anoet saparaning peksi, anèng wana ki djaka noelja kodanan.

Tan pati deres kang djawah, anjirep peksi kang moeni,ki djaka ngaoeb sor wreksa, kétjalan larining peksi, tan dangoe aningali, wonten widadari adoes, ing bèdji madyèng wana, padoesaning widadari, woes pinasti dènja adoes kamanoengsan.

Pan sakawan katahira, apsari kang siram bèdji, sawidji tan wonten wikan, jèn wonten manoengsa prapti, étja koengkoem ing warih, ki djaka awas andoeloe, kagiwang manahira, tamboeh raosingkang galih, boedi akal arsa njeler kang rasoekan,.

Ki djaka noelja berangkang, marani tepining bèdji, angoeladoemoeng ngaloengsar, woes prapta tepining bèdji, anjeler kang koelambi, angsal sawidji gya moendoer, ngloengsar noelja berangkang, praptèng wreksa ladjeng moelih,pan anggendring glis prapta ing wismanira.

Andjoedjoeg loemboeng ki djaka, anjingidaken koelambi, tinindihan anèng dasar, ngandaping toempoekan pari, tan wonten kang oedani, ki djaka anoelja wangsoel, sarwi bekta rasoekan,kelawan sindjang kekalih, sami keling binengkoengken tan ketara.

Koeneng kang wangsoel mring wana, oetjapen kang widadari, sekawan kang samya siram, kang tetiga sampoen moelih, miber marang wijati, kang satoenggil meksih kantoen, dé itjal rasoekannja, tan saget miber wijati, pama peksi loempoeh tan darbé pendjawat.

Tamboeh-tamboeh polahira, sangdyah retna Nawangsasi, tinilar

mring

PERPUSTAKAAN NASIONAL

mring kantjanira, nèng bèdji asemoe tangis, kalintang kawlasasih, ngoelap-oelap kantjanipoen, dimalih mangsoelena, kanggé bang njeler koelambi, datan njana jèn kaseler ing manoengsa.

Kotjapa waoe ki djaka, woes prapta pernahing bèdji, ki djaka api tan wikan, kagyat retna Mawangsasi, moelat manoengsa prapti, warnané taroena bagoes, sang retna goegoeb ing tyas, arsa késah dèn arochi, éstri apa déné èndah anèng wana.

Koemepyoer raosing drija, sang koesoema Mawangsasi, angraos jèn kamanoengsan, déné sinapa ing djanmi, sang retna anahoeri, doedoe manoengsa ragèngsoen, soen apsari ing syarga, araningsoen Mawangsasi, siram bèdji tinilar mring kantjaningwang.

Pada moelih mring kajangan, moeng ingsoen tan bisa moelih, déné klabèningsoen ilang, tan bisa miboer wijati, tan wikan ingkang ngambil, kang gébang rasoekaningsoen, balik sira manoengsa, déning wereoh marang mami, ngendi wisma lawan sapa aranira.

Ki djaka alon sahoernja, ja ing Taroeb wisma mami, raningsoen Kidangtelangkas, karjaningsoen ngambil peksi, lingsèn lang-lang wanadri, ing kéné wawengkoningsoen, mengko isi wanodya, soen begdja manggih apsari, lah soewawi wong ajoe soen gawa poelang.

Tamboeh sahoeré sang retna, semoené tjondong kang ati, mangkana osiking drija, baja ingsoen woes pinasti, mring batara linoewih, laki manoengsa abagoes, warna lir Kamadjaja, taroena temboengé manis, kang darbèni ing bèdji padoesaningwang.

Ki djaka sampoen kadoega, ing liringé Nawangsasi, ki djaka tjoetjoel rasoekan, belahtanten sora-sari, kantjingé kentjana di, lan wastra Keling pan aloes, ki djaka awetjana, lah pajo dandana jajé, enja iki sindjang samir lan rasoekan.

Alon anampani sindjang, Nawangsasi sarwi ngliring, lir Pasopati koemenjas, koemranjas kang dinoek liring, soeh rempoe tyas sang pekik, sang retna tyasnja koemenjoet, woes ngagem kang rasoekan, asalèndang rangkep samir, kadya Ratih ingiring hyang Koemadjaja.

Woes kéring dyah Mawangwoelan, lampahé datan kawarni, semana woes praptèng wisma, ni ronda boengah nglangkoengi, kang poetra angsal krami, widadari loewih ajoe, ni ronda bodjakrama, kang poetra dipoen bodjani, wong ing Taroeb anggili atoer pasoembang.

Jata

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Jata soeroep hyang baroena, kagentyan padanging sasi, Ki djaka ngimoer ing garwa, temboengé lir madoe gendis, koesoema Nawangsasi, mindel anèng djinemaroem, kraos sadjroning nala, pisah lawan jajah bibi, radyan djaka angling aroem kang wetjana.

Jam jam déwataning tilam, kang sawang retna ingoekir,oekiran retna koemala, pinoedya dadya apsari, panengran Nawangsasi, ja djimat moemoendraningsoen, soen teda marija bronta, ajwa kétang jajah bibi, moeng kétanga dasihé Kidangtelangkas.

Sang dyah ngliring semoe éwa, lir tatit amoelet ati, ki djaka namboet angaras, sang dyah méngo sarwi djiwit, kinoesya kenaning sih, Kidangtelangkas aloeloet, tangèh rengganing asmara, ing resmi datan kinawi, sampoen welèh ing resmi sami-samija.

Amrih gantjangé tjarita, prajogi pinoenggel kawi, tan winarna lamènira, dènira apala krami, sang retna anggarbini, mitjal kedèp noelja sepoeh, inggal dateng samaja, antarané sangang sasi, noelja babar wanodya ajoe warnanja.

Kang tjahja mantjoer goemilang, kadya poernamaning sasi,kang rama lintang sihira,kang poetra sinoeng kekasih, ni Kasijan wewangi, déning sami sih andoeloe, laminja tan winarna, ki djaka amomong siwi, ingkang poetra datan sah wonten ngembanan.

Joesyané rara Kasijan, apan saweg tigang sasi, ingemban dateng kang rama, marengi nangis kepati, sinoesoelaken aglis, mring iboené sang dyah ajoe, sang retna lagya betak, tan wonten rowangnja malih, ketanggelan kang poetra noedjoe wawratan.

Sang retna aris wetjana, mring kang raka sanga pekik, andika toenggoe dangdangan, nanging sampoen salah kardi, koela njeloek tyang èstri, mring lèpèn dangoe tan mantoek, sangdyah noelja loemampah, ngemban poetra marang kali, ngoembah popok sarwi anjeloek rowangnja.

Sampoen karsaning Hyang Soekma, kang raka dènnja nenggani, dangdangan ingkang tinilar, doemadak dipoen tiliki, kekeb siningkap noeli, dangdangan pinirsa soewoeng, tan mawi isi beras, moeng isi pari sawoeli, noelja inggal winangsoelken kekepira.

Anoelja kang garwa prapta, sarwi angemban kang siwi, woes mindel dènnja karoena, ingemban kang rama malih, binekta mring pendapi,

kawoewosa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kawoewoesa sangdyah ajoe, dangoe dènnja bebetak, akelan anggegorèngi, arsa noempak dangdangané meksih mentah.

Dènnja adang kamanoengsan, pantoen sawoeli pan meksih, sangdyah mérang djroning nala, déning sektiné tan dadi, éwah tresna mring laki, déning tan gega pitoetoer, poeroen ningkab dangdangan, mirangken sektining èstri, sangdyah ajoe noelja adang wos binebak.

Tan winarna lamènira, dènnja betak tjara djawi, langkoeng borosé kang beras,mawaning belah djro galih, telas kang beras pari,anjandak poesering loemboeng, toepoekané binoeka, rasoekan noelja kepanggih, glis rinasoek rasoekan Ontrakoesoema.

Noelja moedoen sang koesoema,sanget roentik ingkang galih, tan ènget mring poetranira, moeng kétang tjidraning laki, tan goegoe oedjar èstri, katitik ing doestanipoen, koembi njeler rasoekan, mila sangdyah sanget roentik, mit ing liki sarja ngaras ingkang poetra.

Ramané bèng lah kantoena, dèn bisa amomong siwi, kawoela mantoek kajangan, apan dika woes pinasti, akrama widadari, doratjara noelanipoen, remen akarja wirang, tan goegoe oedjaring éstri, woes pinasti dika pisah lan kawoela.

Kang raka angling mangrepa, apoeranen ingsoen goesti, lah tolèhen poetranira, sira tilar prijé mami, tan bisa momong siwi, kang garwa tjinandak loepoet, sang dyah mesat gegana, kang raka kantoen anangis, kawlasarsa sasambaté kadya wanita.

Goesti anggèr mirahingwang, kaja paran polah mami, réwang raré kaja ingwang, nora bisa dèn tangisi, sapa ingkang noesoni, baji pisah iboenipoen, lah gawanen poetranta, dimèné pandjang kang oerip, jèn woes gedé ingsoen ingkang amomonga.

Modjar dèwi Mawangwoelan, lamoen poetra dika nangis, karjakena pepanggoengan, si bèng dèn oenggahna aglis, basmija menjan poetih, lawan merang ketan woeloeng, koetoegna anèng ngandap, pesti jèn ingsoen noesoni, Mawangwoelan sampoen datan katingalan.

Mantoek dateng soeralaja, woes panggih lan widadari, Mawangwoelan gya tinoelak, tan kénging wor widadari, déning sampoen sisiwi, lan manoengswa wadak ikoe, dadya ananggoeng aras, mérang jèn wangsoela malih, kèndel madya wor kalawan parajangan.

Ki djaka Taroeb semana, saben kang poetra anangis, ngoenggahaken ing

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ing panggoengan, kinoetoegan menjan poetih, lawan dipoen koetoegi, geni merang ketan woeloeng, anoelja tinoeroenan, marang dèwi Mawangsasi, sinesepan kang poetra lara Kasijan.

Jèn kèndel noelja tinilar, marang dèwi Mawangsasi, kadoewoeng dyah Mawangwoelan, dènnja apamit ing laki, nanging tan arsa moelih, manggèn noenggil ratoe Kidoel, jata Kidangtelangkas, kantoen among poetra èstri, ingkang poetra dinandang pandjang kang joeswa.

D A N D A N G G O E L A.

Tan winarna laminé mong siwi, djaka Taroeb atapa angradja, apan sinambi tetanèn, boebak tegal myang goenoeng, dadya papan gagi lan sabin, toeloes dadya pahoeban, ki djaka ing Taroeb, kapirsa dateng sang nata, Brawidjaja Madjapait angidèni, dateng Kidangtelangkas.

Djaka Taroeb sinoengan kekasih, kyai ageng Taroeb ingkang nama, wenang angrèh matjepaté, koeneng ki ageng Taroeb, wonten ingkang winoewoes malih, poetrané sri narèndra, nenggih kang pinoepoe, dateng demang djoeroe sawah, sinoeng nama Bondankedjawan wewangi, djaka tanggoeng wajahnja.

Pan ingoegoeng mring ki djoeroe sabin, datan montra jèn poetra gadoehan, woes kadya jogané dèwé, sanget gènnja moemoeroek, liring karja wong among tani, amrih toengkoeling warta, drapon jya karoengoe, jèn poetrané sri narèndra, dema adjrih ing waleré sri boepati, jèn poetra ngantos wikan.

Doek semana kyai djoeroe sabin, arsa toenggoek marang ing kadatyan, pamit dateng atmadjané, lah karija nakingsoen, ingsoen arsa toemoenggoek mring poeri, modjar Bondankedjawan, bapa akoe miloe, akoe arep nonton gadjah, radyan Bondan datan kena dipoen penging, meksa toemoet adjaga.

Noelja mangkat kyai djoeroe sabin, radyan Bondankedjawan nèng woentat, awor lan poenakawané, sampoen prapta marga goeng, dyan kapetoek liman kekalih, sami arsa ginoejang, radèn aroeh-aroeh, sarwi anjelaki liman, liman kalih pirsa jèn poetra nerpati, moendoek-moendoek ing ngarsa.

Gya tjinekel telalèning èsti, djoeroe sawah penging ing poetranja,

nja, bagoes adja njekel tlalé, ikoe kagoengan ratoe, Jok koeningan marang sang adji, ki djaka sahoerira. Iki gadjahingsoen, drema ngingoe sri narèndra, radèn Bondankedjawan ginèndèng aglis, ladjeng dènnja loemampah.

Sampoen prapta padjagan ing poeri, radèn Bondankedjawan adolan, mring sitiloehoer parané, tan kènging dipoen aroeh, anoengkoelken mring djoeroe sabin, radèn mring sitibentar, pitana djinoedjoeg, aningali palenggahan, balé ranté ingoekir pinrada adi, nginggil mawi gamelan.

Sekardlima jèn moeni pribadi, pan serantjak tan mawi nijaga, anggending saking ing ranté,pranti semoewan praboe, Brawidjaja kala nimbali, mring sagoeng para radja, gawok kang andoeloe, ki djaka remen toemingal, balé ranté anoelja dipoen linggihi, nginggil gamelan moenja.

Moennja oemyoeng kapirsa sing poeri, kagyat mirsa praboe Brawidjaja, ing gendingé balé ranté, langkoeng doeka sang praboe, angandika mring loerah èstri, priksanen dipoen inggal, pinarakan ingsoen, sapa kang wani alenggah, déning balé ranté gamelané moeni, oemyang Sekardalima.

Amènggita nembah sigra midjil, aglis prapta ing balé witana, loerah gawok doeloe laré, warnané loewih bagoes, kembar lawan pangran dipati, semoe djrih Amènggita, alon dènja moewoes, manira dinoetèng nata, kinèn mirsa kang wani-wani alinggih, plenggahané narèndra.

Lah moedoena sira raré ngendi, lawan sapa djeneng pekenira, wani loenggoeh balé ranté, Bondankedjawan moewoes, iki balèningsoen pribadi, lagi sakétja lenggah, sarwi dèn joen ijoen, nora gelem moedoen ingwang, wis loengaha adja kakéjan baribin, doeta adjrih loemadjar.

Malbèng poera matoer mring sang adji, sampoen katoer rèhira dinoeta,sang nata lintang doekané, sagoeng mantri kang toenggoek, sami kinèn njekel sang pekik, goepoeh mantri kang djaga, dateng siti loehoer, ki djoeroe sawah oeninga, jèn soetané kang badé tjinekel mantri, kantjané tjinegatan.

Noelja moendoer kantjané pra mantri, djoeroe sawah marani soetanja, angarih-arih woewoesé, dooh anggèr anakingsoen, pajo sira

ngandikan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngandikan goesti, marang ing dalem poera,ki djaka gya moedoen, saking balé ranté sigra, malbèng poera ingirit ki djoeroe sabin, praptèng ngarsa narèndra.

Prapta nembah matoer djoeroe sabin, doeh poekoeloen atoer pedjah gesang, amba dahat ing lepaté, saking tiwas mong soenoe, tan ing ngidep woelang kang jekti, mèsem mata ngandika, jèn mengkono djoeroe, anakira loewih doegal, déning wani loenggoeh palenggahan mami, konen ngadji kang tebah.

Lah gawanen mring taroeb dèn aglis, anakira djoeroe pasrahena, kon moeroek toeloes tetanèn, amit nembah ki djoeroe, soetanira binekta midjil, woes prapta pagelaran, ladjeng lampahipoen, djoeroe sawah lan soetanja, prepat papat kang loemiring djoeroe sabin, lampahé gegantjangan.

Sampoen lepas dènira loemaris, woes kapoengkoer nagri Madjalengka, ngantjik ing Taroeb désané, adoh lor lawan kidoel, margi gawat dipoen langkoengi,semana lampahira, anoelja kapetoek, lawan djalma ambebègal, wong sekawan kang sami ngadang ing margi, ngagar bandol koelèwang.

Djoeroe sawah ingkang dèn tjegati, mring kang bégal ki djoeroe anoelak, ngadjak wangsoel mring poetrané, ki djaka datan poeroen, meksa mradjang dèn sekawani, binandol dyan loemempat, wangsoel narik doewoeng, meléla tanggoehé Djigdja, pareng nempoeh aramé dènira djoerit, satoenggil kinapatan.

Pan kapareng digdajané sami, datan wonten kang pasah ing bradja, dyan poenggel poetjoek doewoengé, kanggeg radèn amoewoes, asengara kang woeri-woeri, tan kénging ngagem mléla, ing satedakipoen, jata radèn binandolan, tan soeminggah anoelja males ambiti, wong papat kapisanan.

Radèn Bondan lawan djoeroe sabin, noelja ladjeng djoeroe lampahira, lestari praptèng parané, koeneng gantya winoewoes,kyageng Taroeb ingkang winarni, mangké sampoen wibawa, pretjaja ing ratoe, mretapa sarwi saréngat, among tani barang kang tjiniptа dadi, wikan dèrèng winarah.

Toeloes momong mring kang poetra éstri, pan ing mangké dyah

rara

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

rara Kasijan, roemadjapoetri wajahé, warnanja toehoe ajoe, ajoe loewih lir widadari, langkoeng dinama-dama, sakarsa ingoegoeng, jata kijageng woes wikan.lamoen wonten tamoe doetané nerpati, kinèn njantrèkken poetra.

Kyageng Taroeb gelar klasa noeli, ingkang poetra kinèn ngratengana, jata kasaroe datengé, ki djoeroe Madjalangoe, goepoeh noelja ngatoeran linggih, ki djoeroe sampoen lenggah, lawan kyageng Taroeb, ki djaka lenggah ing ngandap, lawan prepat kijageng Taroèb angliring, tan kilap lamoen poetra.

Kyageng Taroeb bagèkken kang prpti, matoer noewoen kyahi djoeroe sawah, noelja matoer ing lampahé, kyageng kawoela ngoetoes, dateng kangdjeng srinara-pati, kinèn masrahna poetra, anak koela djaloe, wasta poen Bondankedjawan, kinèn moeroek poetoesé wong among tani, soemongga djengandika.

Kyageng Taroeb anahoeri aris, noewoen neda sok dasar mrimaha, ing woeroek manira radèn, noelja modjar ki djoeroe, mring ki djaka aris aririh, gèr sira ngabektija, mring kijageng Taroeb, ikoe bakal goeroenira, gegentiné wong ngatoewa djaman ngakir, ki djaka noelja nembah.

Ngaras pada rinangkoel agipih, mring kijageng noelja kinèn lenggah, soemanding anèng ngarsané, kijageng aris moewoes , kaki bondang sira soen alih, boewangen namanira, soen paring djoedjoeloek, Lemboepeteng pan prajoga, ngèmper-émper tedak toeroen Madjapait, ki djaka toer sandika.

Kyageng Taroeb nimbali kang siwi, ni Kasijan glis-prapta neng woentat,kang rama alon delingé, doeh nini soen soeng weroeh, ikoe kakangira kang prapti, sanès iboe lan sira, mentas ngadji rawoeh, nini sira bagèkena, kakangira adja taha-taha nini, wong dasar kadang toewa,.

Dyah Kasijan ambagèkken ririh, lah bagéja kakang praptanira, ki djaka éwoeh sahoeré, aneda sarwi mantoek, tyas koemesar kadya djinahit, rahadyan ngemoe bronta, doek mirsa sang ajoe, kijageng mirsa semoenja, ris ngandika sesoegoeha sira nini, marang tetamoenira.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ni

Ni Kasijan goepoeh atjetjawis, sekoel oelam tinata ngrampadan, sampoen soemekta sadjiné, winedalaken goepoeh, pra pawongan samya ngladèni, ambeng sampoen tinata, kijageng amoewoes, neda kakang djoeroe sawah, awidjika lawan poetraningsoen kaki, pajo kemboel adahar.

Matoer noewoen pan samya awidjik, kyageng Taroeb ngètjani tamoenja, adangpe dahar sekoelé, ki djaka pan toemoengkoel, dyah liniring marang sang pekik, mangkana osiking tyas, paran polahingsoen, lamoen ora kelakona, soen kapanggih lawan poetrané djeng kyahi, tan woeroeng mati bronta.

Sampoen tita dènira amboekti, linorodan marang wonganira, njepeng sedaloe tamoené, lega tyasé ki djoeroe, jèn kang poetra badé ingambil, mantoe lamoen sembada, lawan sangdyah Taroeb, nanging sinamoen kang rembag, moeng ki djoeroe ingkangdipoen bibisiki, dateng kang maha tapa.

Kawarnaha kawoewoesa èndjing, noelja pamit kyahi djoeroe sawah, woes mangkat lawan perpaté, moeng satoenggil kang kantoen, poenakawanira sang pekik, ki Soma aranira, bodoné kelangkoeng, ki djaka tansah winoelang, mring kijageng saliré pratingkah betjik, langkoeng sihé poepoetra.

Apan kadya poetrané pribadi, dènira sih loentoer kang pawoelang, agal lemboet woetah kabèh, Lemboepeteng djrih loeloet, mring kijageng sawoelang ngenting, saketjap tana itjal, saja sih sang wikoe, lawan kang poetra wanodya, pan winoelang kinèn sih kadang sang pekik, bangoentoeroet sang retna.

Toemoet asih dateng sanga pekik, ni Kasijan tana darbé njana, jèn radèn pepatjangané, dèn aken kadang sepoeh, dipoen njana kadang sajekti, jèn dahar toenggil adjang, kirang sareng tandoek, nging radèn anahen bronta, rinten daloe tan lijan katjiptèng ati, moeng sihira kang rama.

Panedané pinanggihna noeli, lan kang raji dyah rara Kasijan, tan kelar nahen brangtine, laminja tan winoewoes, Lemboepeteng nahenken brangti, manggoeng toemoet ababat, nèng pagaganipoen, sonten mantoek èndjang késah, karja nglipoer brangtanira pinrih lali, malah saja geng bronta.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

A S M A R A D A N A.

Saking sangeté kang branti, soepé dahar lawan nèndra, sipeng wonten pagagané, wonten goeboeg datan nèndra, sedaloe natas rina, radyan minggoe tanpa moewoes, moeng sang dyah katjiptèng nala.

Panakawané sawidji, Boesoek tan betah ing nglapa, byar rahina sambat ngelèh, noelja pamit mring goestinja, mantoek doemateng wisma, panggih lawan koesoema joe, matoer sadaloe tan boegtya.

Myang radyan datan amboekti, atengga pandjan pagagan, sedaloe datan asaré, jata kijageng amirsa, atoeré perpat Soma, ngandika mring poetranipoen, nini sira angirima.

Kakangira nora moelih, sawengi toenggoe pegagan, pesti aperih atiné, sira dèwé angirima, marang ing kakangira, dèn idep mring kadang sepoeh, ikoe gegentining bapa,.

Sangdyah noelja ngreratengi, ginelak dènira adang, woes soemekta mèntar agé, angirim marang pegagan, ingiring kang pawongan, sekawan waoe kang toemoet, bekta soemboel lawan doelang.

Kang sawidji bekta kendi, malih doelang rerampadan, tan winarna ing lampahé, sang retna praptèng pegagan, panggih lawan kang raka, sangdyah lenggah anèng goeboeg, sang retna noelja ngandika.

Kakang alinggija dingin, kakang sira adahara, mengko toemandanga manèh, ki djaka anoelja lenggah, soemanding mring Kasijan, sarwi njandak astanipoen, kinipatken mring sang retna.

Sangdyah angling èsmoe roentik, karemoe anjekel tangan, nora pesadja loenggoehé, ki djaka mèsem ngandika, kaliroe arèningwang, ingsoen arsa njandak keloet, kaliroe ing astanira.

Jaji adja sira roentik, nadyan ingsoen anjekela, mring astané kadang anom, kadang toewa pan woes wenang, ingsoen gentining bapa, wenang ngemban gèndong ingsoen, menawi sira amolar.

Raji adja sira roentik, dèn loeloes asih ing kadang, bener sira ngirim mring ngong, perih temen atèningwang, sedaloe akaripan, anèng goeboeg tanpa toeroe, asrep kèh lemoet memongsa.

Sang retna welas ing galih, aglis medalken kiriman, sekoel kalawan oelamé, woes tata ing ngarsa radyan, anoelja widjik radyan, alon ngandika sang bagoes, jaji pajo bareng dahar.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ni Kasijan anoeroeti, noelja widjik toemoet dahar,anglegani ing karsané, nging radyan tansah angangkah, noeroeti brangtanira, dènnja dahar dèn dedangoe, ngepel sekoel palerédan.

Api kasereten boekti, kepel tinoetoelken sang dyah, kénging kang kiwa pipiné, sangdyah kagèt wisan dahar, radyan dahar kepélan, pan sarwi soeka goemoejoe, mari seret soen adahar.

Ni Kasijan èsmoe roentik, mérang toemingal ing radyan, sang dyah sanès grahitané, basakena kakang emas, djaréné kadang toewa, déné noetoel pipèningsoen, kaja wong mendem polahnja.

Pantes doedoe kadang jekti, déning noetoel pipèningwang, lir noetoel pipi bodjonè, sanggoepé angakoe kadang, polahé anjaloentang, soen toetoerna ramaningsoen, pesti djaboet goeloenira.

Sang dyah siroeng dènnja nglirang, ki djaka awas toemingal, jèn sang dyah roentik djro tyasé, arsa rinangkoel sang retna, sang dyah ngèndrani medal, saking goeboeg gya loemajoe, ladjeng mantoek tilar rowang.

Pawongan kalih noetoeti, toemoet mantoek mring goestinja, ki djaka getoen manahé, kawangoeran mring sang retna, getoen ing polahira, tan wandé sang retna wadoel, marang sang radja pandita.

Ki djaka tan sahé moelih, mérang dateng sang koesoema, pawongan woes kinèn moelèh, daharan samya tinilar, koeneng gantya winarna, woewoesen sang dyah kang mantoek, marek ngarsané kang rama.

Matoer wadoel sarwi nangis, atoeripoen pegat-pegat, peksa ginoegoe ramané, ing poerwa praptèng woesana, atoeré sang koesoema, kang rama mèsem amoewoes, nini adja rondah ing tyas.

Noeroeta oedjar kang betjik, wroehanira bener sira, ki djaka ikoe jektiné, doedoe kadangira lanang, ikoe poetraning nata, radja poetra Madjalangoe, angèngèri marang sira.

Pantes bahé lamoen wani, anggegondjak marang sira, djer woes lawas anèng kéné, anganti bilahènira, ing mengko nini sira, woes diwasa poetraningsoen, sedengé mawija krama.

Akramaha sira nini, lawan pepatjanganira, Lemboepeteng poetra radjèng, pira-pira nini sira, anaking doeda papa, kinarsan ing poetra ratoe, sasat sira krama déwa.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sang retna mindel tan angling, osiking manah mengkana, kadèkmèné si wong kahé, sembrana angarah prana, wong oewis olèh prèntah, katoedjoené tjangkemingsoen, nora moeni njanjah njoenjah.

Kang rama waskitèng galih, angliring mring poetranira, dimoega pareng semoené, menengé semoe grahita, toemoengkoel njarik lemah, sarwi ngoetk djempol soekoe, pratonda poeroen akrama.

Koeneng kang tinari krami, oetjapen wahoe ki djaka, tinimbalan mring ramané, woes prapta anèng ing ngersa, kijageng angandika, Lemboepeteng poetraningsoen, soen titip mring arènira.

Adjata kapara tebih, arinira ni Kasijan, prajoga karjanen djodo, nging dèn sabar kaki sira, akrama meksih botjah, meksih banget bodonipoen, ki djaka noehoen toer sembah.

Kalangkoeng noewoen kapoendi, kawoela pinaring djimat, moestika retna di kaot, dadosa djimating gesang, donja praptèng delahan, kijageng soeka tyasipoen, mirsa atoeré ki djaka.

Noelja kijageng nimbali, dateng koela warganira, sami kinèn asesahos, pasang tratag tetoewohan, lan kinèn amemadjang, aglis toemandang sedaroem, soemekta kang pepadjangan.

Pan ladjeng midadarèni, koemendoeng kang pepadjangan, lir kasyargan asri timon, koemoetoeg koekoesing menjan, winoran koekoes merang, ketan ireng koekoesipoen, kinarja ngoendang kang garwa.

Sang koesoema Nawangsasi, tana dangoe noelja prapta, manggihi marang poetrané, koesoema rara Kasijan, anoelja pinahèsan, panganggyané adi moeroeb, boesana saking kajangan.

Gandanja amrik aminging, sangdyah wimboeh ajoenira, kadya moertja sapandoelon, gawok kang sami toemingal, marang lara Kasijan, déning tanana kang weroeh, dènira salin boesana.

Sawoesira dèn pahèsi, koesoema rara kasijan, pinasrahken mring ramané, modjar dèwi Nawangwoelan, ramané bèng mréné ja, lah iki soesoembangingsoen, kang woes kanggo anakingwang.

Andika panggihken noeli, ajoen mirsa mantoe dika, jèn woes panggih ingsoen moeleh, kijageng aris ngandika, soen sidep moelih sira, pada momong anak mantoe, soen lawas nganti sihira.

Modjar dèwi Nawangsasi, kijahi ngong datan kena, jèn toenggala manoengsané, loehoeng silih kang manoengsa, kena toenggal lan ing-

wang,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wang,kang raka malih amoewoes, ja ingsoen miloe ing sira.

Kang garwa aris mangsoeli, gih bèndjang kawolà bekta, jèn sampoen momong wajahé, boeh emboeh iangkang rinasan, lah poendi mantoeningwang, oetjapen wahoe sang bagoes, apan sampoen rinesikan.

Binoesanan adi loewih, anganggé radja kapoetran,kentjana rètna di kaot, moentjar mantjoer kang oedjwala, dasar bagoes oetama, karengga boesana moeroeb, sirna kamanoengsanira.

Lir Kamadjaja lan Ratih, kang moelat samya kasmaran, woes boesana sira radèn, ngangdikan dateng ngajoenan, praptèng ngandap teratag, sang dyah pinetoekken goepoeh, kinanti mring iboenira.

Kijageng ngandika manis, mring kang poetra radyan djaka, lah pondongen poetraningong, gawanen lenggah ing tilam, rahadèn awotsekar, moelja pinondong sang ajoe, binekta mring tilam-sekar.

Sedaja woes tata linggih, atarap kang koela-wongsa,sami manggihi temantèn, moelja bodjakrama medal, djawi lebet kawratan, bodjakramané pan agoeng, soeka sagoeng koela-wongsa.

Pengantèn adjadjar linggih, lir Ratih lan Koemadjaja, kang moelat bronta manahé, bangoentoeroet ni Kasijan, kinèn sareng adahar, lawan kakoengé sang bagoes, sang retna noeroet kéwala.

Dasaré woes wanoeh dingin, milané tan mawi wirang, amoeng ngantosi idjahé, woes tita kang bodjakrama, moendoer ngrebat sedaja, Nawangwoelan amit mantoek, sapandoelon moelja sirna.

Kijageng kantoen abrangti, angiwa doemateng sanggar, tansah amoedja Hyang Manon, toeloesé kang poetra kenja, dènira palakrama, ènggala poepoetra kakoeng, kinahota ing sesama.

Ni Kasijan semoe kingkin, priksa semoené kang rama, kasmaran marang iboené, mindel datan angandika, wonten ing djinem sekar, kang raka ancelja ngimoer, aroem widjiling kang wetjana.

Jèn sekara mirah goesti, sekar Dèwadaroe syarga, kang oewit emas goeligèn, kang patra soewasa moelja, pradapa mirah séla, kang pentil inten djoemeroet, oewoh dadi dyah Kasijan.

Lemboepeteng kang doewéni, soen karja djimating gesang, wong ajoe gèn koela ngènger, kang esih adoewé kadang, sampoen tanggoeng mas mirah, amoepoe wong kawlasajoen, poen kakang angèstoe pada.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sangdyah ngliring sarwi angling, gandes temen amitjara, ing sadjagat mongsa toemon, oedjaré angakoe kadang, soen kirim njekel tangan, wereoha lamoen gadeboes, mongsa soen gelem ngirima.

Kakoengé mèngsem ngarasi, sangdyah mèngo njengkah djadja, sinamboet tangis tan polèh, pinangkoe sang dyah kalesan, polah pongah pangihan, geloeng lockar lajon mawoer, riwé midjil atoerasan.

Tangèh rengga ing aresmi, sinamoen sami kerasa, pinoenggel lami kandané, lintang sih apala krama, laminja tan winarna, ngidam kaworan sang ajoe, ri sedengé pepasihan.

Nengena ingkang karon sih, gantya ingkang winoertjita, ing Poelèmbang winiraos, Sang dipati Arja Damar, lintang moekti wibawa, soegih donja garwa soenoe, garwanja ingkang pangarsa.

Tarimanira sang adji, Erawidjaja Madjalengka, poetri Wandan kang woes bobot, apan sampoen pitoeng tjondra, soepena mangkoe woelan, marma binoetjal mring praboe, menawa ngrebat kedatyan.

Tinrimakken sang dipati, wineling marang sang nata, jèn dèrèng babar poetrané, tan kalilan anoenggila, atjarem satjoembana, ing mangké woes babar kakoeng, warna bagoes toer prawira.

Radèn Patah kang wewangi, ambegé ngoemala retna, belaba adil dasihé, sabar soesèla ing krama, tan wonten rengatira, amlasasih bangoen toeroet, sahoedjaring iboenira.

Kang iboe tinoetoer malih, mangké sampoen apatoetan, lan dipati Poelèmbangé, kakoeng bagoes warnanira, agagah toer prakosa, radèn Timbal namanipoen, sami gengé lan kang raka.

Radèn Patah langkoeng asih, dateng kang raji dyan Timbal, tan montra sanès ramané, pan kadi toenggil sajajah, kang raji noeting raka, sami ngaos remen ngèlmoe, moewah sastra Djawa Arab.

Kekalih lantip ing galih, inggal poetoes ing aksara, kang rama lega djro tyasé, poetra kalih bek rahardja, semana tinimbalan, mring kang rama kalihipoen, woes moenggèng ngarsa dipatya.

Angandika sang dipati, Patah Timbal poetraningwang, soen toetoeri sira angger, adja toengkoel oelah sastra, ngaraha kawibawan, sandinga kang begdja koeloep, ing Poelèmbang magangana.

Lah manakawana kaki, mring sang nata Madjalengka, ikoe kang misésa angrèh, mring sagoeng radja dipatya, ing Sabrang moewah Djawa.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wa, sira Patah djatènipoen, ja atmadja Brawidjaja.

Marma dadi poetra mami, katoet marang iboenira, tinarimakaken mring ngong, lagi wawrat pitoeng tjondra, marmané iboenira, tinamakaken mring soen, selaminé ngandoet sira.

Asring kèmpi mring sang adji, katingal ing iboenira, amangkoe remboelan gedé, saben ing dina Kasidjan, sang nata ja toemingal, watiring nala sang praboe, jèn sira toeloes adadya.

Dadya poetraning nerpati, bok ing tembé ngreboet poera, ngalahhaken ing poetrané, kang bakal goemantya nata, anèng ing Madjalengka, Bondansoerati ranipoen, kang midjil garwa pangarsa.

Ja wis bedjaningsoen kaki, koedoe doewé poetra sira, ja sira soen gadang tembé, gentèni kapraboningwang, mangkoewa ing Poelèmbang, djer sira poetrèngsoen sepoeh, moeng soen titip arènira.

Lamoen datan antoek kang sih, marang kangdjeng sri narèndra, arènira kaki radèn, wadjib sira ngingonana, oetawa kaki Timbal, dèn idep ing anomipoen, poetra kakih sareng nembah.

Dyan Patah gardjitèng galih, ngraos jèn widji binoetjal, dateng rama sanga katong, pinoepoe kang rama Plèmbang, dahat penlangsanira, mring Jyang Soekma ingkang agoeng, tan angraos darbé djiwa.

Lan kétang sih sang dipati, paran gènnja amalesa, dènja momong selaminé, kawit saderèng binabar, malah praptèng diwasa, ing mangké asoeng pitoetoeh, rahadèn datan lenggana.

Rahadèn kalih noelja mit, agantya mangaras pada, sinangonan poetra karo, sotya retna dinar dirham, doemateng iboenira, emban perpat kinèn toemoet, wong kalihdasa toet-woentat.

PANGKOER.

Radèn kalih woes loewaran, saking Plèmbang nitih bahita koenting, wong kalihdasa kang toemoet, sami naking boepatya, sampoen lajar ing marga datan winoewoes, woes lepas lampahing palwa, Poeèmbang sampoen kawingking.

Sampoen prapta poelo Djawa, radèn kalih noelja mentas pasisir, ing Tjarebon sampoen rawoeh, panggih lan pangeran Modang, radèn kalih tinakénan karsanipoen, pan sami matoer pra setya, jèn arsa

mring

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mring Madjapait.

Pangéran Modang waskita, lamoen radyan Patah badé narpati, radèn sinemon ing goejoe, pan kinèn poerochita, dateng Ngampèl agampang jèn dadi ratoe, dahat noehoen radèn Patah, ing semoené pangran Mragi.

Sedaloe naré djro poera,radèn kalih djeng pangran langkoeng asih,akatah wawangsitipoen, prasetya ngangken kadang, jata èndjang noelja pamit sanga bagoes, radyan kalih sinangonan, woes midjil saking djro poeri.

Radèn ladjeng lampahira, lampah darat nglangkoengi wana woekir, wong kalihdasa tan kantoen, woes lepas lampahira, anglangkoengi wana Roban wastanipoen, akatah ingkang bebégal, sarwa singa senoek djalmi.

Awerit kagila-gila, wana Ngroban kèh demit ngadang margi, akatah panggodanipoen, nging radèn datan kéwran, apan ladjeng ngétja-étja lampahipoen, noelja wonten tijang bégal,sekawan angadang margi.

Pengadjengé kang satoenggal, teksih djaka poen Wana wastanèki, ing Salam wastanirèkoe,lola tan darbé bapa, laré jatin nging digdaja tegoeh timboel, jèn angsal donja bebégal, sinoengaken djalma miskin.

Tan remen rerawat doenja, amoeng remen ginoenggoeng wani mati, jèn bebégal djalma langkoeng, remen bégal wong katah,radèn Patah kalihdasa rowangipoen, ingandekken wong sekawan, radèn Patah mandek angling.

Sira ikoe arsa apa, wong sékawan angandeg wong loemaris, ki Wana sigra soemahoer, soen djaloek sangonira, soen wèhaken marang wong meskin kelangkoeng, mesakaké nora mangan, teloengané sira soegih.

Radèn Patah aris modjar, bener sira ingsoen keloewih soegih; radèn ngambil oesoes-oesoes, kang isi dirham dinar, ingoeloengken mring ki Wana kang soes-oesoes, ki Wana mindel tan obah, akantjilen datan angling.

Wong sekawan tanpa ngoetjap, mitenggengen bingoeng tan wroeh ing djalmi, radèn Patah noelja langkoeng, sarowang sampoen liwat,

pan

pan antawis sahondjotan tebihipoen, ki Wana sarowangira, émoet oeninga mring djalmi.

Telas manahé ki Wana, ngoetjap tobat bégala malih-malih, wong sekawan noelja noesoel, loemiring Raden Patah, sami matoer asrah tobat mring wong bagoes, lawan asrah djiwa raga, séparan-paran loemiring.

Radèn Patah angandika, soen tarima ki Wana miloe mami, sira soen wèhi djoedjoelock, arana Wanasalam, déning sira Wanasalam asalipoen, ki Wana matoer sandika, sakarsa dateng nglampahi.

Woes ladjeng sami loemampah, Wanasalam ngawoela mring sang pekik, separané datan kantoen, woes lepas lampahira, tan winarni laminja anèng marga goeng, woes ngantjik telatahira, negara ing Madjapait.

Kantoen lakon tigang dina, doegènira mring nagri Madjapait, semana rarjan marga goeng, radèn Patah ngandika, mring kang raji jaji Timbal arèningsoen, pajo pada pandoem lampah, sira bandjoera angaldi.

Marang natèng Madjalengka, amaganga menawi antoek kardi, adja walangati mring soen, magangana Poelèmbang, mapan sira ingkang doewé warisipoen, déning jaji karsaningwang, noetoegken angadji santri.

Kang raji noengkemi pada, sroe karoena sambaté amlasasih, raka ngling sarja angrangkoel, jaji ajya karoena, lah goegoenen amrih ardja oedjaringsoen, lamoen ingsoen sareng magang, lan sira ngèwoch-èwochi.

Déning wong kang kalihdasa, ja gawanen mring nagri Madjapait, woes tita dènnja pitoetoer, kang raji kinèn mangkat, amanembah kang raji mangkat karoehoen, lawan perpat kalihdasa, lampahé mandek anolih.

Woes antawis sahondjotan, kang loemampah sigra radèn loemaris, Wanasalam kang toet poengkoer, lawan emban satoenggal, radèn Patah mring pasantrèn karsanipoen, pan arsa mring Ngampèldenta, woes lepas dènnja loemaris.

Koeneng

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Koeneng waoe kang loemampah,kawarnaha djeng soenan Ngampèl-gading,sampoen lami dènnja doekoeh,mangké sampoen atengkar,soegih poetra ardja padoekoehanipoen,agemah dadya nagara,katah ingkang sabat moekmin.

Poetra kang sepoeh mretapa, angaloewat angsal tjatoerdasa ri, tinarima ing Hyang Agoeng,kongas mangonahira, dadi ratoe walijolah toer pinoendjoel, wenang angreh pra olija, praboe Satmata wewangi.

Ngadaton ing Giri poera, para moekmin kèh prapta goeroenadi, lawan malih arènipoen,sèh Bentong aranira, pan djoemeneng soesoenan negari Koedoes,arinè ingkang pendada, djoemeneng ing Woerjagiri.

Nama Maoelana Iskak, poetra Ngampèl kang èstri tan winilis, jata malih kang tinoetoer, kangdjeng soesoenan Bonang,tan poepoetra nedya wadat karsanipoen, malah pagas kelanangan, dadya doeweng poesaka dji.

Kalamoenjeng wastanira,pinaringken dateng soesoenan Giri, jata malih kang winoewoes, oetjapen radèn Patah, sampoen prapta ing Ngampèl panggih sang wikoe, sang wikoe sampoen waskita, salirèngkang lagya prapti.

Pan ladjeng ingambil poetra, pinanggihken lawan kang poetra èstri,tan winarna panggihipoen, atoet apalakrama, soenan Ngampèl langkoeng sih dènnja soesoenoe, woes wikan gaibing soekma, jèn radèn badé nerpati.

Semana rahadèn Patah, ingandikan sarimbit moenggèng ngarsi, angandika sanga wikoe, doch Patah poetraningwang,ingsoen toedoch margané sira linoehoer,mèntara ngalas Bintara, ngoepajaha glagah wangi.

Jèn katemoe wismanana, doedoekoeha dèn tetep angimani,bokmenawata tinemoe, djangdjiné ing Bintara, amiwiti keraton Islam ing ngajoen, dèn asih marang olija, moeli ngadegena masdjid.

Kang poetra matoer sandika, noelja amit ngaras pada ngendjaji, myang kang garwa kinèn toemoet, woes amit atoer sembah,noelja lèngsèr saking ngarsané sang wikoe, pan ladjeng loemampah darat,ngalèr ngidoel aloemaris.

Sampoen lepas lampahira, tigang dina praptèng Gelagahwangi, wana Bintara gyanipoen, gandanja mrik angambar,manggih bèdji resik

wening

wening tojanipoen, ing ngrikoe kang binabadan, kinarja doekoeh aradin.

Radèn Patah noelja babad, Wanasalam sarowangé boebaki, papan kadaton tinepoes, laminja tan winarna, sampoen ngreda rahadèn dènnja doedoekoeh, katah kang prapta ngawoela, sèwoe katahé kang dasih.

Oemah woes dadya negara, ing Bintara saja katah kang prapti, kiwa tengen désa soewoeng, katah kang wismèng Bintara, noelja katoer dateng praboe Madjalangoe, jèn mangké wana Bintara, ageng ingkang ponang baris.

Tan sowan mring Madjalengka, malah ngiroep padésan teloek sami, koeneng woewoesen sang praboe, nalèndra Madjalengka, sijoembara mring dasih sapa kang sanggoep, anjekel baris Bintara, mingkoeh wadya Madjapait.

Oetjapen poetra Poelèmbang, radèn Timbal sampoen katoer sang adji, katrima pamagangipoen, kinarja loerah magang, ananggoepi sajembaraning sang praboe, rahadèn noelja ngandikan, kinèn anjekel kang baris.

Rahadèn sampoen loemampah, sakatjané wong magang ageng alit, woloeng dasa katahipoen, sakoela wangsanira, pan ketjatjah gangsalatoes kang atoemoet, soemekta sagegamanja, woes lepas dènnja loemaris.

Ing marga datan winarna, lampahira Bintara sampoen prapti, radèn Timbal kang loemeboe, marang sadjroning koeta, ingkang wadya kalihdasa datan kantoen, katoer dateng radèn Patah, jèn poetra Plèmbang kang prapti.

Dyan Patah noelja parèntah, marang wadya tan kénging lamoen djoerit, kinèn ngiwa maring poengkoer, noelja midjil dyan Patah, glis kapetoek ingkang raji datan pandoeng, dyan Timbal noelja loemadjar, ngrangkoel pada sarwi nangis.

Sesambaté amlasarsa, doch kakangmas boten njana kepanggih, kawoela lan kadang sepoeh, toedjoenipoen tan aprang, ingkang raka angrangkoel ing ngarènipoen, woes tita dènnja karoena, anoelja tata alinggih.

Kang

Kang raji matoer anembah, pan kawoela ingoetoes mring nerpati, kinèn njepeng baris agoeng, dé tan séba ing nata, goenging wadya datan wonten ingkang sanggoep, amoeng kawoela kang sagah, anjepeng ingkang abaris.

Tan njana jèn kakangemas, ingkang karja baris Bintara mangkin, kang raka aris amoewoes, tan nedya baris ingwang, moeng roemeksa ababat wana kang soewoeng, ardjaning kagoengan nata,kang soewoeng soen poerih isi.

Kang raji matoer anembah, doeh kakangmas loewoeng sowan sang adji, Bintara sahé tinemboeng,dateng rama pandoeka, inggih koela ingkang matoer ing sang praboe , jèn priksa dateng pandoeka, pesti ènget darbé siwi.

Kang raka lega tyasira, pan keraos aleres ingkang raji, rahadèn ancelaja toemoet, sowan mring Madjalengka, para moekmin modin pekir santri toemoet, radèn Timbal noelja boedal, saking demak boebar moelih.

Tan tebih lawan kang raka, radèn Timbal samargi goenem pikir, tan wonten soelajanipoen, ladjeng ing lampahira, goenging wadya sami lega manahipoen, déning wandé apaprangan, kang mengsah ladjeng loemiring.

Ing marga datan kawarna, lampahira glis praptèng Madjapait, noelja katoer mring sang praboe, rahadèn tinimbalan, sri malèndra sampoen mijos siti loehoer, sinéba poetra sentana,paglaran pepak kang mangkil.

Sagoeng kang para poenggawa, pra dipati toemenggoeng lawan mantri, melandang lan para empoe,patih Gadjahpramada, ingandikan kalawan kang lagya rawoeh, woes moenggèng ngersa narèndra, tiga sareng awotsari.

Dyan Timbal matoer anembah, doeh poekoeloen patikbra atoer oening, kang tinarka baris agoeng, dédé lijan berajan, gih poen kakang radèn Patah namanipoen, toenggil bijang sanès bapa, lan kawoela sang nrepati.

Midjil saking poetri Wandan, babad wana ngisènan djalma santri, sagoeng ingkang wana soewoeng,sampoen kaisèn djalma,ardjanipoen soemongga katoer sang praboe, poen kakang darmi tetengga, moeng

klilara

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

klilana karja masdjid.

Noewoen tetep gama Islam, angajoemi didalem tijang pekir, jata waoe sanga praboe, noelja moendoet tingalan, woes liniring ningali wajanganipoen, sinami lan radèn Patah, toehoe kembar ingkang warni.

Sang nata noelaja ngandika, lah bagéja soetèngsoen kaki santri, radèn nembah matoer noewoen, kapoendi ing mastaka, sih padoeka palakrama kang doemawoeh, sang nata malih ngandika, ja Patah ingsoen idèni.

Sira ababad ing wana, mengko ardja isi wong gama soetji, pada madep marang ingsoen, ja sira ingkang momonga, lawan sira arana dipati moenggoeh, soen arani Natapradja, ing Demak Bintara nagri.

Ja tetepa gama Islam, sesenengan pan ingsoen tan nglarangi, rahadèn kelangkoeng noewoen, pan sarwi awotsekar jata malih angandika sanga praboe, ki Timbal soen djoendjoeng lenggah, ing Teroeng aran dipati.

Saroepané botjah magang, oenggahena moerwaten kang lelinggih, jèn woes tata kang loeloenggoeh, noeli pada moelia, toer sandika kang liningan awotsantoen. tita karsané sang nata, sigra kondoer mring djro poeri.

Sapraptanirèng kadatyan, mring nalèndra pinetoek pramèswari, sareng lenggah sanga praboe, soeng wikan mring kang garwa, niskarané ing poerwa woesanipoen, koeneng malih kawoewoesa, kang séwa loewaran sami.

Sang dipati ing Bintara, sampoen amit dateng kijana patih, tanapi dipati Teroeng, woes sami brerangkatan, koer-oengkoeran mring Demak lawan ing Teroeng, sawadya santri pan soeka, slawatan samargi-margi.

Koeneng kang angsal noegraha, tan winarna prapteng ing negari, jata gantya kang winoewoes, kotjapa poetra Toeban, sèh Melaja kang mardika mring Hyang Agoeng. kalintang bronta Hyang Soekma, tan nolih ing anak rabi,.

Saenggèn-enggèn mantapa, nider ing rat angikis wana woekir, nenepi goewa kang samoen, goeng goewa linebetan, myang pasantrèn

sedaja

sedaja djinadjah sampoen, sampoen tinrima ing Soekma, tan samar ing tingal gaib.

Semana ngidèri djagat, sèh Melaja ngoebengi ing pasisir, sampoen prapta pasir kidoel, menangi djanlma tapa, wonten goewa goewa Langsé wastanipoen, nenggih namané kang tapa, sèh Maoelana Mahribi.

Sampoen lami amartapa, wonten goewa pitekoer tanpa moeni, ngantos gimbal rémanipoen, kenaka ting tjelangkrang, tanpa njandang tjawetipoen adjoer renjoeh, sèh Melaja gawok moelat, kaélokaning Hyang Widi.

Mangkana osiking drija, loewih temen kélokaning Hyang Widi, kang tapa sandangé moemoer, koekoe rémané pandjang, tanpa mangan soeprandéné tanpa lampoes, loewih temen kinasihan, mring Hyang Soekma maha soetji.

Raja ngendi pinangkanja, kang martapa ragané dèn sakiti, kang tapa angling djro kalboe, déning tamboeh tanaja, sèh Melaja adja ngrègoni maring soen, tan kober napa ing sira, lagi ngandikan Hyang Widi.

Sèh Melaja datan samar, ing mosiké kang tapa woes oedani, ngaos kasoran pandoeloe, kalochoeraning tjipta, sèh Melaja saking goewa noelja moendoer, lestari ing lampahira, noeroet èrèng-èrèng woekir.

Woes lepas dènnja loemampah, sèh Melaja prapta nagri ing Cragi, kèndel wonten ing loeloeroeng, noedjoe mergi prapatan, sesaréjan ambatang madyaning loeroeng, dakaré ngadek lir gana, wong liwat sérang mingali.

Katoer dateng pangran Modang, lamoen wonten tijang tilem ing margi, angadek klananganipoen, pangran noelja parèntah, mring pragarwa kinèn goda kang nèng loeroeng, garwa sekawan woes dandan, oslaté lindri amanis.

DANDANGGOELA.

Garwa kapat semana woes midjil, praptèng loeroeng pernahé kang nèndra, ginoegah aning ngenggoné, sedaloe wonten loeroeng, garwa tjatoer anggoda ganti, nanging datan kagoda, ingkang tapa toeroe, kalanangan

kalanangan dadya nèndra, amangkeret amoenting satjabé aking, pra garwa moendoer mérang.

Praptèng poera oematoer mring laki, toer oeninga solahé anggoda, tan pepajon panggodané, malah dakar kang woengoe, dadya aloem satjabé aking, djeng pangran anggrahita, jèn wali kang tidoer, djeng pangran Modang toemedak, dateng loeroeng ingiring goeng para santri, praptèng gyan sèh Melaja.

Oeloek salam pangéran doek prapti, sèh Melaja katoer ingkang salam, nanging taksih étja saré, djeng pangran dadya toenggoe, wonten marga pan sapta ari, noelja woengoe kang nèndra, sesalaman sampoen, sèh Melaja aris nebda, mara ngantoek kelajon anèng ing margi, tan idep jaji prapta.

Matoer noewoen pangran Woekirdjati.doeh kakangmas soewawi katoeran, kamplr dateng djrò kedaton, sèh Melaja amoewoes, soen tarima sihira jaji, poen kakang boedjoeng lampah, apan arsa ladjoe, anoesoel mring goeroeningwang, panembahan soenan Pénang moenggah kadji, lah wis karija moelja.

Sèh Melaja pan ladjeng loemaris, pangran Tjarbon koendoer angedatyan, lintang ngoengoen ing djro tyasé, koeneng ingkang winoewoes, sèh Melaja kang arsa kadji, sampoen nabrang segara, poelo Oepih rawoeh, lampahé noelja kepapag, lawan esèh Mahoelana Maharibi, sèh Mlaja tinakonan.

Kaé djebèng arsa marang ngendi, déning sira anjabrang segara, sèh Melaja lon atoeré, manira arsa nglangoet, marang Mekah amoenggah kadji, angling sèh Mahoelana, bebakal sirèkoe, wong wis antoek kanoegrahan, tingal padang satjiptanira woes dadi, arsa kadji mring Kakbah.

Basa Mekah doedoe Kakbah djati, Mekah tiron tetengeran séla, kang goemantoeng tanpa tjantèl, ja patilasanipoen, Nabi Iskak kalané lair, nabi Brahim kang jasa, saréngat kang tinoet, déning wong ali makripat, noeting kèblat, kéblat Mekah kabèh asli, asliné djiwa soekma.

Ja woes anèng ing sira pribadi, kang linoewih amoerba misésa, anèng sira paésané, pama ngilo sirèkoe, ing tjaremin katon kakalih,

djatiné

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

djatiné moeng satoenggal,wajangan kadoeloe, tan andoeloe wewajangan, saking tan wroeh marang kang ngilo djro tjarmin, lah djebèng awangsoela.

Sèh Melaja katjarjan salda ning, mendak arsa mangaras ing pada, sang wikoe djawab astané, sèh Maoelana moewoes, adja nembah djebèng tan keni, sira pada lan ingwang, lan wali panoetoeb,sagoeng ingkang ahli tapa, tan madani prantanira mring Hyang Widi,lah oewis soen tarima.

Sèh Melaja matoer tetanja ris, toean poendi ingkang apinoedja, amba ajoen andedèrèk, ngandika sanga wikoe, soen sèh Maoelana Mahribi, ngasrama Pamantjingan, Ngarab angsalipoen, adja soesah méloe mring wang, sira arsa anggoegoeroe marang mami, ki djebèng nora kena.

Lamoen sira nora dèn lilani, marang goeroenira kang kawitan, wenang ingsoen lambang bahé, betjik wong setyèng goeroe, tinarima marang Hyang Widi, lochoengta mretapaha, nèng kali atoenggoe, wot galinggang anèng alas, wot galinggang anèng alas, doedoekoeha tandanen goeroe nirèki, kang parek tan gepokan.

Ingkang adoh tan wangenan malih, njatakena dèn kongsi satmata, dèn kerasa ing dèwèké, lah oewis toetoer ingsoen, djawab tangan ladjeng loemaris, katjarjan sèh Melaja, kantoen nèng marga goeng, nenggani oewot galinggang, anèng wana tanpa dahar tanpa goeling, sesèndèn ing galinggang.

Satoes dina kramatira midjil, ponang glinggang ngarembyoeng ronira, ngaoebi marang kang sèndèn, sing parmaning Hyang Agoeng, kajoe mati sinèndèn oerip, woewoesen djeng soesoenan, ing Bonang pan langkoeng, angoewot anèng galinggang, noelja priksa kang raji nèndra nèng kali, winoengoe oelook salam.

Sèh Melaja kagyat aningali, mring kang raka goepoeh djawab tangan,djeng soenan Bonang woewoesé, paran karsa rèningsoen, anèng alas adjaga kali, jèn mangkonota sira, soen woewohi djoeloek, soesoenan ing Kalidjaga, para sabat sedaja samya ngèstrèni, sèh Mlaja nama soenan.

Sampoen kidèn wonten poelo Oepih, adedekah wonten Kalidjaga, kang garwa sinoesoelaké, laminja tan winoewoes, soenan Bonang

nèng

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nèng poelo Oepih, toemoet karja pratapan, dépokira patoet,mangkana djeng soenan Bonang,angandika mring kang raji soenan Kali, pajo mring Giripoera.

Moepakatan mring loerahing wali, soenan Giri sang praboe Satmata, kang angrèh wali Djawané, pajo noewoen pangèstoe, toer sandika soesoenan Kali, sigra samya loemampah, pra moerid toet poengkoer, ing marga datan kawarna, sampoen lepas djeng soenan dènnja loemaris, praptèng Giri kedatyan.

Sampoen tjoendoek lan soenan ing Giri,sigra samya andjawat salaman, pepak kang pra wali kabèh,djeng soenan Bonang matoer,dateng poetra djeng soenan Giri,kawoela toer oeninga,djangkep wali woloe, poen adi ing Lèpèndjaga,kang djoemeneng wali panoetoep ing Djawi, sinijan ing Jyang Soekma.

Soenan Giri ngandika ngidèni, djoemenengé soenan Kalidjaga, moekakat pra wali kabèh, djeng soenan Kali matoer, mring kang raka Bonang sang jogi, kawoela nama soenan, dèrèng angsal toedoeh, amba noewoen pangawikan, soenan Ngampèl namboengi ngatag kang raji, lah noeli kawedjanga.

Soenan Bonang apamit ing jogi, mring kang poetra sang praboe Satmata, toewin djeng soenan ing Ngampèl, toer salam noelja moendoer, sappraptaning pakoewon masdjid,soenan Bonang mring rawa, anitih peraoe, lan djeng soenan Lèpèndjaga, noenggil palwa doek anitih palwa alit,palwa rembes tinambak.

Soenan Bonang ngandika mring raji, kahé djebèng rembes kang bahita, popoken ing ngendoet agé, kang raji aglis njawoek, doet pinopokaken toemoeli, mantoen rembes kang toja,winelahan sampoen, bahita sampoen mantengah, sirep djalma marengi poernama sasi,soenan Lèpèn winedjang.

Pamedjangé sinemon kang raji, damar moeroeb jèn mati oeroebnja,deroebé ngendi parané, kang raji ènggal matoer, kaleresan dènnja nampèni, lepas kang panggrahita, nandoek sarta wahjoe,sineksi marang Jyang Soekma, pratandané sekala nis sang Jyang sasi, tjoblong datanpa tjahja.

Langkoeng noewoen djeng soesoenan Kali, atoer sembah mangaras ing pada, djeng soenan Bonang linguja lon, jaji dèn awas pémoet,

adja

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

adja kongsi kawedar nglati, ikoe sebda larangan, jèn kawedar kang wroeh, ing sagoenging kang toemitah, jèn angerti dadi manoengsa linoewih, kapir koepoer sampoerna.

Noelja wonten tjatjing loer mangerti, ing wangsité sasmita kamoeksan, tjatjing katoet lempoeng popok, doek soenan Kali waoe, ngambil endoet katoetan tjatjing, nèng popoking bahita, mangerti ing semoe, noelja ngoetjap kadi djalma, aglis matoer kawoela mangerti wangsit, mandjinga poerohita.

Soenan Bénang kagyat amijarsi, angandika apa ingkang ngoetjap, déning tan katon warnané, ponang tjatjing oematoer, kawoela Loer mangerti wangsit, doek waoe asasmita, tinampèn kang semoe, semoening djati manoengsa, pan kawoela toemoet tampi sasmita di, ngraos dados manoengsa.

Soenan Bonang angandika aris, woes pinasti kodrating Jyang Soekma, tjatjing mirsa dadi oewong, mandi sakdaning wikoe, tjatjing noelja awarni djalmi, loenggoe mangaras pada, ngandika sang wikoe, ja oewis ingsoen tarima, apan sira ija pada lawan mami, arana Sitidjenar.

Arana sèh Lemahbang abetjik, déning angsal saking ing lempoeng bang, kang liningan toer sembahé, angling malih sang wikoe, mring kang raji soesoenan Kali, ikoe jaji pratonda, loewih ing Jyang Agoeng, tan kena kinaja ngapa, jaji sira doek doeroeng soen wedjang ngoewis, sinelir ing Jyang Soekma.

Doek kalané sira arsa kadji, kinèn wangsoel mring sèh Maoelana, sira nèng kali asaré, pan antoek tigang tahoen, krasanira sakedap goeling, jèn adja sinelira, pesti leboer loeloeh, jaji djiwa raganira, prabawané sira branti ing Jyang Widi, tanpa goeroe dinedah:

Loehoeng sira jaji woes sinelir, mring Jyang Soekma langgeng ananira, badan lan langgeng oeripé, oerip tan kena lampoes, oerip datan kena ngoeripi, donja praptèng ngakéat, langgeng ananipoen, sagoengé para olija, doenoengana kang njabrang segara pati, patitis kaja sira.

Ingsoen iki oepamané jaji, ngadep madoe anèng djroning gedah, moeng weroeh majané, doeroeng wroeh rasanipoen, soen kapéngin kaja sirèki, njabrang segara rahmat, jèn kena rèningsoen, ingsoen jaji

priksakena

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA

prikšakena, basa lemboe anoesoe ing anak mami, goegoeroe marang sabat.

Alon matoer kangdjeng soenan Kali,pan soemongga angater kéwalé, margènipoen gampil angèl, tan kénging was ing kalboe, langkoeng roengsit demit kang margi, sigra ngadeg kalijan,djeng soenan manèkoeng, asta samya ngrangkoel madya, soekoe djadjar ngremaken tingal sadjati,sakedap praptèng Mekah.

Sitidjenar anoelja noetoeti, noeting goeroe ngadeg soekoe toenggal, matèni pontja drijané, sakedap tana santoen,praptèng Mekah noelja kepanggih,lan sagoeng walijolah, ing Djawa wewoloe, sami asalat Djoemoengah, minggah kakbah wali woloe sinoeng wangsit, kasanga Sitidjenar.

wali woloe woes wenang nimbangi,masdjid Mekah ginambar ing Demak, pinaring soerat koethahé, bakda djoemoengah mantoek, para wali sakedap prapti, ing Djawa djoedjoeg Demak,anoelja kepanggoeh, lawan dipati Bintara, Matapradja goepoeh angatoeri linggih, pra wali noelja lenggah.

Sang dipati mider angabekti, para wali pan asih sedaja, asoeng pandonga lochoeré, sang dipati djrih loeloet, goeng pra wali dèn kawoelani, rinodjong sakarsanja, pamangsoelnja aroem, sedaja sami neneda, mring Jyang Soekma toeloesa sang adipati, mengkoewa ing ngrat Djawa.

Soenan Giri angandika aris, mring kang raji dipati Bintara, jaji tjawisa kajoe kèh, kinarja masdjid agoeng, para wali ingkang ngadani, anepa masdjid Mekah, sira kang katempoeh, angkat djoendjoeng lawan wreksa, oesoek sirap rèng blandar lawan tetali, pangerat lan woewoengnja.

Soen tempoehken marang sira jaji, déning kontja sagoeng pra olija, soen boeboehi sesakané, sagoenging saka goeroe, soen tempoehken para wali, déning kang saka rawa, pra moekmin sedaroem, kang kesdoe djenengken Iman,soen boeboehi saka rawa kajoe djati, noeli pada ngambila.

Kang liningan ngandika wotsari, para wali woes rembag sadaja, noelja boebar mring slasé, pan samya ngambil kajoe,para wali lan para moekmin, mring alas ting salebar, ngalèr lawan ngidoel, toewin ngoelon

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngoelon lawan ngétan, kawoewoesa waoe kangdjeng soenan Kali, woes peaptèng wana pringga.

Madik wreksa kang loeroes witnèki, tinengeran kang badé sesaka, saka waloe boeboehané, djeng soenan noelja doeloe, wonten kadok minongsa moeni, kangdjeng soenan njoewara, widjiling selda hoe, kang sarpa nglepèh mangsanja, kang tjantoeka oetjoel mantjoelat atebih, matoer kang ponang sarpa.

Doeh djeng soenan poenapata goesti, ngandika hoe hoetjoel mangsan koela, basa hoe paran artiné, djeng soenan aris moewoes, ja celoenen mangsanira glis, ponang sarpa glis késah, noelja kodok rawoeh, aglis matoer poenapaha, ngandika hoe loewar kawoela sakit, poenapa toeloes loewar.

Amangsoeli kangdjeng soenan Kali, artiné hoe hoetjoelena sarpa, adja mongsa selaminé, poenang tjantoeka moewoen, datan saget males ing goesti, amoeng pakarja toean, arsa ngoesoeng kajoe, kawoela sagah datengna, mring Bimbara jèn sampoen glondongan dadi, kawoela kang ngabekta.

Ngling tarima kangdjeng soenan Kali, noelja ladjeng dènira loemampah, noelja kapetoek ariné, Rasawoelan dyah ajoe, kang ngatapa ngidang ing ngoeni, ngantos mangké tan loewar, soepé pradjanipoen, woes awor lan kidang sangsam, soepé kadang tjineloek loemajoe gendring, ngoengoen kangdjeng soesoenan.

Soenan Kali anoelja kepanggih, lan moeritnja kang wasta ki Soepa, toeroening empoe kinaot, angsal sih goeroenipoen, mila Soepa sekti linoewih, lan malih moeridira, wong moekmin satoehoe,. Imansemantri wastanja, inggih sekti kinasijan kalih sami, ingadjak boedjoeng kidang.

Kinén sangoe kepelan ridjeki, pan kinarja bebalang kang tapa, djeng soenan wangsoel sira gé, glis prapta pernahipoen, kadang èstri kang nèng wanadri, sang retna Rasawoelan, kepanggih loemajoe, binoedjoeng tjinegat tjegat, binalangan kepelan sekoel ping katri, toetoet noelja ketjandak.

Djaka Soepa kang njepeng sang dèwi, Rasawoelan woes soepé tan njandang, boedi tjinepeng astané, aglis noelaja tinimboel, mring djeng soenan pinoedya éling, bentingnja djaka Soepa, tinapihken

goepoeh,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

goepoeh,pinindjoengan sinemekan, mring ki Soepa sang retna tjineloek éling.ngrangkoel padaning raka.

Ingkang raka angandika aris, jaji dèwi sira loewarana, moelia mring Toeban agé, lan kramaha rèningsoen, lan ki Soepa warnané pekik, ikoe kang wèh sandangan, mring sira rèningsoen, lan soeroedé kangdjeng rama, ija sira mengkoewa negara Toebin, Soepa karjanen wrana.

Toer sandika sang retna ing Toebin, kangdjeng soenan ngaterken mring Toeban, datan winarna lampahé, nagri Toeban woes rawoeh, panggih rama lan iboenèki, sangdyah retna Doemilah, asroe tangisipoen, rinangkoel kang poetra kannja, woewoesira marang kang poetra kalih, tan njana manggih gesang.

Déning tita lami tan kawarti, jata tita kang nangisi poetra, kang poetra atoer sembahé, ing rama lawan iboe, sang dipati ngandika aris, doeh njawa poetraningwang, ingsoen oewis sepoeh, adja sira loenga-loenga, adepana negaranira ing Toebin, ingsoen praptèng semaja.

Toer sandika djeng soesoenan Kali, noelja matoer angatoeri priksa, ing lampahé sarirané, katoer sedajanipoen, saking poerwa woesana prapti, myang solahé arinja, katoer ramanipoen, lintang ngoengoen sang dipatya, myarsa atoer kalintang asrep kang galih, anoet karsaning poetra.

Sampoen nelas atoeré kang siwi, sang dipatya manggihken kang poetra,binoedjakrama damelé, ki Soepa lan sang dyah ajoe, kaningkahken mring soenan Kali, kang mangkoe djaka Soepa, gih pepatihipoen, sampoen panggih kang pengantyan, tan einarna panggianira sang poetri, atoet kang palakrama.

Tan winarna laminja nenggani, djeng soesoenan mring ari sang retna, semana soenan karsané, akarsa jasa doewoeng, ingkang raji dipoen timbali, dateng ing kapandéjan, ki Soepa glis rawoeh, moenggèng ngarsané djeng soenan, soenan Kali ngandika dateng kang raji, djebèng soen karjakena.

Keris tjotèn soen agem pribadi, iki wesi saking Achadijat, moeng sakemiri gedéné, wesi tinampèn sampoen, mring ki Soepa

awrat

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

awrat nglangkoengi, noelja matoer ki Soepa,wrat pinten wahipoen, déning kedik tosan toesan, datan kénging oeloen soepit moengging api,tan kinging pinoekoelan.

Angandika kangdjeng soenan Kali, ngarah apa adja kongsi wewah, mongsa sagoenoeng kalongé, wesi wewah gengipoen,andjenggoenoek pan kadi woekir,kagyat Soepa toemingal, ing wesi sagoenoeng, matoer atoer pedjah gesang, èwet malih tosan tan kénging sinoepit, wewah ageng sekala.

Kangdjeng soenan angandika malih, moeng sagoenoeng wesi ingkang ilang, sakemiri ingkang maksèh, sirna tosan sagoenoeng, moeng kantoen sadèrèkan malih, saking mandining sekta, ki Soepa djrih ngoengoen, ponang tosan glis tjinandak, dèn njet-enjet sakedap woes dadi keris, warna bang lir sangkelat.

Kangdjeng soenan langkoeng troestèng galih, aningali dateng ipènira, anjoebaki sakarsané, doewoeng noelja pinoendoet, sampoen katoer dateng sang jogi, djeng soenan atetanja, apa dapoeripoen, ki Soepa matoer manembah, mongsa borong pandoeka dènnja mestani, kawoela noeting tosan.

Kangdjeng soenan angandika aris, soen arani kris dapoer sangkelat,déning kris abang warnané, ananging datan patoet, ingsoen agem alakoe santri, iki pantes kagema, mring patinggènipoen, negara ing poelo Djawa, woes pinasti bésoek dadi poesaka dji,kang mengkoe noengsa Djawa.

Lah poendinen djebèng dèn abetjik, bok menawa bèndjang darbé darah, amengkoe noengsa Djawané, noelja tinampan goepoeh, mring ki Soepa doewoeng pinoendi, ngling malih djeng soesoenan, karjakena ingsoen, tjotèn pranti sembelèhan, ingkang patoet dèn anggo wong lakoe santri, mengko soen grèsèk tosan.

Kangdjeng soenan noelja njipta wesi, medal saking ing mertabat wahdat, inggih sadèrèkan gengé, noelja sinoengtèn goepoeh, mring ki Soepa noelja kinardi, pinidjet kaping tiga, tandya dadya doewoeng, glis katoer ing kangdjeng soenan, kaleresan winastan Tjroeboek kang keris, kasmaran djeng soesoenan.

------+-------

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERANGIPOEN DOEWOENG KI TJONDONGTJAMPOER
MENGSAH DOEWOENG KI SANGKELAT.

PANGKOER.

Kèndel kang anamboet karja, déning ingkang para wali pradondi, dènja mawas kéblatipoen, kang madjeng leres Mekah, gèsèh-gèsèh rembaging wali tan koempoel, tan wonten wekasanira, nganti nengah sang Jyang rawi.

Sigra soenan Kalidjaga, ngandek njandak mestakané kang mesdjit, mergagah madjeng mangidoel, asta tengen anjandak, mastakané masdjit Mekah noelja gatoek, kelawan masdjit ing Demak, kéblatipoen woes sinami.

Angling soenan Kalidjaga, kontja neda winawas kang prajogi, kéblating masdjit woes gatoek, lawan kakbah ing Mekah, pra olija adjrih gawok dènnja doeloe, nahoeri sampoen sedaja, leresing kéblating masdjit.

Woes ingoetjoelaken sigra, masdjit Mekah mantoek datan kahèksi, moeng masdjit Demak kadoeloe, aglis noelja nginggahan, kapatrapan rèng sirap kalawan woewoeng, woes ngadek saka penanggap, saka rawa angideri.

Woes ngadek sami sadina, kang penanggap pinajoe sampoen weradin, toempang tiga pangretipoen, ing tengah pangimanan, kanan kéring pan ginotra imanipoen, nenem pitoe pangimbaran, respati sadjroning masdjit.

Dinadak karja djoemoengah, djeng soespenan Bonang ingkang ngimani, soenan Giri koetbahipoen, soenan Kali moesiral, kang ngadani soenan Woerja lawan Koedoes, soenan Tjarbon lan Poelèmbang, sekawan ingkang ngadani.

Pra wali moekmin sedaja, dènnja salat anèng sadjroning masdjid, para sabat moeridipoen, ing woeri dènnja salat, pirangpirang wong salat sami kaleboe, saking geng masdjit adjembar, lan sabdaning para wali.

Woes bakda salat djoemoengah, ingkang makmoem sami boebaran midjil, para wali sami kantoen, sami maos poedjian, didikiran dènnja dikir sami woeroe, tan wangwang ing djiwa raga, mermanakken ingkang dikir.

Woes

Woes pana tan kena samar, woes adjoemboeh tingal kawoela goesti, saking woeroe dikiripoen, dadya mingsan katingal, warna roepa saroepa lir djiwanipoen, lir kalak lawan kenanga, lir Kresna lan Wisnoemoerti.

Saking sami aolija, para wali marma glis liroe diri, pama segara lan alcen, tan tebih panikelnja, tinarima sami asin raosipoen, tan wonten rasa roemasa, rasaning kawoela goesti.

Loewar saking Djatipoerba, para wali soenan Bonang noelja ngling,oeloeksalam woewoesipoen, ladjeng matja koedangan, koedangané djeng goesti andika Rasoel, pan sarwi assalaman, sagoeng ingkang para wali.

Sawoesnja sami salaman, pra olija lenggah toemengèng nginggil, apan sami andoedoeloe, dangoe-dangoe toemingal, pangimanan pan wonten katon goemandoel, boentelan tjermating domba, opyak sagoeng para wali.

Sèh Maoelana angoetjap, kang goemandoel betjik dipoen dombani, pra wali sedaja remboeg, sigra soesoenan Bonang, ngambil djoengkas ingoetik ingkang goemandoel, woes kena noelja tjinandak, tjermating domba respati.

Ing lebet noelja binoeka, djroning tjermat wonten lempitan malih, pan kekalih warnanipoen, kotang kalawan soerat, glis binoeka kangsoerat idjemanipoen, soerat saha nabi Allah, Moestafa Rasoellollahi.

Panoetan Panatagama, ngalamdonja ingakir kang sinelir, mring goesti Allah kang agoeng, dawoeha sèh Melaja, saking salam ingsoen gandjar mring sirèkoe, rasoekan Ontakoesoema, agemen ing donja ngakir.

Rasoekan lorodaningwang, ron Kastoeba tetengering syarga di, mangko sira gentèningsoen, gadoeh Ontakoesoema, lan oelesé tjermat domba ing syarga goeng, lah ja karjanen rasoekan, agoeng sawabé ing woeri.

Dadi djimating negara, jèn ingagem bawa leksana sekti, ing satoeroen toeroenipoen, titi tamat kang soerat, soenan Bonang alon dèning amoewoes, ki djebèng Kali ta sira, kang ginandjar mring djeng Nabi.

Lah

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Lah noeli sira agema, ingsoen arsa wroeh warnané sajekti, sedaja tinampèn sampoen, doemateng sèh Melaja, kang rasoekan noelja ingagem pan sampoen, warnané kedap koemelap, sakedap-kedap angalih.

Soenan Bonang angandika, atetanja mring sagoeng para wali, lah poenapa warnanipoen, kyahi Ontakoesoema, para wali mangsoeli ingkang pamoewoes, sanès-sanès pandoeloenja, tan kènging dipoen westani.

Soenan Bonang malih modjar, mring kang raji.doch jaji djebèng Kali, ingsoen bahé jaji moedjoer, oeles tjermating domba, soen karjané rasoekan kotang anoeroen, mring kyahi Ontakoesoema, déning soen kang angimani.

Kang raji matoer soemongga, ingatoerken tjermat noelja kinardi, Ontakoesoema timoeroen, tan dangoe noeli dadya, winastanan kijahi Goendil djoedjoeloek, moefakat wali sadaja, kang sami toemoet dondomi.

Semana noelja tjinoba, mring djeng soenan Bonang ingkang akardi, nanging sanget sesekipoen, angamplikdatan tjekap, kangdjeng soenan kalepatan dènnja ngoekoer, tan ingoekoer sariranja, moeng nepa kangdjeng kijahi.

Noelja soenan Giri djawab, kyahi Gondil tineda soenan Giri, ngatoerken ingagem sampoen, rasoekan datan tjekap, woes linorod tinampèn ing soenan Ngoedoeng, ingagem inggih tan tjekap, sedaja goeng para wali.

Geng alit sepoeh taroena, sami njoba angagem kyahi Goendil, datan wonten ingkang tjoekoep, sami sesak sadaja, moeng djeng soenan Kalidjaga ingkang tjoekoep, datan logro datan sesak, lir ingoekoer kyahi Goendil.

Djeng soenan Bonang ngandika, woes pinasti kang sinihan Jyang Widi, ki djebèng Kali pinoendjoel, lan samining olija, pratandané tan owah gandjaranipoen, pinasti ing noengsa Djawa, djebèng Kali kang ngimani.

Woes mengkana sami boebar, pra olija koeneng gentya winarni, kotjapa ing Madjalangoe, sang praboe Brawidjaja, nèng djro poera langkoeng poetek ing tyasipoen, déning nagri Madjalengka, ing mangké

PERPUSTAKAAN NASIONAL

ké tinoeb gegering.

Katah wong mati kedadak, gering soré éndjing noelja ngemasi, gering ésoek soré lampoes, mrega loentak loedira, kang saweneh wawratan rah ngoejoeh marcos, saking katahé kang pedjah, ing poera kedik kang kemit.

Djro poera katah kang pedjah, garwa nata ratoe Andarawati, grah sanget sariranipoen, woes alami dènnja gerah, saking sanget dènnja grah soepé ing wektoe, tan wonten doekoen moeljaknja, loemintoe oesada prapti.

Lintang kingkin sri narèndra, lamoen daloe sang nata èsmoe adjrih, sagoeng kang kemit kadatoen, ngandikan mring djro poera, kinèn melèk ing dagané sang dyah ratoe, pantjèn kang kemit kadatyan, loerah empoe lawan ngampil.

Madjeng kalih gegiliran, loerah empoe kalawan loerah ngampil, semana giliranipoen, toemenggoeng Soepadrija, lan kang raka Soepagati wastanipoen, anoedjoe sakit sedaja, kekalih tan saget kemit.

Kèwedan ing manahira, saking sanget karsané sri boepati, jèn sakit kang doewé lakoe, kemit dateng kadatyan, apan kinèn asesoelih arènipoen, Soepagati Soepadrija, semana soesoelih siwi.

Soepagati soelihira, poetranira ki Djigdja kang wewangi, Soepadrija ki toemenggoeng, soesoelih ingkang poetra, Djakasoepa ing mangké kang lagya rawoeh, lan kang garwa poetri Toeban, pengantèn mentas pinanggih.

Toetoewi dateng kang rama, amarengi kang rama lagya sakit, jata ki soepa maleboe, lan kang raka ki Djigdja, inggih kadang naking sanak perabipoen, pan sami sekti prawira, kekalih mentas akrami.

Sampoen prapta djroning poera, Djigdja Soepa ngandikan mring sang adji, kekalih woes moenggèng ngajoen, nèng dagan pasarèjan, sri narèndra angandika marang empoe, empoe soelih apa bisa, toer djampi mring prameswari.

Ki Djigdja matoer manembah, doch pocloeloen tan naté karja djampi, sang nata malih amoewoes, dèn betah melèk sira, ingsoen sajah woes lawas nora atoeroe, mengko ingsoen arsa nèndra, hoeng

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sira

sira adjana goeling.

Kekalih matoer sandika, ingkang wengi pan sampoen bangoen éndjing, sirep sadjroning kadatoen, sang nata sampoen nèndra, Soepa Djigdja sami lenggah ting kalengoek, nèng dagané sri narèndra, ngelèki dyah praméswari.

Loerah djoeroe pesaréjan, sampoen tilem kalawan loerah ngampil ki Soepa sajah aloenggoeh, anoelja tetileman, andedoekoel ki Djigdja an'èng bebatoer, keladjeng tilem kalihnja, wong dalem sedaja goeling.

Oetjapen doewoeng poesaka, poendèn nata moenggèng ngoelon nerpati, ran kuahi Tjondongsesampoer, kang neloeh ing kawoela, saben dalo medal saking wadahipoen, anoeloh wong Madjalengka, djeladjat gempoer ing poeri.

Dilalah karsaning soekma, poendèn nata roehara neloeh dasih, pratonda badé limaroet, keraton ngalam Boeda, Tjondongtjampoer woes oening ing moengsoehipoen, kang wasta kyahi Sangkelat, badé poesakaning adji// Inganggé dateng ki Soepa, kyahi Tjondongtjampoer panas ing ati, arsa ngajoni gya metoe, saking peti kantjana, teloeh bradjané tjoemarètjès kadya antoe, ki Soepa tilem toemingal, jèn wonten tloehbradja midjil..

Nging adjrih tan wignja ngoetjap, kekantjilen maksih dakoekoel djobin, noelja agemipoen doewoeng, kang nama ki Sangkelat, noelja koenoes saking wrongka ladjeng taroeng, aramé dènnja ajoeda, ki Soepa sangsaja adjrih.

Ketip-ketip tanpa ngoetjap, jata Djigdja noelja doewoengnja midjil, saking wrongka atoetoeloeng, damelanipoen pyambak, sampoen bagoes nanging alit tjatjadipoen, toeloeng saking kéring kanan, Tjondongtjampoer tan goemingsir.

Aderes doewoengé Djigdja, saking lamboeng dènira anoedoeki, glis winales lamboengipoen, tan pasah karagangan, lamboeng dengkèng datan nongga noelja moendoer, nyang kyahi Sangkelat panggah, aramé oekih-ingosngkih.

kalimpoet dènnja ajoeda, kyahi Tjondongtjampoer kasoran djoerit, pan kapantjas grananipoen, rémanja katah pagas, tloeh bradjané

bradjané kotjar-katjir mawoet-mawoet, oedjaré kang sampoen wikan, dadya tjangkrang lan palenting.

Tjondongtjampoer pan loemadjar, malbèng peti kentjana tan alirih, kasandoeng syara koemeprock, ing ngoelon sri narèndra, sri narèndra kagrat mirsa kang kòemeprock, woes moendoer kyahi Sangkelat, ingoengak tan wonten rempit.

Sang nata angoelap-oelap, kanan kéring ing ngandap lawan nginggil, tan wonten ingkang kadoeloe, wong dalem étja nèndra, sirep dedet tan wonten djalma kang watoek, moeng ki Soepa tan anèndra, nging dekoekoel api goeling.

Oetjapen waoe kang gerah, garwa nata ratoe **Andarawati**, ngraos èntèng djiwanipoen, woengoe dènmja anèndra, wahing dèhèm goepoeh sang nata amoewoes, déning woengoe sira nimas, apa seketja kang sakit.

Kang garwa ririh atoenja, inggih asrep raosipoen kang sakit, sangdyah ratoe noelja moedoen, saking kantil alenggah, ing djerambah nimbali kang samya toeroe, pawongan tangi sadaja, wong kadaton marek sami.

S I N O M .

Jata sampoen byar rahina, Djigdja Soepa noelja midjil, saking dalem prabajeksa, tinarima mring sang adji, déning moedjoe marengi, moelja gerahé dyah ratoe, saking lèk Soepa Djigdja, kekalih ginandjar sami, arta sindjang saboek koelambi lan destar.

Woes moelih saking djro poera, toemenggoengan sampoen praptì, ki Soepa lawan ki Djigdja, lelinggihan wong kekalih, ki Soepa bisik-bisik, toetoer solahirèng dalce, kalané kang tjoeriga, poeroen poesakaning adji, kyahi Djigdja agé ngoenoes kang tjoeriga.

Ki **Djigdja** kagyat toemingal, déning dengkèng doewoengnèki, gowang ing woeri landepnja, tempak poetjoeké kang keris, gawok - **Djigdja** ningali, manahé langkoeng gegetoen, déning bengi tan wikan, agemé doewoeng adjoerit, sami doewoeng lawan poesakaning nata.

Ki Soepa narik doewoengnja, kyahi Sangkelat tinarik, teksih wetah datan éwah, moeng baloer kadi kinikir, glis sinaroengken

malih

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

malih, kahé Djigdja doewoengipoen, saboekinten dapoernja, kang gowang ingoeroet malih, dadya pola alit jèn tanggoeh ki Djigdja.

Ki Djigdja alon angoetjap, doewoengira loewih betjik, jaji sira oempetena, bok koeningan mring sang adji, moendak sira bilahi, adja wawarta rèningsoen, marang ing djarma katah, nadyan ingsoen nora bribin, doewoengingwang woes soen pangling ingkang warna.

Ki Soepa alon woewoesnja, jèn mekaten koela moelih, dateng negari ing Toeban, ki Djigdja langkoeng marengi, tita goenemnja kalih, soepa pamit ramanipoen, toemenggoeng Soepadrija, semana moelja kang sakit, poetra amit linilan binektan brana. Rasawoelan amit nembah mring maratoewanja kalih, sinangon bektan brana, langkoeng noewoen sang lir Ratih, sigra boedal toemoeli, wong Toeban tanana kantoen, natih djoli sang retna, djadjaranira merapit, boesana bra lir pèndah sekar sataman.

Soepa amitih koeda, samargi-margi sesirig, gawok kang sami toemingal, ing warna Soepa apekik, poetriné adjoe loewih, nèng djoli pingit dinoeloe, tangèh renggèng loemampah, woes lepas dènnja loemaris, tan winarna ing marga praptèng ing Toeban.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

MÉKRADIPOEN PRABOE BRAWIDJAJA

RATOE ING MADJAPAIT.

DANDANGGOELA.

Tengah daloe dènira loemaris, pangran Sendang sagarwa poetranja, sawongé binekta kabèh, angidoel mring wana goeng, ing Mentaram sinedjèng galih, lestari lampahira, koeneng kang winoewoes, oetjapen ki Soepa poetra, kang woes dadya djoemeneng dipati Toebin, sampoen pinaring wikan.

Mring kang rama jén sampoen ngèndrani, késah saking negri Madjalengka, ki Enom soesah manahé, tan woeroeng jèn katempoeh, mring sang nata temah bilahi, pikir lawan garwanja, rembag sami moesoel, waoe dateng ramanira, noelja dandan ki Enom mangkat ing wengi, sakoela garwanira.

Tan winarna lampahirèng margi, adipati ing Toeban kepanggya, lan kang rama nèng woekiré, pangran Sendang winoewoes, sareng panggih lawan kang siwi, èngèt dateng garwanja, ingkang anèm kantoen, wonten ing negari Sendang, garwa poetra pan sami kinèn roemijin, pangran mangsoeli garwa.

Dateng Sendang Sedajoe agipih, koer oengkoeran waoe lampahira, mangétan lawan mangilèn, koeneng datan winoewoes, jata malih ingkang winarni, lampahé djeng soesoenan, ingkang namoer lakoe, wonten nagri Madjalengka, kang ngandoeta kang dadi awrating djoerit, woes datan kekilapan.

Woes tinemboeng marang kang akardi, goenging sarat sadaja pinasang, madjoe patapel koetané, lawan noedjoe sang praboe, pinrih sampoen mijosi djoerit, goenging sarat pinasang, ngoebengi kadatoen, koeneng ingkang namoer lampah, kawoewoesa sanga praboe Madjapait, èndjang mios sinéwa.

Wonten bangsal pepak kang anangkil, pra dipati nararja satrija, poenggawa tonda mantriné, sagoeng para toemenggoeng, rongga demang lawan ngabèi, empoe lawan melandang, moewah mantri sèwoe, wadoe adji pengalasan, toewaboeroe langlang pasir djoeroe sabin, tonda kalawan djagal.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Ing

Ing paglaran soepenoeh kang nangkil, ngaloen-aloen pradjoerit belabar, kang djaga bantoe prang gedé, moengging bangsal sang Praboe, animbali setana adji, lan sagoeng para poetra, pepak moengging ngajoen,poetra kang ginadang nata, kang kekasih rahadyan Bondansoerati, tan tebih lan sang nata.

Kang tinantoen dateng ing sang adji, arja Simping lan Ménak-Soepatra, moenggèng ngarsané sang radjèng, ngandika sanga praboe, kaja paran arjo Sesimping, kang maring ing Bintara, si dipati Teroeng, déning lawas nora prapta, arjo simping oematoer sarjo wotsari, inggih wonten kang prapta.

Toer oeninga ing kawoela goesti, jèn ing mangké dipati Bintara, ametoek djoerit lampahé, dateng dipati Teroeng, kang ngembani sagoeng pra wali, sampoen ramé ing joeda, kang roemijin oenggoel,wadya Demak katah pedjah, ingkang dados sénapati ing ngadjoerit, pedjah madyaning ngrana.

Sareng tanglet kang kantoen dèwadji, adipati ing Teroeng kasoran, risak sawadya balané, didalem Madjalangoe, pra toemenggoeng mantri pradjoerit, katah pedjah ing ngrana, sang dipati Teroeng, loemadjeng kèsisan bala, wadya Demak angoengsir ngramped negari, sami soera digdaja.

Abdidalem mantri Madjapait, sakantoené kang pedjah ing ngrana, tan poeroen ingaben malèh, katah kang minggat daloe, ingkang dèrèng ingaben djoerit, inggih giris miarsa, ing warta kang mantoek, inggih katah ingkang minggat, pangran Sendang akésah minggat ing latri, sakoelawarganira.

Anakipoen kakalih oemiring, poetra nata sang retna binekta, inggih sakoela wangsané, langkoeng doeka sang praboe, doek myarsa atoering Sesimping, lir noeweg tanpa dosa, sengara sang praboe, ja saweori-woeriningwang, adja ana amrimani pandé wesi, toena tan wroeh ing dana.

Ja sagoné katemoe amesti, soen patèni sabapa saänak, djer ikoe wong tjidra kabèh, hèh njawa poetraningsoen, sira kaki Bondansoerati, dandana ing ngajoeda, inggoen arsa bantoe, angloeroeg marang ing Demak, magoet joeda hèh sagoeng wong Madjapait, soen gawa magoet joeda.

adandana

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Adandana ingsoen mangkat indjing, kang liningan sadaja wotsekar, lèngsèr saking ngarsa radjèng, midjil saking kedatoen, boebar sagoeng wadya kang nangkil, mantoek apradandanan, goeng wadya goemoeroeh, djawi lebet aboesekan, pan sadina kang mepak praboting djoerit, jata soeroep jyang arka.

Kawoewoesa praboe Madjapait, ingkang arsa amagoet ing joeda, ing daloe tan arsa saré, malbèng sanggar sang praboe, amoemoedja ing dèwa loewih, aneges karsaning sang, amoermèng pandoeloe, sidakep asoekoe toenggal, anoetoepi babahan nawasanga di, matèni pontjadrija.

Sasat pedjah sadjroning ngaoerip, sri narèndra nglangoet panembahnja, woes djoemboeh tjipta rasané, woes sning tingalipoen, mring kang moerba pati lan oerip, satjipta datan samar, ening kang pandoeloe, jèn poepoet karatonira, poeloeng ratoe jèn ing mangké sampoen ngalih, doemeteng ingkang poetra.

Datan samar kang poetra ngrenggani, wonten nagri Bintara misésa, amengkoe ngrat sedajané, ambirat alamipoen, amiwiti Islaming adji, loemrah wong tata sréngat, moepoes sanga praboe, jèn sampoen karsa betara, karatoné binirat ngalih mring siwi, srah lila mring betara.

Tjipta wandé medali ing djoerit, poetek ing tyas sinoengan sasmita, gara-gara geng datengé, ngwijat moenja djoemegoer, boemi geter adres ngin midit, goemoentoer graning arga, tasik lir kineboer, kadresan ing pontjawora, soerja tjondra tedoeh sapta ri tan kèksi, tjiptaning wong kijamat.

Sri narèndra, tinrimèng dèwa di, karatoné ingelih ing syarga, mékrad sagarwa poetrané, poetra kang timoer-timoer, kang binekta kalawan poeri, prabajeksa kentjana, sirna kang kadoeloe, garwanira sri narèndra, kang tinilar moeng ratoe Andarawati, Islam tan arsa mikrad.

Kantoen wonten gentan pramèswari, sapawongan sirep tana ngoetjap, djrih syarèng greng lan petengé, myang wadya Madjalangoe, pan satoenggal tan wonten baris, sami djrih bok kijamat, peteng sijang daloe, sapta ri tan mirsa soerja, ageng alit tan darbé grahita sami, sami kénging paékan.

Koeneng

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Koeneng waoe kang kénging piranti,kang kotjapa kang wonten parisan, pangran Koedoes sarèwangé, dedep tan poeroen magoet, déning lawanipoen adjoerit, sekti kagila-gila, kang ginetak mamproeng, dipati Teroeng prawira, ing ngajoeda tan kénging dipoen tjelaki, dateng lawaning joeda.

Pangran Koedoes sami rembag pikir, lawan kyageng ing Getaspandawa, lan patih Wanasalamé, lan malih rowangipoen, Soeranata Iman semantri, kang pinisepoeh pepak, angling pangran Koedoes, paman paran ingkang rembag, mengsah awrat toer kadangé sang dipati,tan wonten poeroen mengsah.

Kyageng Getaspandawa dènnjangling, lamoen pareng lan karsa ki loerah, dipati Teroeng saéné,loehoèng pinriha teloek, gih dadosa rowang ing djoerit, jèn noengkoel sang dipatya, soewawi tinanggoeng, lamoen datan anoengkoela, adipati ing Teroeng awrat sinanggi, tan betah Madjalengka.

Lamoen teloek ing Teroeng dipati, pesti bedah koeta Madjalengka, nadyan si wontena malèh,kang magoet ing prang poepoeh, mongsa wonten ingkang nglangkoengi, kados Teroeng dipatya, èntèng jèn pinagoet, lagi ing doegi kawoela, lamoen poeroen noengkoel ing Teroeng dipati, mingkoeh wong Madjalengka.

Pangran Koedoes ing rembag marengi, noelja karja soerat sah pratonda, sigra apoetoesan agé, wong gandèk kang ingoetoes, Ragadoeta ingkang wewangi, lan ki Ragatroena, kalih kinèn ngigoel, penganggéné sarwi petak, noenggang koeda toendan toer sami pawèstri, amit amoendi soerat.

Gegantjangan dènira loemaris, pan lestari tan kapetoek baja, koeneng gantya winiraos, jata dipati Teroeng, pan anggèger dènira baris, tan poeroen jèn magoeta, sang dipati Teroeng, déning wadya Madjalengka, pra toemenggoeng rongga demang lan ngabèi, kawoes tan poeroen aprang.

Mingkoeh mirong katah anglolosi,sami minggat adjrih ingadoe prang, moengsoeh dèwa pengrasané,kéwran dipati Teroeng,datan wonten kinanti djoerit, mérang lamoen moendoera, madjeng wrat ing poepoeh, amengsah dateng kang raka, pan kadoewoeng poeroen ingoetoes sang adji, dinalih datan aprang.

apan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Apan lagya pinarak dipati, nèng pakoewon sinéba ing wadya, sentana ing Teroeng andèr, poenggawa kang noeng anoeng, samya moengging ngarsa dipati, sami agoenem rembag, sdaja tinantoen, rembaging dasih sedaja, angatoeri telock mring sang adipati, kadang sepoeh ing Demak.

Sang dipati tjiptanirèng galih, arsa telock dateng ingkang raka, èwet angraos dosané, medjahi soenan Koedoes, mongsa woeroeng tinagih pati, dadya minggoe tan ngoetjap, pakèwet tyasipoen, koeneng gantya kawoewoesa, pan kasaroe patjambeng atoer oepeksi, jèn wonten doeta prapta.

Doeta kalih amoendi kang toelis, saking Demak katoer adipatya, sang dipati lon woewoesé, lah timbalana goepoeh, doeta ingkang amoendi toelis, kang kinon nembah mèntar, lampahé glis rawoeh, sampoen kérit poenang doeta, sampoen prapta ngarsané sang adipati, matoer ngatoerken soerat.

Apan sampoen tinampèn kang toelis, ponang doeta sampoen tata lenggah, kang soerat winaos agé, mangkana ingkang temboeng, pènget ingkang soerat wewadi, manira djeng pangéran , Koedoes kang ingoetoes, mring dipati ing Bintara, kinèn metock ing para jaji dipati, marmané djeneng mara.

Soeka serat mring sang adipati, dapoer manira soeka oeninga, jèn rakamta Bintarané, arsa djoemeneng ratoe, mengkoe Djawa angreboet waris, bedahing Madjalengka, ingèstrèn pra wikoe, ing mangké nemahi joeda, pan manira kang kinarja sénapati, wakilé sang dipatya.

Nanging èwet moengsoeh ing ngadjoerit,pekenira kadangé dipatya, ngalangi karsa djoeritè, lamoen para aremboeg, anoenggala karsa dipati, lan rakamta Bintara, toemrap kadèng sepoeh, akanti kadang taroena, toer prajogi dadija rowang ngamoekti, ing djoerit soemingkira.

Pan manira kang nanggoeng sirèki, jèn dinoekan marang sang dipatya, adja maris ing nalané, doepi woes aprang poepoeh, amatèni mring sénapati, mongsa temen matija, soesoenan ing Koedoes, ja sedadyan palastraha, madyaning prang kawoela darma nglakoni,woes pasti karsaning Jyang.

Lamoen

Lamoen rembag lan karsanirèki, mangsoelana kawrata ing soerat, lamoen tan rena rembogé, gandèk inggalna wangsoel, adja sira mangsoeli toelis, menggah sang adipatya, myat soerasanipoen, ngartika sadjroning nala, apa njata tan watak dora wong santri, bok ija soen anjoba.

Anglakoni rembogé wong santri, ingsoen telock mring kakang dipatya, déning ngoeni sih maring ngong, jata dipati Teroeng, karja soerat wangsoelan aglis, dadya kang poenang soerat, timingkem pan sampoen, pinaringken poenang doeta, sinangonan arta kalawan pisalin, doeta kalih mit nembah.

Sampoen lèngsèr kang doeta kakalih, saking ngarsa ingoemtapken bala, koeneng kang doeta lampahé, jata dipati Teroeng, noelja dandan sawadya sami, ambongkoki gegaman, toembak bedilipoen, tawok panah lawan pedang, woes soemekta noelaja mangkat sang dipati, ing daloe tan tengara.

Tan winarna lampahé kang balik, kawoewosa pakoewon ing Bintara, pangran Koedoes sarowangé, doeta kalih woes rawoeh, moengging ngarsa ngatoerken toelis, soerat aglis tinampan, mring pangéran Koedoes, winatja sinoekmèng drija, pangran Koedoes doek mirsa raossing toelis, asrep tyasnja ngandika.

Apa teroes lan oedjaring toelis, adipati ing Teroeng sanggoepnja, arsa telock ing kadangé, jèn njata gelem telock, déning gampang ing Madjapait, soen sidep anglenggana, dipati ing Teroeng, idepa kalamoen gampang, maoe-maoe soen wèhana soerat dinèm, tan kongsi béla pedjah.

Dasar ingsoen kang kaworan kibir, nora éling sédané djeng rama, tan nganggo soerat boekané, soen poepoes pestinipoen, kangdjeng rama séda prang sabil, tan antoek poepoelia, adipati Teroeng, lamoen soen walesa pedjah, toedoehingsoen angapoes pradjoerit loewih, njata nemoe doeraka.

Kyana patih Wanasalam angling, doeh pangéran sampoen salah karja, teroesna sabda waliné, sirik oedjar angapoes, lawan amrih kandel ing wingking, sang praboe Madjalengka, katah andelipoen, derapon samija ngongak, mring dipati Teroeng balik manggih oerip, pesti

tilar-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tilar sri nata .

S I N O M .

Kasaroe patjambeng prapta, toer oeninga awotsari, jèn dipati Teroeng prapta, sawadya sami ambalik, rasoekan tanpa keris, ambèngkok dedamelipoen, katoer sasélahira, praptaning sang adipati, pangran Koedoes kalintang soeka tyasira.

Imansemantri dinoeta, kinèn nimbali dipati, wotsekar anoelja mèntar, dipati Teroeng gya kérid, pangran Koedoes noeroemi, déning wakiling sang praboe, ingawé sang dipatya, noelja madjeng salam sami, djawab tangan sedaja asesalaman.

Jata woes tata alenggah, dipati Teroeng tan tebih, kalawan kangdjeng pangéran, alenggah djadjar dipati, moengging ngarsa langkoeng djrih, ngapoerantjang astanipoen, pangéran namoedana, matoer noewoen sang dipati, kyageng Séla wetjana anamoedana.

Matoer noewoen sang dipatya, goemantya rekyana patih, Wanasalam namoedana, ngling tarima sang dipati, pangran Koedoes nglingnja ris, paman adipati Teroeng, soewawi asowana, ing rakanta sang dipati, anoenggala dados sarowang kang raka.

Dipati Teroeng matoernja, sandika darmi nglampahi, saking marma djeng pangéran, kawoela toer pati oerip, tan njana temah djoerit, kawoela ngoetoes sang praboe, nimbali kakangemas, tan njana pinetoek djoerit, tan nanedya jèn poeroena kadang toewa.

Pan sampoen sami prasetja, tan wonten salah kang kapti, boedal moendoer mring Bintara, pangéran sawadya sami, garebeg sang dipati, Teroeng waoe lampahipoen, tan tebah lan pangéran, sawadya bala loemiring, lampahira ing marga datan winarna.

Glis prapta koeta Bintara, katoer dateng sang dipati, lampahé kangdjeng pangéran. ngatoerken sang adipati, Teroeng sampoen soemiwi, mbelja tinimbalan goepoeh, prapta ngarsa dipatya, dipati Teroeng ngabekti, dan rinangkoel pan asroe dènnja karoena.

Akatah sasambatira, angatoerken pati oerip, dateng kang raka Bintara, kang raka aris dènnja ngling, lah oewis ajya nangis, soen tarima arèningsoen, setyanira maring wang , nanging réwangana jaji, ingsoen arsa ambedah ing Madjalengka.

sagoeng

Sagoeng dipati Bangwétan, bebeken adja wèh djoerit, adjana kang kongsi prapta, tetoeloeng mring Madjapait, mongsa bodoha aji, wong Bangwétan teloekipoen, kang raji toer sandika, inggih darmi anglampahi, moegi-moegi angsala pangèstoe toewan.

Sakatahé wong Bang-wétan, toeloesa adjrih mring kami, jèn sampoen rampoeng kang karsa, kawoela anoewoen pamit, kang raka ngandika ris, lah ija pangèstoeningsoen, moegi lananga sira, adja na lawan ing djoerit, ingkang raji wotsekar mangaras pada.

Woes lèngsèr saking ngajoenan, dipati Teroeng gya midjil, pang gih lawan balanira, ladjeng boedal sang dipati, ènggar manahing dasih, poelih ing kasoeranipoen, wong Teroeng tigang nembang, pan sami pra soerèng djoerit, toewoek dadar toer sami oelig-oeligan.

Koeneng gantya kang winarna, Bintara sang adipati, pan arsa maharsèng joedá, ambedah ing Madjapait, pepak ingkang pradjoerit, tenapi pangéran Koedoes, myang ki ageng Sesela, sampoen sadijèng ngadjoerit, sang dipati amit ing para pandita.

Sagoeng kang para pandita, nastoeti djaja ing djoerit, djeng soesoenan Kalidjaga, ngastoeti paring koelambi, poepoendèn kyahi Gondil, sang dipati langkoeng noewoen, kyahi Gondl tinampan, 'sigra rinasoek toemoeli, sang dipati nembah amit noelja boedal.

Koemeroet kang wadya-bala, soemahap wadya pangarsi, lir boeboel boemi prakempa, kang kambah ing koeda djalmi, lir ombaking djeladri, tengara moenja abaroeng, lan pangriking toerongga, kadya karengèng wijati, goenging wadya timon lir giri pawaka.

Pangéran Koedoes nèng ngarsa, sawadya bala wong santri, lir Nabi Joesoef toemedak, dadya pangandjoering djoerit, kang soemamboeng ing ngwoeri, kyageng Getaspendawèkoe, sakoela wangsanira, poetra wajah datan kèri, woerènira kang soemamboeng wong Bintara.

Kyana patih Wanasalam, kang ngirit poenggawa mantri, soemahap wong tigang nembang, ing woeri Imansemantri, apan dadya tetindih, pradjoerit djro tigang èwoe, ing woeri sang dipatya, Natapradja nitih wadjik, pinajoengan lir pèndah betara Rama.

Mangkoe wadya sesoliran, atmadjaning sabat moerid, asta dasa ngaken darah, sami nedya pedjah sabil, moengging ngarsa dipati, angalingi djadjanipoen, kang grebeg anèng woentat, pangrembè lan djoeroe

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

djoeroe sabin, myang sentana wong Poelèmbang ageng prapta.

Myang pandjoeroeng pra pandita, ketib modin lawan pekir, adjar wasi myang djedjanggan , djoeroe terkis iladoeni, tan wilangan nèng woeri, goemredeg timbak koemeboel, agri ingkang boesana, awarna-warna mepeki, tjantrik santri adjar pekir wor maksijat.

Tangèh rengganing loemampah, soemreg kang bala loemaris, balabar saking ing ngarga, amradjang ing wana wokir, kadya wokir kabesmi, sinoesoel mring ombak agoeng, woes lepas lampahira, ing marga datan kawarni, aglis prapta pabarisan Madjalengka.

Koeneng gantya kang winarna, oetjapen waoe kang baris, pradjoerit ing Madjalengka, poenggawa para dipati, arja Tiron tenapi, ki Babos lawan Blagedoer, kalawan arja Poespa, Poelangdjiwa Ondamoi, lawan rongga wadoe adji pengalasan.

Pan sami soesah kang manah, pisah lawan sénapati, pan sampoen mijarsa warta, ing Teroeng sang adipati, moendoer kasoran djoerit, anglès tilar baris agoeng, datan mawi wawerta, sawadyané sampoen mikir, apan sampoen mantoek mring Teroeng negara.

Poenggawa ing Madjalengka, sedaja areboet pikir, mantoek dateng Madjalengka, déning pisah sénapati, jènta anempoeh djoerit, sapa kang ngadoe prang prang poepoeh, tinilar sénapatya, sasat tinilar sang adji, sampoen rembag sigra boedal saha wadya.

Moendoer datan atengara, soemreseg syaraning djalmi, katoendjang kang moengsoeh prapta, wong Bintara anoetoeti, wadya ing Madjapait, tan wonten kang poeroen poepoeh, giris moelat prabawa, prabawané moengsoeh prapti, ngawang-awang koemerangsang awor gelap.

Kilat tatit maliweran, andres midit kang ngin angin, soemerot kadi kijamat, goemleger swarèng wijati, prakempa boemi gondjing, samodra moenja djoemegoer, goemoentoer graning arga, goemèrah syaraning boemi, djalma katah anjipta lamoen kijamat.

Goegoep kang wong Madjalengka, loemajoe aniba tangi, angoengsi marang negara, sawenèh ngoengsi mring wokir, arembon tan loemaris, rinoeboeng tawon loemajoe, loemajoe asarsaran, tamboeh gènira angoengsi, dadya balik awor lan wadya Bintara.

Jata

Jata pradjoerit Bintara, kang baris saja angrampit, praptèng nagri Madjalengka, baris sadjawi negari, tan wonten metoek djoerit, tintrim wadya Madjalangoe, tan wonten darbé manah, ngeloeloen tan poeroen djoerit,ageng alit tan wonten kang ngrasa gesang.

Oetjapan pangran dipatya, rahadyan Bondansoerati, ginadang goemantya rama, éndjing boesana ngadjoerit, baris anèng sitinggil, sawadyabala soepenoeh, arja simping nèng ngarsa, pepak sentana dipati, myang satrija pra poetra ing Madjalengka.

Pepak sagegamanira, kang arsa magoet ing djoerit, kasaroe waoe kang prapta, kang kaboedjoeng ing ngadjoerit, arja Tiron tenapi, arja poespa lan Blagedoer, prapta ing ngarsanira, oematoer ing radja siwi, toer oeninga jèn kaboedjoeng déning mengsah.

Pisah lawan sénapatya, ing Teroeng sang adipati, anglès saking ing pajoedan, wong Bintara ngrampit wani, ngantjik dawi negari, sagoeng wadya Madjalangoe, tan poeroen magoet joeda, kalintang girîs ningali, ing prebawa sekti dipati Bintara.

Sampoen katoer solahira, doematèng sang radja siwi, ing poerwa praptèng woesana, lintang doeka radja siwi, arsa amit rama dji, amagoet moengsoeh kang rawoeh, radyan dèrèng oeninga, jèn kang rama sri boepati, sampoen meirad sagarwa miwah kadatyan.

rahadyan Bondansoerati,sapraptane djroning poera,
Jata kondoer malbeng poera kadaton datan kaeksi, tilase dadya rawi, tan wonten djalma kadoeloe, radyan moendoer karoena, tamboeh raosé kang galih, langkoeng mérang moelat ingkang wadya bala.

Dadya lolos sesingidan, lawan perpatira kalih, tan arsa magoet ing joeda, déning sagoeng poesaka dji, binekta mring rama dji, pratonda tan klilan poepoeh,telas ing galihira, déning kang rama sang adji, sirnanira tan weweling mring kang poetra.

Lestari ing lampahira, rahadèn Bondansoerati, dènnja lolos saking poera, tan wonten ingkang ngoedani, koeneng ingkang kawarni, poenggawa ing Madjalangoe, kang baris pagelaran, anganti sang radja siwi, ingkang arsa magoet moengsoeh wong Bintara.

Arja Simping mring djro poera, anoesoel mring radja siwi, rahadèn tan pinanggih, dadya rawa djro kedatoen, amoeng kraton pagentan kang taksih amaglik-maglik,enggonira dyah ratoe kang kari bronta.

Arja

Arja Simping wangsoel sigra, mring paglaran noelja panggih, lan kantjanja pra poenggawa, satrija para dipati,ki arja soeka warti, jèn sampoen mèkrad sang praboe, tenapi radja poetra, rahadyan Bondansoerati,sareng sirna kadatyan dadya rerawan.

Kagyat kang samya toemingal, ing woewoesé arja Simping, sadaja karoena samya, asambat goesti sang adji, dadya samya apikir, arja Sesimping tinantoen, ing sarèhirèng joeda, nanging ki Arja Sesimping, tyas ngeloeloen tan arsa magoet ing joeda.

Rembag noengkoel mring Bintara, djer njata sang adipati, Natapradja ing Bintara, kang antoek sih bétara di, rinodjong para wali, soedibya sekti pinoendjoel, moepoegi ing ngagoena, Bintara sampoen pinasti, angawiti ratoe asmara agama.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

DJOEMENENGIPOEN ~~ADIPATI~~ ADIPATI MAS NGABEI

SALORING PASAR NGANTOS KEPANGGIH

LAN RATOE KIDOEL.

TOEMIN

DJOEMENENGIPOEN RATOE ING M A T A R A M .

MEGATROEH.

Lah kiraka poenapata karsanipoen, déné aséba mariki, pepak lan sapoetranipoen, wonten karjané kang gati, ki Djoeroe oematoer alon.

Wijosipoen kawoela pan asoeng weroeh, doemateng sri narapati, raka pandoeka Mentaroem, wonten karsané Jyang Widi, mantoek rahmatoelah lajon.

Pan sedaja poetra rakamta Mentaroem, soemongga karsa sang adji, djeng soeltan sanget angoengoen, adoeh anakingsoen jekti, tan njana dingini mring ngong.

Jèn soen poepoes jèn karsanira Jyang Agoeng, singa ingkang andingini, moega djembara kang koeboer, ki Djoeroe oematoer aris, koela soemongga djeng katong.

Poendi ingkang kinarsakaken sang praboe, jèn wonten karsaning adji, pan poetra mata sedaroem, sang mata ngandika aris, lah pada ngoedjoenga mring ngong.

Dyan Ngabèi angèstoe pada roemoehoen, goemanti kang raji-raji, sedaja pan sampoen moendoer, angandika sri bopati, doemateng ki Djoeroe alon.

Kang prajoga gentèni anèng Mentaroem, saoewisé kakang lalis, kang gentèni loenggoehipoen, poetraningsoen ki Ngabèi, loring pasar kang paloenggoh .

Djoemenenga dipati anèng Mentaroem, lan soen patedani nami, Sénapati Ngalagèkoe, ajya owah kadya dimin, dèn bisa angipoek owong.

Kasoekana toeloesa wibawa bésoek, ana negara Mentawis, apa déné kakang djoeroe, amomonga Sénapati, Ing ngalaga poetraningong.

Angandika malih sultan mring wadya goeng, hèh patih oendangna sami, saroepané wadyanipoen, jèn ing mengko karsa mami, tilaré kakang goemantos.

Anak

Anak ingsoen Ngabei lor pasar ikoe, soen gentèkken kakang syargi, tetepa saloenggoehipoen, apan ta soen gandjar nami, sénapati apaloenggoh.

Nagri Mantaram awibawa anakingsoen, kyana patih awotsari, pan sandika atoeripoen, wadya ingoendangan sami, goemerah atoer poenang wong.

Angèstrèni sagoengnja atoering wadòe, dadosé radèn Ngabèi, gentosi anèng Mentaroem, dinadosaken boepati, djoemoeroeng sakèh poenang wong.

Kapatedan nama Sénapati ikoe, Ngalaga nagri Mentawis, wong Mentaram soeka soekoer, ageng alit boengah sami, goestiné olèh sih katong.

Sultan Padjang seklangkoeng sekeling kalboe, sasédané kadang nèki, wekasan manah pinoepoes, ngandika mring dyan Ngabèi, Sénapati karsaningong.

Ajya séba jèn doeroeng genep satahoen, agémahena kang negari, kalamoen oewis sataoen, asébaha marang mami, wakané koe wekasingong.

Kyai djoeroe matoer dateng sanga praboe, pan sandika atoer nèki, Sénapati Ngalagèkoe, oematoer sarja wotsari, sandika toeré mring katong.

Sénapati noewoen amit mring sang praboe, soemoengkem sarja ngabekti, ki djoeroe salaman sampoen, poetra sadaja ngabekti, woes boebar sing ngarsa katong.

Moelja koendoer sang nata woes angadatoen, kang garwa ametoek sami, datan kawarna sang praboe, Sénapati kang winarni, nagri Mantaram woes rawoh.

Tan antara laminja nagri Mantaroem, langkoeng katah djalma prapti, sakalangkoeng gemahipoen, mirah sandang lawan boekti, barang kang tinanem awoh.

Tirta noempang amradini ajemipoen, pan sitinja wedi wradin, saja wewah djalma rawoeh, adjedjel atap apipit, akedik siti kang awon.

Datan ana siti bera papan samoen, sengkoet djalma namboet kardi, samya aremen sadaroem, sadina-dina kèh prapti, djalma nedya wismèng kono.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kang

Kang mijarsa kapéngin wroeh remen doeloe, kapiloe akarja panti, wong kang betjik akèh rawoeh, katjarjan ladjoe pepanti, karasan katrem angradon.

Nagri anjar rahardja gemah kalangkoeng, pilih kang datan kapéngin, woes dadi pradja geng poendjoel, tan kotjap gemahing nagri, woes djangkep walering katong.

Sareng djangkep sawarsa dadya pradja gòeng, woes wibawa Sénapati, ing Ngalaga nèng Mantaroem, mèndra angangipoek djalmi, ing sabdané rama karo.

Sénapati Ngalaga moekti kalangkoeng, ingkang tansah mitoetoeri, anenggoeh kijahi Djoeroe, Martani ngatag mring siwi, moeirh sowana mring katong.

Alon nabda marang poetra kyahi Djoeroe, pagéné ki Sénapati, tan séba mring ramanipoen, Sultan Padjang ngarsi-arsi, déné sabdané kawi jos.

Mangsanira ingkang woes kalilan praboe, walerira moeng sawarsi, tan keni loewih sataoen, Sénapati moewoes aris, bèndjing koela sowan katong.

Lamoen wonten oetoesanira sang praboe, prapta nagri ing Mantawis, ki Djoeroe ngandika aroem, ngendi ana kawoelèki, nganti oetoesaning katong.

Déné dingin woes simoeng djangdji mring praboe, marang sira doek ing ngoeni, sébaha jèn woes sàtahoen, mring ramanira sang adji, pangandika kang woes dawoh.

Pan ing mengko woes sawarsa anakingsoen, sébaha mring Padjang noeli, jya gegawa marang ingsoen, jèn tan séba para kaki, kanjana déné sang katong.

Woes dèn doega manira kang awèh woeroek, marang pekenira kaki, tjiptanira sanga praboe, Sultan Padjang soen wetawis, dedoekané marang ingong.

Ingkang dadi doekané ramanta praboe, ingsoen wong atoewa iki, nora memarahi soenoe, tanpa karja awak mami, tan moelang marang wong anom.

Woes pantesé wong toewa asoeka woeroek, pakarjan kang betjik, wong

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wong anom prajoga noeroet, ing ngawal lawan ing ngakir, amanggih rahardja kang wong.

Marmanipoen manira nelasken kajoen, gèn manira asoeng péling, manira soekan kaseboet, wong toewa tan memarahi, mring djenenging anak anom.

Angandika malih waoe kyahi Djoeroe, marang poetra Sénapati, Ing ngalaga wetjana roem, para pikiren dèn betjik, wesanané wpelang ingong.

Sampoen ina manira dadya wong sepoeh, tan pegat soen wewarahi, marang sira poetraningsoen, langkoeng éwoeh awak mami, kinarja serati ingong.

Oepamané seratining liman ikoe, roemeksa kareping èsti, pangané lan enggènipoen, wong serati kang ngladèni, lah rasakna poetraningong.

Kaja para aparèntah wong Mentaroem, para kèn anjitak iki, pan kawarta ikoe bésoek, saking ing Padjang negari, Padjang Mantaram akèh wong.

Pada dagang ana teka loenga agoeng, wong ing Padjang mring Mantawis, Mentawis m ring Padjang agoeng, tan pegat akèntar prapti, doemadak katoer sang katong.

Boja sisip pandoegané manahingsoen, katoeré polah irèki, mring famanta sanga praboe, Sénapati lingnja aris, aleres dinoegi kados.

Langkoeng leres woelangnja oewa sedaroem, saketjap tan wonten sisip, koela tarima kalangkoeng, prajogi wo asoeng péling, genti ingkang winiraos.

Katjarita Sénapati asesoenoe, sesanga katahing siwi, sapta ingkang poetra djaloe, poetri waoe kang kekalih, tjahja nelahi kinaot.

Panbadjengnja djaloe warnanira bagoes, nenggih waoe ingkang bibi, saking Lèpènnjamat ikoe, dèn Rongga ingkang wewangi, apoendjoel tjahja mentjorong.

Nanging kadangira takèh timoer-timoer, pramila dèrèng kawarni, namoengta poetra panbajoen, abagoes wanter ing boedi, ategoeh sakti kinaot.

Apan saweg roemadja poetra sang bagoes, wajahipoen winatawis, joesyanira dyan tjinatoer, pan saweg sadasa warsi, sektiné tana wimaot.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Radyan

Radyan Rongga arosa wanter ing kalboe,ategoeh pilih toemanding, kalangkoeng prawiranipoen,tan ngoengak kasoeran nèki, djalma goeng alit kang anom.

Mring djeng radyan Rongga djrihira kalangkoeng,koentjara rahadyan pekik, awanter ategoeh timboel, tan wonten kang dèn adjrihi, sakèhé kasoeraning wong.

Kaloehoeran mring radèn Rongga sedaroem, ageng alit sagoeng djalmi, manahira djrih kalangkoeng,sadaja awedi asih, amanis wetjana alon.

DANDANGGOELA

Data tita lingira ing ngoeni kang kotjapa kangdjaeng sultan Padjang,siniwèng wadya balané, adipati toemenggoeng, petjattonda lawan ngabei, arjo rongga lan demang, pandelegaripoen, kandoerochan lawan ingkang, wadoe adji toemoengkoel moeka nèng siti, toemiling nadah sabda.

Sultan Padjang moenggèng siti inggil, pan pinarak anèng singasana, dampar kentjana manikè, apan lalèmèk haboed, pan malijo isinja sari. tjahjanira sang nata, lir woelan kawerloe, sedengé lagya poernama, wadya anon akoetjem mérang ningali, déning sultan lir soerja.

Sultan Padjang sigra dènja ngling, marang wadya anèng ing ngarsa, hèh patih apa wartané, Sénapati poenikoe, soetèng oeloen anèng Mentawis, déning lawas tan séba,apan wis satahoen, semajané wis kaliwat, ikoe ija malélangi anèng langit, woelan weloe poernama.

Semajanja apan oewis prapti, sanghyang Soerja mèh soerorpé ika, toendjoeng koentjoep megar kabèh, déning wis djandjènipoen, mapan nora kena goemingsir, apa karané ika, soeteng soen tan rawoeh, Sénapati ing ngalaga, ing djangdjiné kalawan ingsoen ing ngoeni, dadya madajèng ngoedjar.

Sultan Padjang ratoe digbya sekti, manahira lir hongsa anglajang, moelook salah kahanané,wadya bala sadaroem, samya kagyat sadroning ati ,déné miarsa oedjar, kira sanga prabee,dadya oematoer ki patya, mring sang nata kawoela miarsa warti, risang Soetawidjojo.

Koeneng

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Koeneng mangké tan séba ing ngadji, karsa balik malah sampoen njitak, akarja kita arahé, binatjangah poenikoe, Sultan Padjang sigra dènnja ngling, Ngabèi Wilamarta, lan Woeragil ikoe, sira menjanga Mantaram, dèn waspada satingkahira ing ngoeni, ri sang Soetawidjaja.

Doetanira karo angestoeti, mangoesapi leboe ing soekoe sang, sigra mesat doeta karo, anitih koeda amproeng, mring Mantaram ki Sénapati, sonja anèng Lipoera, doeta kalih noescel, ing Lipoera sigra prapta, Sénapati dènja kapanggih anitih, ing koeda apetjalang.

Kyai gedé Woeragil sigra ngling, angabèi Wilamarta neda, moedoen saking koeda agé, nimbalaken pamoewoes, Sultan Padjang mring Sénapati, ngabèi Wilamarta, sigra dènnja moewoes, ki Gedé Woeragil ika, djeng ngandika arjo medoen saking wadji, Sénapati ngalaga.

Misih manggoeng anèng lochoer wadjik, djengandika doetaning narèndra, nista ing mantri tandangé, déning moedoen karoehoen, saking wadjik kang dèn timbali, misih amoenggang djaran, djeng ngandiaka ikoe, nora béda lawan sultan, kang akèngkèn saroepané doeta singgih, dipoen ngrasa satoenggal.

Sénapati ing ngalaga angling, man Woeragil lawan Wilamarta, ragané baja kinongkon, doeta karo amoewoes, dahat oeloen doeta rama dji, angemban pangandika, nira sanga oeloen, mangan nginoem marènama, asébaha marang padjang dipoen aglis, myang kata akoerisa.

Doeta karo sinahoeran aglis, Sénapati meksih noenggang djaran, matoera mring sultan agé, aséba oeloen bésoek, lamoen sultan amemarèni, angalap soetanira, lawan garwanipoen, dé amangan nginoem ija, oeloen kinèn memarèni oeloen magsih, dojan nginoem amangan.

Oeloen kinèn akoerisya iki, néning sultan karja apa réma, toewoeh lan karepé dewé, japa géné tjinoekoer, malah dadja oeloen poeniki, teka para mantoeka, matoera sang praboe, jèn mengkono atoeringwang, doeta karo Wilamarta lan Woeragil, amit Moelih mring Padjang.

Sigra lampahing doeta woes prapti, pan toemamèng sira ing kyantara, tjoendoek lawan sultan agé, nembah mangoesap leboe, ing soekoe sang noelja mabikih, silanira mangrepa, doeta noelja matoer, rèning kawoela dinoeta, dawahaken pangandikaning sang adji, doemateng poetra nata.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sénapati

Sénapati , Ngalaga Mentawis, katimbalan sétaha mring Padjang, sampoen oeloen dawahaké, timbalané sang praboe,poetra nata ki Sénapati,ngalaga marènana, amangan anginoem, lan malih kinèn koerisya, poetra nata pan sampoen koela dawoehi. oendjoké poetra tocan.

Pan kawoela kinèn ngroemijini, oemantoeka doemateng ing Padjang; oebanggi sawoerèningong, kadjengé poetra praboe, padanana dènnja ngabekti, asowan mring padoeka, sendika toeripoen, pangaksamaning narèndra, randatipoen lampahé tan sowan adji,Sénapati Ngalaga.

Sampoen telas toering doeta kalih, ki Woeragil lawan Wilamarta, djeng sultan étja manahé, déningta atoeripoen, doetanira ngétjakken galih, patoet jèn mangkonoha, Woeragil makingsoen,ki Woeragil Wilamarta, kinèn medal moendoer saking ngarsa adji, sultan ngandika semaja.

Jata tita lingira ing ngoeni, kang kotjapa Sénapati Ngalaga, ri sedengira ta mangké, lawan kijahi Djoeroe, amartani sigra dènnja ngling, Sénapati Ngalaga, kadya paran ikoe, rahan dika ikoe njawa, nora mangkat ingandikan rama adji, tan wandé manoengsoehan.

Oeloen ngatoeri oeninga inggih, kadipoendi kita memoengsoehan, sapa kita karja topèng, mantri Mataram takoet, jèn adoenen lawan ramadji, sultan Padjang koewasa,digbyanja kalangkoeng, telik tandaning kang doesta, tan toemama ing ngabyantara bektèni, agoepoeh sirèng nèndra.

Sinoedoekan déra poenang telik, sultan Padjang étja dènnja nèndra, lir laler mèntjok rasané, kampoehipoen tan poetoes, para garwa pra samya andjrit, sultan pinareloetan, kagyat noelja woengoe, ningali kang para garwa, pada nangis goemroemoeng anèng ing sikil, anreka jèn kabranan.

Katahipoen wong ngirèng Mentawis, naming domas ikoe jèn kerigan,pesti jèn doedoe timbangé, jèn moenggoeh sanga praboe, pesti rempoe wadya Mentawis,sapa dèn andeleng,déné tandingipoen, timbangen lan radèn poetra,tana sisih poetra wadya pan akedik,pan sèwoe balanira.

Witning poetrané sri narapati, kang djoedjoeloek pangéran Benawa, wong tigang èwoe katahé, woes déning para mantoe, adipati ing demak nagri, sangang èwoe balanja, ana ingkang mantoe, ija ki

dipati

PERPUSTAKAAN NASIONAL

dipati Toeban, balanipoen wong woloeng èwoe sinekti, mantoe poetoe kang aran.

Adipati ing Banten negari, wadyanira patang èwoe ngétang, wong Mentaram domas kèhé, wesi karjanen baloeng, pan tembaga karjanen koelit, nadyan otota kawat, gegala kang soengsoem, tan wandé kalah kang domas, ginaroemoeng déning wadya Padjang nenggih, tan woeroeng kasor ing prang.

Lir antigan séla ingkang ngapit, wong Mantaram oepami antigan, wadya Padjang lir sélané, jekti kalah kang teloe, oeloen karja ngoepama malih, doerjan wadya ing Padjang, wong Mentaram timoen, jektiné mongsa menanga, ingkang timoen doerjan pama kang mindihi, doerjané ingkang menang.

Anglir sasi wadya ing Mantawis, bala Padjang oepamané soerja, ing rahina midjil agé, sasi koetjem tjahja tjoem, mérang ingkang oedjyala kendih, dé oedjyalaning soerja, apa kang dinoeloe, lir api wadya Mantaram, wong ing Padjang lir oedan dres saking langit, geni kodanan pedjah.

Kadipoendi lah ki Sénapati, jogyanira moengsoeh sultan Padjang, lir kita oega ing dewé, ngandelaken jèn tegoeh, rosanira myang débya sekti, tepoenga poepoe djongga, myang kantaran bahoe, mring ramanira sang nata, oeloen iki akoetjem mérang ningali, moekané mantri Padjang.

Mèndahané kapirsaha kaki, mring pradja lyan myang nagri ing sabrang, kang sengit dadi goejoené, déning moengsoeh sekoetoe, jèn tinarka lijan narpati, Sénapati Ngalaga, èntèng bobotipoen, katoedjoe wanija aprang, moengsoeh jajah angrasa tana madani; moengsoeh soeta myang bapa.

Pangrasané atiningsoen iki, jèn moengsoehana lawan wong lijan, sapeloeh padjang gedéné, apanta oeloen poeroen, nadyan djagat kebeka iki, nadyan barenga mara, woes pantes wong djaloe, jogya midjila ing ngrana, ginaroemoeng tinoeb waos lawan bedil, towok téloep lan panah.

Pekenira lah ki Sénapati, manoengsoehan lawan sultan Padjang, tri prakara kahinané, dingin amoengsoeh goeroe, kaping kalih amoengsoeh goesti, katriné wong atoewa, ingkang kita moengsoeh, inggih

dédé

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dédé kang ajoga, sasat bapa nakingsoen ki Sénapati,kinempit alit mila.

Lirning goeroe rama kita adji, mapan kita winoeroek ing sastra, doek kala alit balègé, tatas saraosipoen, noelja kita winoeroek malih, karosan kadigdajan, kita digbya loehoeng, sira loemebèng samodra, datan teles lir ngambah daratan ngriki, dèn obong tan gesenga.

Pan masalah ngèlmi dadi mantri,myang dipatya miwah dadya nata, pan winoeroek sadajané, woetah sadjroning kalboe, marang kita ramanira dji, poerwané kita digbya, sekti ambeg poendjoel,poenapa wewalesira, marang sultan mapan para weos asinggih, mengkoe rat bala domas.

Sénapati Ngalaga anangis, djroning nala déning amijarsa, wirajaté kang wo mangké, apan kijahi Djoeroe, Amartani woetah dènnja ngling, Sénapati Ngalaga, mangrepa toemoengkoel, angrasa jèn kaleresan, dan soemilih Sénapati ing Mantawis, alon dènira modjar.

Pan kijahi Djoeroe Amartani,kadipoendi réka djangandika, kang poendi jogya inganggé, koeneng wong dadi ratoe, déné loemoeh kawoela iki, séba marang ing Padjang, nenggih karsa oeloen, tetepa anèng Mantaram,tekèng léna toemoeroena soeta mami, myang poetoe boejoet tjanggah.

Kyahi Djoeroe Amartani angling, dèn wroeh toenggalira sinembah, mapan ikoe sedjatiné, jogyanira poenikoe, anedaha dipoen mastiti, aneges karsaning Hyang, amoerwèng pandoeloe, ing goesti lawan kawoela, kanjatahan kawoela kalawan goesti, lir satoe lan rimbagan.

Jèn wis njata tingalirèng Widi, pan tedanen nagara ing Padjang, ngidepa ing kita mangké, sakèhé para ratoe, lawan kita dadija adji, soemiliha ing Padjang, gampangena ikoe, pintanen marang hyang Soekma, temen-temen idep para mring Hyang Widi, goesti lawan kawoela.

"Kaping kalih pintanen mring adji, marang ramanira kang sinembah, dipoen waspada tingalé, tanapi ta ing kawroeh, silanira kang anggoeng ing sih, déné sri naranata, lah endi poekoeloen, poenapa nalikanira, lakoe linggih solah moena lawan moeni, pratjina dadi mata.

Lamoen séba mring ramanta isin, marang padjang mintaha negara, tedanen

tedanen ana ing kéné,déné doh perakipoen, lamoen njata wadya mring goesti, adoh tanpa wangenan, jèn perak poenikoe, tan anggepok ing sadira, kanjatahan lir roepa kalawan manis, tan kénging pisahena.

Apan njata hèh ki Sénapati, sampoen noenggal rasa lawan Sultan, sakoetoe nora kaliné, jèn tarkaning ingoeloen, lamoen sultan tekèng ing lalis, ing pandjenenganira, amengkoe kapraboen, jekti anak kang atoewa, anggentèni pandjenenganira adji, nora lyan lawan kita.

Nadyan katah poetrané sang adji, noramana lijan kang atoewa, kinempit alit milané, kang dadi manahipoen, nanging kita ramanta adji, kang dadi pangahoeban, sakèh kang sesoenoe, sultan tjahjané noerboeat, woes angalih marang kita oewis pesti, anggentosi ing sultan.

Hèh ki Sénapati pan woes ólih, kita djaring ing patang patang prakara, kang dihin wong atoewané,pindo sabdaning goeroe, kaping tiga sabdaning goesti, mapan dadi satoenggal, jekti nora woeroeng, gènira djoemeneng nata, nganti sangat pelaken marang Jyang Widi, kita asroe brontaha.

Sasampoenira wineling-weling, sénapati dateng ingkang oewa, kyahi Djoeroe lon delingé, paran karsanirèkoe, Sénapati Ngalaga angling, oewa lamoen sembada, jinektosan ikoe, wirajaté kangdjeng soeman, Ngarga Poera kawoela oewa jektosi, kyahi djoeroe ngandika.

Alah pajo atirakat sami, gya oemengkat lawan ingkang oewa, kyahi Djoeroe Mertaniné, marang ing ngardi kidoel, apan ladjoe noeroet pasisir, Sénapati karsanja, amisaja manoek, apapikat lan kang oewa, noelja antoek perkoetoet ingkang nglangkoengi, ageng oengelnja pélag.

Ladjoe pinanganggèn ponang peksi, kinrontjongan waoe soekonira, lelèpèn kentjana oeré, dipoen oetjoelken semproeng, peksi miber mring anggas malih, mèntjok étja kang manah, noelja moenja ngoengkoeng, mangkana oengeling peksa,adoeh goesti paran kawoela poeniki, oemales sih pandoeka.

Déning koela kapotangan oerip, doek samana ingsoen palastra, sinamboet dateng mak angger, mangké kinarja ratoe, angganingsoen mring Sénapati, sakèhé tapaningwang, akekadar ingsoen, katoera mring Sénapatya,sakatahé poedji dikir oeloen inggih, katoera Sénapatya.

Saben

Saben -saben angsal peksi inggih, woesing ngalèn alènan sadaja, ladjoe dipoen oetjoeleké, sami panedanipoen, ingkang paksi sawidji-widji, jèn saben-saben arsa, atirakat waoe, inggih pan mekaten oega, lampahira kyahi ageng Sénapati, andjadjah kang negara.

Nahen ingkang kawarnaha malih, poetrané ki Giring Wanatara, ing goenoeng kidoel wismané, sak sédané ramèkoe, amangsoeli doekoeh ing Giring, maksih moemoeri lampah, ing soedarmanipoen, kyai geng Giring westanja, mangoen tapa kalih kadangira èstri, gentoer soetapa nira.

Woes kaloka jèn pandita loewih, kyai ageng ing Giring semana, dadya patakoanan gedé, sekèh wong oeroet goenoeng, pan sadaja sami djrih asih, jata kang kawarnaha, kang anèng wana goeng, panembahan Sénapatya, lan kang oewa kijahi Djoeroe Mertani, tansah keloentaloenta.

Sampoen pitoeng dina pitoeng bengi, gyannja papikat nèng madya wana, ketiga dawa mangsané, panas sanget kelangkoeng, jata waoe ki sénapati, langkoeng dènnja kasatan, arsa nginoem banjoe, atakèn marang kang oewa, kyai djoeroe ngandika tanana warih, ingkang poetra ameksa.

Lah ki djebèng ngendi ana warih, anèng tengahing wana gerotan, adoh kidoel lawan elèr, Sénapati amoewoes, dika golèk oewa kang warih, sahangsal-angsal dika, koela arsa nginoem, kyai Djoeroe angandika, jèn mengkono lah ki djebèng Sénapati, pajo mampir ing wisma.

Ingsoen dingin doewé mitra kaki, wétan bener kéné dépokira, ki gedé Giring namané, jèn meksih slamet ngoemoer, lahta pajo pinaran kaki, anoelja sami mangkat, ki Djoeroe lan soenoe, ngétan baner lampahira, tan winarna ing marga apan woes prapti, soeta nèng dépokira.

Praptèng natar ki Djoeroe Martani, lan kang poetra kyai Djoeroe modjar, apa nèng ngomah soetèngong, ki gedé Giring goepoeh, medal wisma waoe mingali, jèn ki djoeroe kang prapta, ngoewoeh kadangipoen, lah jaji anggagelara, woes gagelar kyahi djoeroe dèn atoeri, kalajan ingkang poetra.

Sami

Sami sasalaman tiga noeli, kyai Djoeroe lan ki gedé ika, katiga Sénapatiné, sareng woes lenggah waoe, aris tanja ki ageng Giring, saking poendi pandoeka, kyai djoeroe moewoes, aris widjiling wetjana, teka ngalas manira ngoepaja peksi, ladjoe tindjo mring para.

Kapindoné mampir ingwang iki, lawan arènira Sénapatya, kasatan amrih warihé, lan ingsoen aweh weroeh, marang para nak ingsoen iki, poetrané ramanira, kyahi geng Mantaroem, djaloe iki pambadjengnja, kang awasta Sénapati Ngalagèki, gentèni ramanira.

Noelja goepoeh kyai geng ing Giring, moendoet toja marang arènira, èstri toeroet ing kadangé, sinahosaken sampoen, mring kijahi djoeroe Martani, lawan mring Sénapatya, toja woesing ngoendjoek, sampoené anginoem toja, Sénapati Ki Djoeroe lan ki ageng Giring, pra samya agoepita.

Ki geng Giring émoet ingkang galih, jèn kang rama doeking waoenira, aneda ganti warisé, semana ramanipoen, asroe dènnja maneda dingin, menggah waris karatyan, mring ki geng Mentaroem, kyai geng Giring angoetjap, dateng waoe panembahan Sénapati, lah dawek rarembagan.

Bok soewawi noeloesken wak mami, panedané rama mring ramanta, mangké koela noetoegaké, jaji kalajan ingsoen, bok inggiha patoetan sami, tedak pisan kéwala, myang ping kalihipoen, kyahi djoeroe alon modjar, lah ki djebèng Giring manira tan oening, takdiré karsaning Hyang.

Sapa kang weroeh woeri-woeri, woes pinasti sadoeroengé ana, marang kang moerba djalmané, tan koewasa nakingsoen, jèn sanggoepa manoengsa iki, njanggoepi kang tanama, perkara poenikoe, oepamané anakingwang, kadya sarah nèng toja geng sarah mosik, anoet ombaking tirta.

Karsaning Hyang oepamané warih, sarah ikoe oepama manoengsa, datan wikan ing tibané, rajinta datan weroeh, ingkang sinoeng noegraha bèndjing, ja ing saterahira, jèn woes pastènipoen, lèh waris djoemeneng nata, nora bakal kyai djoeroe sigra amit, kalawan ingkang poetra.

Sampoen

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sampoen mangkat ki djoeroe Martani, lan kang poetra Sénapati Nglaga, ki Geng giring panedyané, noetoeti lampahipoen, toeroet marga pan sarwi angling, sanget dènira modjar, ngantos tedak pitoe, panedané ki geng ika, kyahi Djoeroe tan soeka nglindoeng Hyang Widi,ki geng kèndel kèmengan.

Sampoen ladjeng waoe Sénapati, lan kang oewa mandjing wana wasa, dan sami rèrèn kalihé, angling kjahi djoeroe, alah djebèng ki Sénapati, ana soemelang ing tyas, apa sira anoet, kaki marang pikiringwang, panembahan Sénapati anahoeri, inggih noeroet manira..

Kyahi djoeroe angandika aris, jèn sira toehoe anoet maring wang, lah pajo bali ki djebèng, menjang ing wismanipoen, kakangira ing Giring malih, ika kang doewé kadang, èstri karsaningsoen, kaki sira rabènana, Sénapati kèndel datan anahoeri, sedjatiné tan arsa.

Kyahi djoeroe angandika aris, lah ki djebèng prijé karepira, déné asoewé mindelé, panembahan oematoer, mring kang oewa koela tan apti, déné awon warnanja kaping kalihipoen, ki Giring kalawan dika, déning sampoen sadèrèk sahéka kapti, koela sanget lenggana.

Kyahi djoeroe noelja mitoeteri, werochanira jèn kapeksaha, ing tembé dadi riwoeké, jèn tan kalakon ikoe, ngarégoni kang woeri-woeri, ki Giring tedakira, mring tedak sirèkoe, Sénapati dan angoetjap, inggih oewa poenapa rèh kang prajogi, koela inggih soemonggo.

Alah inggih oewa ngong toeroeti, ing sakarsa dika kang prajoga, sok sampoen dadya riwoeké, sawoeri woerinéngsoen, pan toeloesa dados narpati, noelja wangsoel seksama, prapta wismanipoen, kijageng Giring agepah, aningali ki djoeroe lan Sénapati,gya ingatoeran lenggah.

Katiganja sami tata linggih, anèng balé kyahi djoeroe modjar, wangsoel manira ki djebèng, sampoen soelajèng kalboe, jèn arinta ki Sénapati, ingkang adarbé karsa, manira djoemoeroeng, jèn kadang para wanodya, jèn sembada daoepa lan Sénapati, jèn sardjoe lawan sira.

Kyahi Giring anahoeri aris, sokoer bagé jaji lamoen arsa, soedi moepoe mring kadangé, tan kawarna ing woewoes, sampoen dadya ningkah toemoeli, solahé tan winarna, woes tjarem saloeloet, kèndel

Giring

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Giring pitoeng dina, kyahi djoeroe lan kang postra woes apamit, émoet kang anèng woentat.

PANGKOER.

Linilan sigra semangkat, kyahi djoeroe kalawan ingkang siwi, mantoek dateng ing Mantaroem, garwa datan binekta, lampahira kekalih samya lestantoen, prapta nagari Mantaram, kya djoeroe lan Sénapati.

Mapan sareng praptanira, pamadjegan waoe samya kèh prapti, kang ingandek mring Mentaroem, tan kawarna kang prapta, pan sadaja poenika sampoen soemoeroet, gegawan lan sangonira, sedyané katoer ing goesti.

Ki Botjor sigra semangkat, saking wisma tan kawarta ing margi, sarta sagegawanipoen, sedya sowan mring Padjang, samya rèrèn ki Botjor sarowangipoen, soring goerda ngétja-étja, sareng lawan Sénapati.

Sami rarajan kalihan, ingkang oewa kyai djoeroe Martani, wong Botjor nora na weroeh, dateng ingkang sinembah, Sénapati Ngalaga nagri Mantaroem, lan dateng ki Djoeroe ika, wong Botjor tan na oedani.

Milané djalma tan wikan, kang boesana gedok loengset kang mawi, rasoekan lantjinganipoen, loengset gedok sadaja, Djagaraga sinandingan oepetipoen, wong dol oedoet rowangira, panggonané sor waringin.

Ngandap wringin ingkang djembar, kyahi Botjor asroe dènira angling, lahta apa warnènipoen, Sénapati Ngalaga, apa njata digdaja wartané poendjoel, kasosra ing wong sadjagat, tegoeh rosa tan toemanding.

Tanana bradja toemama, marang sira waoe sang Sénapati, ing Ngalaga ingsoen joen wroeh, déné ta koemasoeta, wani-wani angandegi wadyaningsoen, kangdjeng sultan Padjang digbya, soegih bala toer asekti.

Kajata apa rocpanja, kang ngandegi wong pamadjegan iki, déné-ta asoegih poeroen, ngandegi wadya Padjang, mapan ingsoen nora gelem mring Mantaroem, aséta mring Sénapatya, ing Ngalaga nora apti.

Wadya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Wadya pamadjegan pada ingkang mandeg datan adoewé ati, nora nedya aprang poepoeh, wong Bagelèn sadaja, doedoe lanang prasasat èstri sadaroem, amoeng manira kang lanang, kyahi Botjor djaloe sekti.

Dadi lelananging joeda, babantènging wong Bagelèn ta mamè, Sénapati alon moewoes, kisanak nilakrama, bokta sampoen anggégé bendaraningsoen, koela niki wong Mentaram, batoeré ki Sénapati.

Adol oedoet gawéningwang, saben pasar ingwang nèng sor waringin, mapan koela iki sanggoep, nadahi krosanira, boten soesah ngoendamana goestèningsoen, ki Botjor soegal angoetjap, hèh apa oedjarmoe iki.

Sénapati angandika, ingsoen iki batoeré Sénapati, apan wani aprang poepoeh, ki Botjar marang dika, kyahi Botjor bangbang pringira kalangkoeng, sigra loemampah andjangkah, narik tjoriganira glis.

Anggotjo mring Sénapatya, wanti-wanti panggotjonira nitir, datan obah dènnja loenggoeh, waoe ki Sénapatya, kyahi Botjor astanira ngemoe maroes, oekirané sampoen sigar, bajosné lir dèn lolosi.

Agya doewongé binoewang, Sénapati ótja loenggoeh tan osik, sarwi angandika aroem, lahta paja kisanak, toetoegena panggotjoné marang ingsoen, ki Botjor alon sahoernja, inggih asedeng poeniki.

Wong goegoejon lah kisanak, nanging doeroeng toetoeg karepan mami, jèn ingsoen doeroeng kepanggoeh lawan ki Sénapatya, genti gotjo angajoni sektènipoen, toembak keris ingwang dawak, mapan pada betjik-betjik.

Sénapati angandika, ija bener sakarepira iki, datanana sisipipoen, ngajoni Sénapatya, kyahi Botjor angoetjap sadjroning kalboe, batoeré sekti soeditya, mèndahané Sénapati.

Oemangkat ki Botjor sigra, datan pegat ngangen angen djro ngati, jèn mengkono wong Mentaroem, awrat lamoen sinongga, bendarané jèn ora sekti ja tegoeh, batoeré liwat tegoehnja, sektiné langkoeng sing djalmi.

Ingkang ngajoni maring wang, pan kaliwat poendjoel samaning djalmi, kongsi pegel atèningsoen, nora ginawé rasa, ngong gotjoni

datan

PERPUSTAKAAN NASIONAL

datan obah linggihipoen, bradja tanana toemama, batoeré ki Sénapati.

Krisingwang kongsi soen boewang, sabab sigar oekirané ta iki, nadyan mengkonoha ikoe, pan ingsoen doeroeng lega, jénta doeroeng kriskoe Kebodengen poegoet, ngong tamakken Sénapatya, jèn tan pasah soen angabdi.

Sampoen mondok lampahira, kyahi botjar anèng désa Mentawis, nahanta ingkang winoewoes, Sénapati woes prapta, padaleman kalawan kang oewa Djoeroe, data titanen saksana, kotjapa ki Sénapati.

Noetoegaken karsanira, dahar nginoem tan kèndel siang latri, lan mantri madjegan agoeng, kang langkoeng ing Mantaram, pamadjegan mrahaken gegawanipoen, boeloebektiné mring Padjang, ingandegan Sénapati.

Aroem widjiling wetjana, lah kèndela wong pamadjegan dingin, pajo pada mangan nginoem, ing kéné akasoekan, saben dina anjskeli sangsam ingsoen, soen gawé nginoem amangan, miwah bantèng kidang kantjil.

Oelam loh saking Paraga, atanapi oelam saking djaladri, kabèh woes nèng ngarsanipoen, pepak kang soeroeng tombra, tagih wagal tengiri kalawan waloeng, badèr kalawan bilanak, tan pegat sinareng boekti.

Ingaken koela weraga, pan sedaja pinendet ingkang galih, kinarja sanak sadaroem, kang pantes binasanan, oewa paman binasanan basanipoen, kang pantes binasan oewa, inggih oewa winèh krami.

Kang pantes binasan kakang, pan kinakang kakang basané krami, adi miwah kang sinoenoe, lir weka gènnja joga, kang binas anten adi basanipoen, datan montra wong ing lijan, tan pegat binodja krami.

Kang pantes binasan embah, pan binasan embah lir éjang jekti, woessira kasoekan ikoe, tandya samya adahar, myang dedaran sadja nekakken kajoen, pan samya ngenting soekanja, égar sakatahing djalmi.

Sagoenging mantri madjegan, sami goejoep ing tyas mring Sénapati, tinembang perdongga oemoeng, senggak larih sedaja, woes weradin sedaja

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sedaja pra samya nginoem,konjoh sekar pinatedan, mantri geng alit weradin.

Ramé dènnja noem inoeman, kang saweneh ana ngidoeng kekawin, bedajané woes toemandoek, pan sarwi kineplokan, Sénapati kalangkoeng soeka ing kalboe, miwah mantri pamadjegan, égar soekané angenting.

Sénapati anggardjita, èngèt lamoen arsa nèng wong ngajoni, kyahi botjor wastanipoen, wadya kang djagi wara, winangsitan menèk na wong maleboe, lawang ajya nèng menggak, sengadija tan wroeh sami.

Kyahi Botjor kawarnaha, ingkang karsa noetoegaken ngajoni, mring Sénapati Mantaroem, sigra anjandak toembak, waosira ki Botjor mandi kelangkoeng, ampoehnja tan pilih papan, gya loemampah tanpa kanti.

Ki Botjor tan mawi rèntjang, Sénapati gya toemedak aririh, tanana wadya kang weroeh,Sénapati toemedak, sigra lawan kyahi Botjor woes kapanggoeh, ki Botjor itjal manahnja, Sénapati ngandika ris.

Alah ki bésan bagéja, soen watara sira arsa ngajoni, ija marang djenengingsoen, moenggoeh rembag manira, adja sira wajahé apenet daloe, tana wrin djalma kang wikan, jèn rina katah oedani.

Lan betjiké bengi bésan, datanana djalma mangsane sepi, ki bésan karepé toetoeg, koendoer ki Sénapatya, kyahi Botjor semana anoeljа mantoek, woes tekap ing pondokira, sanget anggregoet ing galih.

Arsa ngasah doewoengira, pan ki Botjor tan soeda rasèng galih, gya ingasah doewoengipoen, tansah katjiptèng manah, karsanira dènira karsa ngajoni waoe, doemateng ki Sénapatya, tan arsa dahara goeling.

Ki Botjor datan kawarna, kang kotjapa waoe ki Sénapati, doegèkaken karsa majoeh, lan sagoeng pamadjegan, pan sedaja sampoen pepak moenggèng ngajoen, garwané sang Sénapatya, kinèn ambedaja sami.

Pan kinarja samoedana, adjamang mas kekaloeng asesoemping, anting-anting kelat baoe, tanapi gelang kana, tingalira angrawit lamoen dinoeloe,sengkang panoenggoel hèr toja, bedonge goe ebyar sami.

Ponang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pomang rawi kaseneman, soroting kentjana lir kilat tatit, oedjyalaning sotya moeroeb, selir samya bedaja, wida djenar gandanira marboek aroem, sarwi anongga penompa, isi konjah myang sesoemping.

Miwah isi djadjebadan, asangsangan ginoebah soerèng pati, poespa kerna datan kantoen, anadja sinarèmpang, pan akatah warnané sangsanganipoen, gadjah ngoling oeler kilan, samya moenggèng talam adi.

Sakatahé mantri ika, lininggihan pangkoné mring pra selir, selir sarwi alon moewoes, dateng mantri sedaja, ingkang sami lininggijan pangkonipoen, oeloen iki pan dinoeta, amborèhi anglengani.

Sarta njoempingi mring para, poespa krena lawan dirada ngoeling, katrapa karna sedaroem, mring mantri pemadjegan, sami adjrih mapan tan arsa andoeloe, déning roemaket basanja, boekoeh paloenggoehé sami.

Koetjem moekané pratala, manah ambeg sadoe kang para mantri, sampoen bapa lawan baboe, tarkané Sénapatya, para mantri marang ija djenengipoen, badé Mentaram na karja, sing karsané Sénapati.

Hèh mantri oeloen sadaja, ija adja taha-taha ing mati, ija ing sadjroning nginoem, soemongga karepira, sadjawining rarasan woes wijahipoen, nadyan toemekèng ing prana, jèn ajoen kawinen masdjit.

Mantri pamadjegan samya, ageng alit mapan dipoen pisalin, pinatedan kampoeh doewoeng, sapoet ranti kentjana, pinapantes sadaja boesananipoen, barèsi koeloeké petak, njamat kentjana kinawi.

Kampoehira warna-warna, dasar kasa ana kang dasar mori, adasar soetra kang aloes, ana soetra gepila, ingkang kampoeh balongsong sapantesipoen, angrapit batikan pélag, égar manahé pra sami.

Ana ingkang pinatedan, kampoeh limar idjem kalajan abrit, ana pradan soetra woengoe, idjem kalawan djenar, bèrem abang samya pinaremas tatoer, ana minda laring atat, podang-podang samya giling.

Pinatedan saboek rènda, djenar petak tinambara mas adi, tjindé pradan tjlananipoen, idjem kelawan reta, pan rinènda sedaja sapantesipoen, rènda petak lawan djenar, sarwi pinatedan singsim.

Sesotyané warna-warna, woesing nganggé abyor anèng djadjentik, embanan kantjana loeroe, pinatedan rasoekan, idjo abang djané

woengoe

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

woengoe lawan biroe, dasaré pan samya soetra, atanapi sora-sari.

Wonten pinatedan klédja, idjem djenar pita kalawan abrit, miwah pinaringan bloedroe, mranti kantjing kentjana, pan waradin sadaja panganggènipoen, djenger pra mantri sadaja, déné klangkoeng sihing goesti.

Sagoeng ingkang kaparingan, wastra èndah kalawan emas pitjis, sedaja atoerè noehoen, pasian ingkang dawah, mring abdiné tan saged mangsoeli tèngsoen, woes rembag mantri sadaja, sedyané malesi goesti.

Sihing goesti langkoeng katah, samya soeka rena manahing mantri, sadaja sampoen agoejoep, anggepé bapa bijang, ing tyasira sadaja malesi lampoes, kondjoeka sang Sénapatya, moeng toegelé djongga mami.

Dana krama datanana, timbangané walesé naming pati, pra mantri prasetya sampoen, andjalma kaping sapta, abdèkena ing saterah-terah oeloen, mring kang sinembah Mentaram, satrahé ngabdèkna mami.

Nak poetoe koela sadaja, kabdèkena ing kangdjeng Sénapati, kang sinembah ing Mentaroem, djeng Sénapati nabda, soen tarima prasetyanira maring soen, doedoe ikoe karsaningwang, marang kangdjeng rama adji.

Bèndjang sira asébaha, marang padjang barenga lawan mami, jèn na doekané ramèngsoen, sri narèndra ing Padjang, ajya watir apan ingwang ingkang nanggoeng, ingsoen andelen ing prana, adja mamang soen njanggoepi.

Sakèh mantri pamadjegan, apan sampoen sadaja dèn tartibi, sangsaja djedjel soepenoeh, mantri mitjarèng nala, mengko iki soen olèh sihing Jyang agoeng, prapta maring awak ingwang, sinoeng begdja ing Jyang Widi.

Tan kèndel pinaparingan, wastra èndah kalawan emas pitjis, ingétjakken manahipoen, marang goesti Mantaram, bodjakrama datan wonten kèndelipoen, pamaningsoen olèh réwang, saking karsaning Jyang Widi.

Tjiptané mantri sadaja, ingkang angsal sihira Sénapati, Ngalaga mantri Mantaroem, lamoen arsa ngendija, marang sultan Padjang

lawan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lawan apoepoeh,mring sirnané sultan Padjang, mantri dèn adoewa wani.

Sénapati ing Ngalaga,ing tyasira soen ngendija lan djoerit, sultan Padjang ingong moengsoeh, amrih sirnané pisan, kaja kena pra mantri iki soen adoe, paman ingsoen wis pratjaja, soen sawang soejoed mring mami.

Mantri Bagelèn sadaja, gedé tjilik mengko woes pada bekti, sidji ki Potjor kang doeroeng, atiné kaja-kaja, marang ingsoen doeroeng toetoeg karepipoen, liré tan wèh bodjakrama, jèn doeroeng ngajoni mami.

Bener karepé ki bésan, ing betjiké ija ingsoen étjani, jèn tan mengkoncha ikoe, asisip teka ingwang, awakingsoen kaja tjébol gajoeh goemoeng, nèng djoerang gajoeh ngakasa, pesti dènira wak mami.

Ija bener kang angina, jènta doeroeng ngoengkoeli ingkang djalmi, jèn doeroeng digdaja ingsoen, mongsa dadija nata, pan mangkana waoe katjiptaning kalboe, kang kawidjil ngétja -étja, ngénaki kareping mantri.

Mantri madjeg sadaja, sami beksa mapan kagiri-giri, beksa gora-goda agoeng, ningalaken sektinja, séla bobot nem datjin noelja djimoendjoeng, woesing ngoelockaken tawang, séla sampoen dèn tadahi.

Simongga ing ngastanira, bobotira kadya kapoek oepami, ngoemboelaken malih moeloek, silem anèng ngawijat, gala gandjoer binek-saman keris sampoen, ana ingkang beksa toembak, wenèh pedang tamèng lembing.

Ngoemboelaken ing ngawijat, tinadahan djadja kang poenang lembing, ingkang lembing wangsoel moeloek, tiba gigir katoelak, wangsoel malih noelja tinadahan poepoe, wenèh tinadahan sirah, poenang lembing tan nedasi.

Sawenèh poepoe tinatah, woes ginantèn sanget awanti-wanti, tan toemama tatah mloeroet, ana kang oerek pedang, tan toemama wenèh nétra oerek doeweong, pra mantri Mantaram égar, kadya ban-

tèng

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tèng tawan kanin.

Wenèh kadya andéwa gra, kèh polahé waoe kang ponang mantri, landéjan ingoeger sampoen, waos loengit timradjang, doek dinedel malah poenggel poetjoekipoen, prasasat wajang wajangan, ilapat tochoe kaéksi.

Tjinané ajoen lamban, toembak keris tanana anedasi, marang sedjatining makloek, djalma ingkang oetama, ponang mantri sadaja agadah atoer, atoeré andandang karsa, kondjoek goesti Sénapati.

Sénapati ing Ngalaga, mangké koela gadah panoewoen goesti, ingabena aprang poepoeh, poendi ingkang minengsah, jekti mangké kawoela ingaben poeroen, pasiandalem woes katah, tan saget oeloen mangsoeli.

Nadyan tangkepa saleksa, gegaman ing Padjang ngong tan ngontjati, oeloen tan gingsir ing woewoes, para mantri sadaja, sagahira atoeré pan samya poeroen, amengsah sri nara Padjang, nganti poenapa tan djoerit.

Pra mantri malih atoeraja, kondjoek dateng waoe sri Sénapati, jèn angsal pangadja oeloen, poeroen mengsah wong Padjang, oeloen sedya woetahé loediraningsoen, pegaté moerda lan ongga, akarja wewales goesti.

Panedaningsoen mring soekma, Sénapati Ngalaga ing Mantawis, moegata dadija ratoe, tan koewawi kawoela, mandang dana pasihanira pan agoeng, poen dasih atoer pra satya, andjalma ping pitoe mami.

Kawoela ingabdèkena, anak poetoe hamba mring Sénapati, ing Ngalaga ing Mantaroem, sak terah terah ira, abdèkeana doemateng satoeroeningsoen, mantri pamadjegan rembag, sedaja sedyané sami.

Sedya kawoela sing wisma, sowan marang sultan Padjang anenggih, mrahaken gawahingsoen, boeloewekti maring Padjang, para mantri sadaja ingandek ngenoe, kinarsan nginoem amangan, dateng goesti Sénapati.

Kasoekan daloe lan sijang, paring mintir doemateng awak mami, mangké tan sedya wakingsoen, ladjoe marang ing Padjang, para mantri rembag sadaja kajèkoe, gegawan rembag katoera, marang goesti Sénapati.

Goejoep

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Goejoep sadaja toerira, ngatoeraken kang roepa boeloebekti, pan padoeka narèndra gpeng, boeloebekti darbéja, ing Mantaram poenika ratoe linohoeng, kiwa tengan ing Mantaram, ngratokken sang Sénapati.

Kanan kéring ing Mantaram, pan sadaja sami awedi asih, Ketjéloe sowan Mantaroem, mangké mantri ing Padjang, pamadjegan woes goejoep ing manahipoen, ngabdi ratoe ing Mantaram, boeloepektiné woes prapti.

Pra mantri malih atoeraja, jèn pandoeka goesti amaoet djoerit, kawoela gadah panoewoen, sami wontena karja, pan kawoela goesti pedjaha karoehoen, dadosa tamèng ing djadja, angalingana ing goesti.

Minongka wales kawoela, datan saget naminghta pedjah mami, kang minongka wales oeloen, sih wilasa kang dawah, datan wonten goesti kang kawoela djoeroeng, nging Sénapati Ngalaga, kang dados telenging galih.

Alon widjiling wetjana, sabdanira dawah mring para mantri, hèh kang pra mantri sadaroem, ijata mitraningwang , soen tarima sakèhé toerira ikoe, doedoe ikoe karsaningwang, moenggoeh marang ing rama dji.

Pra mantri samya toer sembah, pan sadaja noewoen noewoen toer sami, pan goemerah atoeripoen, samya égar tyasira, aloewaran kangdjeng Sénapati sampoen, kondoer dateng dalemira, kang sowan woes boebar sami.

Kyahi Botjor kang kotjapa, ingkang tansah wace ananting nanting, mring Sénapati poenikoe, dèrèng roedjpek karsanja, apan arsa ki Botjor ngajoni poepoeh, doemateng djeng Sénapatya, menggah boboting ngadjoerit.

Kang tansah ingarah arah, bobotira Sénapati Mantawis, ki Botjor metjarèng kalboe , kajapa sanakingwang, kang mangkéné polahané kapiloejoe, teka pada kaja botjah, sanak-sanak ingsoen iki.

Nora matara ing lampah, dèniarsa andjoendjoeng sang Sénapati, Ngalaga anèng Mantaroem, marata dèn timbanga, ing Mantaram wadya kadik koeroe-koeroe, wadya bala Padjang katah, tan lajak minoengsoeh djoerit.

Pan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pan arsa poeroen moengsoeha, marang kangdjeng sultan Padjang asekti, tanpa ngrasa ingkang poeroen, lamoen tinimabng djalma, nagri Padjang pan ageng sarwi aloehoer, doeroeng lega atèningwang, jèn ingsoen doeroeng ngajoni.

Ing boboté Sénapatya, ing Ngalaga anèng nagri Mantawis, apanggah kasoeranipoen, déning peksa oetama, tan oeninga ing tjiliké baja ikoe, nadyan koelita temaga, oepama bebaloeng wesi.

Oelem ingsoen angawoela, mring sang Sénapati ngalaga bèndjing, jèn tan pasah ingsoen soedoek, keris soen kang oetama, sareng soeroep kang pradonggapati ikoe, ki Bòjor mangké karsanja, boediné dipoen toetoegi.

Kotjapa djeng Sénapatya, soeroep soerj a sampoen gardjitèng ngati, winangsit kang tengga pintoe, sadaja ingoewara,lamoen ana kang weroh Botjor maleboe, adjana kang ngoenasika,apija pada agoeling.

Ri sedengira oemangkat, kyahi Botjor arsaloemebèng poeri, tanpa rowang lebetipoen, joen njidra Sénapatya, gya tinatap landepé tjoeriganipoen, saking loengiding tjoeriga, mring kapoek woes angenèni.

Poen Kebodengen wastanja , lampahira sampoen prapta ing kori, kang winangsit woes pi toeroe, Botjor salebetira, ngoelap-oelap nèng latar ki Botjor doeloe, awas dènira toemingal, djeng Sénapati ingèksi.

Ri sedengira alenggah, anèng dalem angoengkoeraken kori, étja adahar nèng ngrikoe, ki Botjar anaradjang, sampoen noedoeh marang Sénapati asroe, tan nolih djeng Sénapatya, Botjor gotjo wanti-wanti.

Kongsi petjah oekiranja, wewer amor lawan gand aning keris, keris poegel tiksanipoen, siti doengkar kèdekan, kasajahan ki Botjor tiba sidekoeng, angganja lesoe marloepa, ki Botjor tandya ngabekti.

Woes angrepa ing soekoe sang, pan kawoela noewoen apoerèng goesti, ki Botjor wetjana aroem, gyannja minta apoera, Sénapati kagyat nolèh mèsem doeloe,aris dènira manabda, lah kakang wonten poenapi.

Ki Botjor matoer wotsekar, mapan sarwi waoe soemoengkem siti, angasih-asih toeripoen , kawoela noewoen marta, kamipoeroen kawoela

ngajoni

ngajoni poepoeh, goesti dateng ing pandoeka, ing mangké marah ing goesti.

Poenapa karsa pandoeka, pan kawoela ngatoerken pati cerip, sakarsa amba anceroet, Sénapati ngandika, lah ki bésan agedé pitajaningsoen, datan dadi poenapaha, prakara kang woes kaweri.

Kakang woes djamak manoengsa, pada-pada sira kalawan mami, lakoe sisip jya winoewoes, apan sampoen kawoentat, ngong ngapoera sisipé ki bésan ikoe, ki Botjor étja tyasira, moendoer sarwi awot sari.

Djeng Sénapati Ngalaga, arsa kèntar wong lalima kang ngiring, ing Lipoera kang djinoedjoeg, ana watoe koemlasa, warnanira asahé kang poenang watoe, djeng Sénapati nèng séla, dinoeloe lir nitih èsti.

Warnané séla prajoga, kadi nitih gadjah sang Sénapati, pandan rangkah kèringipoen, timingalan lir plama, soeloer pandan kang minongka gadingipoen, Sénapati arsa nèndra, nèng séla gegilang goeling.

Nginggiling sang Sénapatya, langkoeng padang kanaban lintang nenggih, kang kotjap kijahi Djoeroe, Martani anèng wisma, datan étja manahé mring poetranipoen, kèntar mring daleming poetra, tanja mring kang tengga kori.

Pasaré miwah woengoewa, atoetoera ajya dora sirèki, miwah jèn pinarak ikoe, ana ngendi gonira, djalma ingkang toenggoe lawang atoeripoen, inggih sak.oening kawoela, kados karsa brongta kingkin.

ASMARADANA.

Tindak mijos kidoel kori, kangdjeng goesti Sénapatya, naming tyang gangsal abdiné, kang dèrèk poetra pandoeka, lingsir daloe wantjinja, sareng myarsa kyahi djoeroe, gardjita ing tyas oemesat.

Soemoesoel marang kang siwi, kyahi Djoeroe woes andoega, Sénapati ing parané, kyahi Djoeroe énggal lampahnja, tan kawarna ing marga, alas Tipoera djinoedjoeg, praptèng séla soemajana.

Kijahi djoeroe martani, gardjita sadjroning nala, soen doega mengko nakingong, aneges karsaning soekma, kyahi Djoeroe gya moelat,

mring

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mring kang poetra was dinoeloe, étja nèndra anèng séla.

Nèng gelang séla agoeling, djeng Sénapati Ngalaga, pan ana padang nginggilé, gedéné sak woh kalapa, tekaning tabonira, soroté lir obor sèwoe, nginggiling djeng Sénapatya.

Ki Djoeroe alon dènnja ngling, awoengoewa poetraningwang, oedjaré arepa gedé, teka étja-étja nèndra, nginggilé tingalana, déné kaja obor sèwoe, goemebyar nèng nginggil nèndra.

Gya ki Djoeroe angling malih, amoengoe dateng kang poetra, lah woengoewa anakingong, hèh poenapi doewoerira, goeling mantjoer lir woelan, Sénapati kagyat woengoe, toemingal sarwi ngandika.

Apata mentjorong iki, angoengkoeli marang ingwang, satoewoek-ingsoen droeng amon, ponang lintang lon angoetjap, wrochanira soen lintang, awewarah kersaningsoen, mring sira ki Sénapatya.

Sénapati ing Mentawis, mengko dènira ngrarepa, ananeda ing hyang Manon, angratoni tanah Djawa, aneges karsaning sang, sarwi maladi manekoeng, ingkang amoerwèng paningal.

Maladi samadya ening, ing mengko woes tinarima, mring kang moer-ba djagat kabèh, ajyata soemelangkarja, manahira dèn ètja, sedeng marènana ikoe, woes keni kang sira sedya.

Sroe bronta amati ragi, pan sira djoemeneng nata, anèng nagri Mataramé, amengkoewa tanah Djawa, sinéba para nata, tanana poeroen sirèkoe, para ratoe tanah Djawa.

Pra nata anoengkoel sami, toemeka ing soetanira, miwah poetoe djeneng katong, anèng nagri ing Mantaram, Djawa tanpa sisihan, satrahira dadi ratoe, nèng Mantaram awibawa.

Jèn rengka ingkang negari, grahana sasi lan soerja, goegoer goenoeng dan awoené, tjinané negara rengka, myang djawah karikil-nja, jèn ana lintang koemoekoessang lintang anoelja sirna.

Sirnanira mring wijati, dan soemilih Sénapatya, bajata prapta wadiné, oeloen amangkoe karatyan, toemeka soetaningwang, poetoe lawan boejoetingsoen, satrah soen ngrata ing Djawa.

Oeloen dilah tanah Djawi, soemilih djeneneging rama, kangdjeng sultan ing Padjangé, sasirnaningsoen goemantya, kyahi Djoeroe mijar-sa, Sénapati woewoesipoen, kyahi Djoeroe lon wetjana.

Mring

Mring kang poetra Sénapati, hènta babo poetraningwang, Sénapati Ngalagané, adjata oedjoeb myang rija, kibir lawan soemengah, tan winenang oedjar loepoet, amastikaken tan ana.

Namtokaken doeroeng djati, temahira ta saksana, prapta amanggih moehgsoehé, anèng satengah pajoedan, prijé oedjaring lintang, djar lintang jèn tan kepanggoeh, kajata parèntahira.

Lintang ikoe doedoe djalmi, éwoeh tjinekel basanja, jèn tjidra mring poetraningong, pan tinanggoeh ora kena, pahé pada manoengsa, pastiné lamoen katemoe, sawab sasamaning djalma.

Lir soepena poetra mami, pepanggihé ponang lintang, soepena djasat aranè, pan doedoe satoehonira, risaksana jèn prapta, adjoedjoerit kelawan moengsoeh, tan wandé soen lawan sira.

Ingkang nglakoni adjoerit, kalah menang nèng pajoedan, oeloen kalawan poetrèngong, Sénapati ing Ngalaga, mesti kalakon joeda, lamoen djaja poetraningsoen, pasti djoemeneng narèndra.

Anèng negari Mantawis, mangkoe rat sagotrah Djawa, geng alit anoengkoel kabèh, lamoen kalah djoeritira, ingwang kalawan para, pan dadi tawan sadaroem, lah ikoe pandoeganingwang.

Sénapati sareng oening, pitoetoeré ingkang oewa, pan sadéja ing galihé, Sénapati lon sahoernja, kadipoendi rèh dika, sakarsa oewa ngong toeroet, tan soewalèng ing ngrèh dika.

Kalih dadosa satoenggil, karsané lawan kawoela, tjara tjarem sarembagé, kyahi Doeroe angandika, jèn sambada lan karsa, pajo tineda Jyang agoeng, mring kang moerba amasésa.

Linakon oedjaring dalil, ananeda mring pangéran, amanta sih pitoeloengé, ingkang angèl gampangena, sakèhé kang sinedya, tengngeraning bronta woejoeng, datan sah andjoem sarira.

Pelengen marang Jyang Widi, neda pajo linampahan, ngong minggah goenoeng Mrapiné, para malboewa segara, tedanen ing pangéran, noelja njatakna ing kajoen, mring gampangé mring Jyang Soekma.

Lah neda sareng loemaris, lah pajota andoem paran, sira ngétan ingsoen ngalor, Sénapati ing Ngalaga, woes ngétan mandjing wana, prapta kali Ompak ambyoer, anèng kali nglangi batang.

Hana olor ageng prapti, gedéné datanpa sama, poen Toenggoel-

woeloeng

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

woeloeng wastané, jèn djalmaha tansah modjar, baja mengko soen panggya, kalawanta goestèningsoen, Sénapati ing Ngalâga.

Poerwané olor ing ngoeni, tatkalané Sénapatya, tjangkrama nèng sawangané, angeboer ing kali Samas, kinarakal djinala, soendit antjo lawan woewoe, sèsèr soesoek miwah petjak.

Sakaliring mimo keni, jata wonten ingkang mina,olor nèng dasar tojané, kagiri-giri gengira, sanget dènnja kasatan, kinroeboet ing djalma agoeng, anjekel ing olor ika.

Ginawa mentas ing warih, ingatoerken Sénapatya, kelangkoeng rena galihé, moelat olor anoeng digbya, ancelja binoesanan, djinamangan mas kekaloeng, samya kentjana sinotya.

Ngoetjoeli mring toja malih, olor ika ingaranan, poen Toenggoelwoeloeng wastané, oedjyalané lir baskara, tinon nèng djroning toja, lir palwa kentjana moeroeb, pan olor ikoe malèndra.

Poen olor oematoer aris, adoeh goesti anitiha, ing gigir kawoela anggèr, oeloen nahoer sih pandoeka, ri sang Séna gya noenggang, ing gigiring Toenggoelwoeloeng, oemilir ing kali Oempak.

Lampahipoen Sénapati, kandek anèng ing sawangan, ngadek pinggir samodrané, goemeloer ombak sagara, kagiri gegolongan, syarané lir gelap sèwoe,tan owah ing warnanira.

Sandènja wus Sénapati, masoeket ing pasingkaban, Sénapati ing tarkané, wani malebèng samodra, njata éwoeh tarkanja, sang Sénapatya manekoeng, maladi samadi ing tyas.

Maneges karsaning Widi, sarta amoerwèng paningal, sigra prapta praharané, koemroet meses bajoe hadjra, anoeb kajoe roeg sempal, awor riris angendanoe, goemeder toja samodra.

Kotjak-katjik kang djeladri, aloen goemeldoek sahoeran, moeni wétan olor koelon, kang kidoel sampoen toemimbang, syara lir ketoeg sasra, aloen geng sagoenoeng-goenoeng, lir kineloer kang samodra.

Panasé nglangkoengi bahning, pan kadya baskara kondah, mina sagoenoeng gedéné, samya aking toetoempoekan, anèng tirah samodra, boentek belanak kabentoes, ing parang oetek soemirat.

Na medal loedira abrit, saking toetoek ingkang mina, ana kang nempoeh parangé, myang tjoeri kadya rinengga, oerang koemlingking

katah

katah, pan kadya ginorèng agoeng, mina bawi moeging parang.

Mina mati ing kikisik, samodra langkoeng akatah, mina joeloeng lan penjoené, kapanasen akèh pedjah, ana mina kang soera, karepé mentas kabentoes, sing samodra niba pedjah.

Apan wonten mina malih, milar mentas sing samodra, kabentoes tjoeri parangé, megap-megap moetah toja, mina noelja palastra, mina lembora lan peloes, gadjah mina woes palastra.

Mina bandeng kadya redi, myang kalalèn lir prawata, myang wagal loeba loembané, wé panas kadya dahana, mina pedjah toempoekan, tiningalan anglir goenoeng, jata sakèh ingwoe joetan.

Pan samya kagèt kang galih, pratiwa ingkang soedira, tan derana goernitané, kagiri-giri tojannja, minggah nginggil prawata, wor méga syara goemoeroeh, ratoe Kidoel gya pinarak.

Palenggahan kantil manik, renggang mégoeng gyan pinarak, semana praboe kimaot, toemingal naga loemalya, ratoe Kidoel agita, anggardjita djroning kalboe, lah na apa iki baja.

Ratoe Kidoel moewoes aris, iki apa wadènira, tan toemingal salawasé, mangkéné ingkang samodra, gara-gara geng prapta, kadya wédang poenang banjoe, lir baskara tibèng toja.

Geni meraka nekani, panasé kagila-gila, ikita ponang warihé, apa kijamat goeng prapta, woes tekèng ngakir djaman, ora-ora segara goeng, bajata ana poenapa.

Ratoe Kidoel angoelari, kang dadi sawab samodra, nata dèwi mesat agé, noelja kilèn tiningalan, goemanti noelja wétan, ngandap ing langit kadoeloe, tanana ingkang katingal.

Ratoe Kidoel aningali, mengandap pan ana djalma, ngadek tirah samodrané, ratoe kidoel pan toemedak, saking ing djoemantara, sarwi amitjarèng kalboe, ingkang gawé gara-gara.

Bajata doedoewa iki, kang ngadek tepi samodra, kawoelané Jyang djatiné, asanget geseng ing nala, dèn njana nedèng ing Jyang, gawé olah djagat agoeng, tasik pan kadya dahana.

Kang soen reksa oelam sami, sahisinirèng samodra, katah pedjah déning kijé, ijata nora kajaha, jèn soen tan noeroetana, kang mina pasti kabandjoer, kijamat mina sadaja.

Dan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Dan praboe Rara woes prapti, ing byantara Sénapatya, marek dépok pratalané, sakelangkoeng adjrihira, asroe ngenèrken raga, dènira linggih toemoengkoel, angrepa sarwi wot sekar.

Oematoer angasih-asih, winor lan raga kerana, kawoelà noewoen doekané, doemateng djalma oetama, ingkang sampoen pininta, doemateng sang maha loehoer, pinasti dadi narèndra.

Ing satoeroen-toeroen nèki, sinijan déning Jyang Soekma, toer winarisan **karaton** ,ing djandji tan kena owah, pinasti dadi nata, bok inggih koela nenoewoen, kang sampoen antoek sih **Soekma**.

Toemoeroen sak trah ing bèndjing, dènira djoemeneng nata, anenggih panoewoen ingong, dateng sang djalma oetama, moega angilangena, sakèhé prihatiningsoen, déné kang karja deladjat.

Sahisinirèng djeladri, koela kang darbé rareksan, poenika katoera kabèh,poenapa karsa pandoeka, jèn toewan manggih karja, kawoela pan boten kantoen, edjim miwah pakarangan.

Droebiksa kalawan belis, ngalahna mengsah pandoeka, pan kénging ingaben kabèh, kawoela kang angadoewa,lelembat tanah Djawa, nging wonten kang koela soewoen, itjalna prihatin amba.

Adamel rocharèng tasik, inggihta datanpa karja, kang oelam katah pedjahé, koela soewoen moeljakena, sahisining samodra, pandoeka pan sampoen simoeng, noegraha déning Jyang **Soekma**.

Pinasti mangkoe rat Djawi, pan dadi ratoe oetama, moeter noengsa Djawa kabèh, narèndra tanpa sisihan, Sénapati Ngalaga, amitjorèng djroning kalboe, ratoe Kidoel atoerira.

Tansah tjinipta ing galih, miarsa ing atoerira, sang Prabèsti mastèkaké, sang Sénapatya anjana, kalamoen dadya nata, mengkoe rat Djawa sadaroem, toemeka ing soetaningwang.

Sakèh mina ing djaladri, sampoen waloeja sadaja, samya lebda djiwa kabèh, Sénapatya ingatoeran, toemamèng ing samodra, doemateng sang ratoe kidoel, tansah kinanti kang asta.

K I N A N T I.

Sigra nemlah ratoe Kidoel, doemateng sang Sénapati, kawoela anoewoen doeka, pandoeka oeloen atoeri, pinarak marang ing poera, Sénapati anoeroeti.

Sang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sang praloe èstri nèng ngajoen, lampahé anolih-nolih, liringing mring Sénapatya, tyasira kadya djinahit, woes kéring malbèng samodra, tan teles ngambah ing warih.

Woes rawoeh kadatonipoen, Ratoe lan djeng Sénapati, kantèn asta noelja lenggah, ing kantil kentjana roekmi, sangdyah waoe angrerepa, Sénapati aningali.

Patamanan sri dinoeloe, baléné kentjana ngoeni, poerwané ingkang rinebat, déning Gatoetkatja djoerit, nèng madyaning awang-awang, balé ikoe roentoeh noeli.

Tiba telenging hèr ikoe, kang tinoenggoe mring sang dèwi, asri palataranira, sinebaran ing sotya di, widoeri myang moetyahara, kalawan djoemanten wilis.

Ingkang kinarja bebatoer, widoeri woelan kinardi, miwah kang widoeri soerja, myang bebatoer selaka di, kentjana lawan moetyara, soewasa samya sinangling.

Kenjaring kentjana moeroeb, koewoeng soemirat ing langit, awor kenjaring sasotya, oedjyanané anelahi, soerem ingkang bagaskara, kasorotan ing sotya di.

Gapoerané ageng loehoer, pinoetjakan inten adi, mantjoer abyor oedjyalanja, soerja koesoet tjahja adi, jèn daloe kadya rahina, soroting tjahja nelahi.

Kinoebengan gapoerèkoe, papetètan adi-adi, pan andjrèh ingkang poespita, wi ladja toewoeh angrawit, witing kajoe pan salaka, godongipoen soetra koening.

Perdapa asri dinoeloe, sareng sekar lan woh nèki, warnané widji poenika, kawandasa warni-warni, soring kajoené salaka, nakantil manik nidjèni.

Kang nèng palinggihan ikoe, parajangan lawan edjim, peri samya èndah-èndah, warnané lir widadari, goemebyar kadya parada, sami linggih kantil manik.

Kang warni pala goemantoeng, akatah awarni-warni, ana pentil kamropokan, ana njadam mateng ing wit, kang sekar aroem gandanja, asijoep petètan asri.

Kadya lintang jèn dinoeloe, pating karenjep nèng langit, golongé pan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pan kadya mèga, kasorotan kilat tatit, anglir mendoeng singoepira, rijem-rijem jèn ingèksi.

Goemloentang bengawanipoen, iliné awarni-warni, tjatoer katahé kang warna, bengawan poehan satoenggil, miwah kang bengawan wédang, katiga bengawan warih.

Ping tjatoer bengawan madoe, kalangkoeng déning amanis, kang lenggah waoe tjinondra, warnané koesoema adi, kenja minda Ratih swarga, kang pradja teleng djeladri.

Pinarak sakalihipoen, djeng Sénapati Mentawis, kalajan narèndra Rara, anèng salebeting poeri, waoe kang tansah tjinondra, koesoema Rara kinawi.

Warnané sang ratoe Kidoel, asor dèwo Soeprabèki, koeningé anawang woelan, kadya moertja jèn ingèksi, sasolahé asoeng bronta, ajoené angrespatèni.

Praboe Rara warnanipoen, salin ping pitoe anenggih, tjinatoer sadinanira, terkadang sepoeh nglangkoengi, jèn mijos sanghyang pratongga, lir prawan anggarap sari.

Jèn sadawoeh warnanipoen, lir ratoening widadari, terkadang jèn lingsir wétan, warnané koesoema adi, kadya koesoema Ngoerawan, lamoen bedoek minda Ratih.

Lamoen lingsir sang retna joe, kadya poetri ing Kadiri, jèn asar soemondarana, djangkeping pitoe kang warni, praboe èstri tanpa sama, soedigbya tegoeh asekti.

Ngendi ingkang ora teloek, lelemboet ing noengsa Djawi, ratonipoen sami sowan, mring ratoe Kidoel sinekti, pan wedi asih sadaja, saben warsa sami prapti.

Boeloe bektiné loemintoe, mring sang praboe ning djeladri, ratoe Lodaja aséba, sakèh parajangan ngardi, Prawata Marapi séba, ratoe Kabarèjan nangkil.

Ratoening goewa Baledoek, Waringinwok samya nangkil, ing Roban Landéjan séba, sadaja pan sami nangkil, miwah goenoeng agoeng séba, ing ngarga Palwa anangkil.

Lelemboet Lobang asoejoet, ratoe Lepèhi anangkil, doemateng sang praboe Rara, Panembahan Senapati, atjengeng dènnja toemingal, ing ngarsané sangdyah dèwi.

Datan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Datan sah mitjarèng kalboe, toehoe jèn ajoe linoewih, soen watara sangdyah retna, lamoen ingsoen aningali, déné loewih apesadja, solah bawa ja mantesi.

Jèn ngandika pahit madoe, karja bronta nimas goesti, agawé lenglenging manah, koesoema ajoe djeladri, pan kadoek raga kerana, sang ajoe tansah liniring.

Sang Sénapati poenikoe, èstoe kemanisen nenggih, jèn moelat mring sangdyah retna, warnané teka joe loewih, benglé kéris kang sarira, lir pèndah kang widadari.

Goeroening wanodya poendjoel, gawé woejoeng wong akoening, tan pegat asabil mala, Panembahan Sénapati, woes kagiwang djroning drija, jèn ngandika asoeng branti.

Lir kilat tatit abaroeng, tempoching tingal asiring, mapan dédé djinisira, nanging ratoening djeladri, ananggapi semoenira, Panembahan Sénapati.

Apan dinoegèng pandoeloe, liringé asemoe manis, kirang oetama boedinja, pan misih kirang satoenggil, ratoe Kidoel djroning manah, soen békané goesti mami.

Kang pilenggah ing mantaroem, dimèn lali nagri nèki, soen prih asiha maring wang, mèsem koesoemaning adi, pan sarwi toemoengkoel sang dyah, sang Sénapati mentawis.

Doek liniring sanga bagoes, mring sang dyah Rara amanis, sang Sénapati ngandika, ingsoen iki ratoe witning, pan ingsoen ajoen oeninga, pasarèjanira goesti.

Apata ja roepanipoen, sang ajoe oematoer aris, datan éwoeh jèn arsaha, apan darma tengga goesti, apan kagoengan padoeka, sigra raetna koesoema di.

Glis kinanti astanipoen, ngatoeran mring djinem wangi, saprap-tané ing papreman, anoelja sareng alinggih, Sénapati lawan sang dyah, kang katjipta djroning galih.

Koesoema Rara soeng woejoeng, mèsem-mèsem sarwi ngliring, Sénapati ing ngalaga, manahipoen rempoe asih, aroem widjiling wetjana, baja iki ratoe syangi.

Padjangan koemendoeng kendoeng, ingsoen tembé aningali, nimas pasarèjanira, sembada lan kang darbèni, tjitrané aloewih èndah,

lan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lan asaget ngrakit goesti.

Déning loewih teka bagoes, ingsoen kénjoet aninggali, moelat pasaréjanira, déning teka langkoeng asri, jèn mangkono mirah ingwang, karepkoe mring sira goesti.

Kaja soengkan moelih ingsoen, marang nagri ing Mantawis, katjarjan kadatonira, nging sawidji sasat nèki, pan ora amawi krama, jèn darbéja kakoeng betjik.

Déné teka loewih bagoes, èstri woes ajoe linoewih, pantes kakoengé oetama, Panembahan dèn pléroki, doemateng sang ratoe kenja, pan dadya oematoer aris.

Pan sakétja awak ingsoen, dados ratoe tanpa sisih, ingkang kedik pikirira, tan wonten ngèwed-èwedi, paneda koela maring Jyang, pandoeka toeloesa goesti.

Panembahan ngandika roem, betjik mawi kakoeng goesti, sangdyah atoeré anjentak, dèn wor èsem èsmoe liring, moendak pinten wong akrama, pened momong awak mami.

Djeng Sénapati Mentaroem, ingsoen jaji arsa moelih, marang negara Mantaram, woes karsané ing Jyang Widi, pastiné bronta angarang, jèn pisah lan sira jaji.

Anging sarating wak ingsoen, marija brongta akingkin, datan ana jogyanira, amoeng dika maskoe goesti, ingkang jogya asoeng tomba, paran polahingsoen goesti.

Pisaha lawan sirèkoe, pestiné ingsoen ngemasi, karsané ing manahingwang, arsa moelih mring Mantawis, toeloesa sira wibawa, adja sira mandek nolih.

Adja soemelang maring soen, soen tateda sira goesti, wekasané awakingwang, ratoe Kidoel anampèni, nangingta sadjroning nala, soen batang satrija iki.

Neda tomba oedjaripoen, pan doedoe lara sajekti, pan arsa dadi narèndra, naming moengsoeh goeroe sekti, kapindoné wong atoewa, amengkoe Padjang nagari.

Kirang papan sanga bagoes, kang pilenggah ing Mantawis, lalana anèng samodra, ratoe Kidoel matoer aris, datan saget asoeng tomba, ing wong kang kalaran galih.

Apan koela dédé doekoen, djampi woejoeng ingkang galih, mongsa datenga

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

datenga ing pedjah, pan badé narèndra jekti,kang amengkoe tanah Djawa, kirang papan Sénapati.

Kang palenggah ing Mantaroem, mongsa kirang wanodya di, ingkang samya ajoe èndah, kawoela tijang poenapi, soemedya ingsoen ngawoela, angawoela awak mami.

Lamoen kanggé awakingsoen, kawoela arsa anjèti,ngladosi goesti Mantaram, Panembahan Sénapati, kemanisen amijarsa, mring atoeré sang dyah dèwi.

Manahé èsmoe awoejoeng, Panembahan ngandika ris,ingsoen moelih mring Mantaram,sira adja soemlang galih, doemateng ing raganingwang, paran baja tomba mari.

Djaridjinja ratoe Kidoel, ingasta djeng Sénapati, sangdyah ajoe woes angrepa, doeh lahé goesti asakit, kadarta arsa poenapa, goemampang angaras pipi.

Déné daja gelem ingsoen, dèn oetjoelna asta mami, asta kélor iki oega, gampang poetoengé toemoeli, poetoenga dak alem mana, njekel astaningsoen kalih.

Pasti sakit astaningsoen, asanget malindirnèki, Sénapati ing Ngalaga, kaja doedoe trah nerpati, kadya mendem arak wragang, Sénapati ngandika ris.

Doeh goesti masmirah ratoe, ajwa sira kadoek tampi, soen tingali soepènira, sangdyah aroem watjana ris, jèn temen aningalana, saking katebihan kèksi.

Jektiné sampoen kadoeloe, dalanané ikoe oegi, soen wetarané dèn arah, èsemé katarèng ati, ratoe Kidoel atoerira, dèrèng oengsoemé ta goesti.

Andinginang sang bagoes, kamoektèné èn tekani, pan sampéjan badé nata, kang amengkoe tanah Djawi, kalamoen adarbé karsa, dèn aris karoewoen goesti.

Alon malih atoeripoen, ratoe Kidoel sarwi ngliring, dateng djeng sang Sénapatya, kawoela soeng segah goesti, kang moengging goepi kentjana, miwah koepi gedah poetih.

Wonten malih gedah woengoe, gedah idho gedah koening, koepi isi noem inoeman, sadjeng wragang sadjeng manis, anglir madoe pinastika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tika, kotjak lamoen dèn tingali.

Anèng koepi jèn kadoeloe, gelar-gelar amaméngin, koesoema Rara toerira, doemateng djeng Sénapati, sadaja amawi sasab, anoèlja djeng Sénapati.

Angétjani manahipoen, doemateng sang koesoema di, tinarima segahira, sakawan woes dèn kedapi, sang Sénapati ngandika, woes ingsoen tarima jaji.

Tarimaningsoen kalangkoeng, segahira marang mami, dénéta awarna warna, apoendjoel ing donja iki, miwahta rasané pada, amoendjoeli ing donjèki.

Sénapati karsanipoen, anjandak ing sang retna di, ratoe Kidoel woes kagingwang, atjanggèh mingset sang dèwi, liringé karja wigena, djeng Sénapati ngètjani.

Pinondong sang ratoe Kidoel, atangkis-tangkis tan polih, anjiwel angajang-ajang, binekta mring tilam wangi, ratoe Kidoel nengkah djadja,angoenggar tyas Sénapati.

Djeng Sénapati abahoet, ratoe Kidoel woes kagimir, pangoeng-ngroeming Panembahan, tansah anganjoet ing galih, tyasira sampoen apasrah, soemongga karsa sang pekik.

Pan sampoen marem saloeloet, ratoe Kidoel poetri adi, samya noetoegi asmara, lawan kangdjeng Sénapati, tan kénging benggang sakedap, oepamané lir kang mimi.

Samya anekakken kajoen, sang Sénapati tyasnèki, jènta karema Samodra, soen iki woes tigang latri, ancelja samya alenggah,ngandika djeng Sénapati.

Sarwi ngaras sakdanja roem, waceta djeng Sénapati, mring ratoe Kidoel pamitan, sarta neda sami djandji, jèn ingsoen amanggih karja, paran polahingsoen jaji.

Sang praboe rara oematoer, dateng kangdjeng Sénapati, jèn pandoeka manggih karja, animbali dateng mami, tan èwet kawoela prapta, kang raka sampoen winangsit.

Ija bener arèningsoen, woes akèh toerira dingin, marang ingsoen doek papanggya, satata anèng kikisik, loewih lega atèningwang, nangingta soen moendoet maning.

Aroem

Aroem matoer ratoe Kidoel, bok sampoen noenten apamit, neng wilangoen dèrèng itjal, paran polah koela kari, koela ngatoerken pangwikan, saoeninga koela ngèlmi.

Ngèlmi kang joen dados ratoe, kang kèdep manoengsa edjim, peri lawan perajangan, sagoenging lalemboet **D**jawi, sanadyan ing tanah Sabrang, ngidep mring djeng Sénapati.

Sahatoeré ratoe Kidoel, ngèlminé kawrat ing galih, Sénapati angandika, lah jaji tarima mami, lahta pajo entèkema, sarasaning tyas sang dèwi.

Oematoer sang ratoe Kidoel, tan wonten raosing galih, pan sampoen katoer sedaja, ngèlmoe dateng sanga pekik, pandoeka kirang poenapa, woes nganoengi sami-sami.

Panembahan ngandika roem, waoe mring ratoening tasik, lah jaji ingsoen tarima, sahatoerira mring kami, miwahta pangandegira, sadima iki soen pamit.

Woes lilanana wong ajoe, gèningsoen arsa amoelih, ratoe Kidoel angrarepa, sarwi adres waspa midjil, lah goesti djeng Panembahan, sampoen soepé mring wak mami.

Djeng Sénapati Mantaroem, ngandika mring sang dyah dèwi, ija adja walang drija, nora soesah matoer jaji, ratoe Kidoel toer pranata, sampoen koemelap kang galih.

Pandoeka mring awakingsoen, waoe kangdjeng Sénapati, aroem widjiling wetjana, marang ratoening djeladri, karia pada rahardja, djeng Sénapati loemaris.

Ratoe Kidoel dèrèk poengkoer, Sénapati ngandika ris, wis ratoe mas abalija, ajya sira lali mami, pada salamet ratoe mas, kang loenga lawan kang kari.

Woes angambah segara goeng, ratoe Kidoel atoet woeri, ngaterken mring Panembahan, oemesat praptèng kikisik, sangdyah wangsoel angadatyan, datan winarna sang dèwi.

Djeng Sénapati andoeloe, sampoen waspada ing galih, kang pitekoer tepinira, samodra sang maha jekti, Sénapati ing Ngalaga, tyasira lir goela milir.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

D A N D A N G G O E L A.

Sénapati noelja nembah aglis, pan soemoengkem ânèng ing pretala, noelja angaras padané, kalangkoeng adjrihipoen, mring djeng soenan sang Sénapati, soenan Adi ngandika, lah ki djebèng sokoer, Sénapati ing Mantaram, metoe kéné ingsoen arsa memarahi, Sénapati mring sira.

Sénapati Ngalaga Mantawis, adja ngandelaken jèn rosanja, tegoeh sekti digdajané, kajata segara goeng, pan ingambah tan teles iki, anglir ngambah daratan, ajya sira oedjoeh, myang rija kibir tjoemengah, datan wenang wali pandita myang moekmin, kasikoe ing Jyang Soekma.

Patang prakara wang nganggé wedi, tegesing kibir goemedé ika, tan angoengkoeli dèwèké, laranganing Jyang agoeng, rija ikoe sapolah nèki, loemakoe dèn alema, sapada toemoewoeh, minongka pangangèning Jyang, kang soemoengah boengah kaloka ing boemi mring nagri lijan-lijan.

Tegesing ngoedjoeh tyasira kaki, pan loemakoe ginawokken djalma, ija sasolah-solahé, tan darbé daja ikoe, amoeng ikoe leganing galih, waoeta sang pandita, nelasaken woeroek, ajya kaja ikoe oega, Sénapati adja sira kaja langit, boe i goenoeng segara.

Tegesing nglangit ngandelken kaki, jèn djalmaha ngoetjapé mengkana, ngandelken loehoer djembaré, tegesé boemi ikoe, ngandelaken kandel lirèki, moeng ikoe dajanira, tegesé kang goemoeng, ngandelaken loehoerira, lan gengira myang segara djro nirèki, aloen geng agoernita.

Angandelken digdajanirèki, boemi segara ngardi ngakasa, moeng ikoe bahé dajané, kena polatanipoen, ikoe sisip pamanja djalmi, koerang djembar polatan, ki djebèng poenikoe, jèn sira joen dadi nata, anganggéja soekoerena titah Widi, pasraha jèn woes njata.

Mrih toelosira dadi narpati, adja pegat gentèkna tekijar, sarta pasrah Pangérané, ingkang amaha loehoer, enengira ngeningken Widi, kalawan tingal drija, waspada Jyang agoeng, jya pegat oelâh ibadat, sapratingkah adja lèna adja lali, èlinga mring kang moerba.

Alah pajo moelih mring Mantawis, ingsoen arsa mampir wismani-

ra

ra, ancelja loemampah agé, soenan ing Ngadilangoe, Sénapati Ngalaga ngiring, lampahira lir kilat, sakedap woes rawoeh, sang maha jekti ngandika, wismanira nora nganggo pager boemi, kebo sapi ingoembar.

Soenan Ngadilangoe ngandika ris, hèh ki Sénapati ing Ngalaga, sisip sira panganggéné, karana ikoe doedoe, angkahira anèng Mantawis, dadi ing rijanira, kibir lawan oedjoeh, kebo sapi tanpa kandang, wahanané sapa wani marang mami, doerdjana lawan doesta.

Ingkang nganggo eneng lawan ening, lalakoné sokoer lawan rena, awisma lawan pageré, kebo sapi jèn oetjoel, kineloean gya dèn tjandaki, jèn mantoek marang wisma, dèn kantjangi koekoeh, silaraké pinatjelan, toenggonana ing lawangé lamoen wengi, pasraha ingkang moerba.

Anganggowa andoem lawan milih, dèn apatoet lan agama moelja, kalawan dra agamané, istijaripoen agoeng, dèn anganggé soeméndé Widi, sabarang polahira, anganggowa sokoer, karané dipoen prajitna, lakoe linggih solah moena lawan moeni, pratjina dadi mata.

Sigra waoe sangawikoe adji, njandak kendi madalem si toja, ingideraken pan agé, Sénapati toet poengkoer, sarwi njekel poenang tetali, ancelja ginawaran, sang pandita moewoes, lah ki djebèng Sénapatya, ja toeroeten satilasé toja iki, karjanen koetanira.

Sarèh ening wong ngagesang iki, adja ambek koemawani ika, lan dèn weroeh wawékané, ingon-ingon nirèkoe, kebo sapi kandangna sami, salarak inebana, patokana koekoeh, lawangé gya toeronana, sawoesira noeli pasraha Jyang Widi, ikoe aran kawoela.

Lawan sira dèn waspadèng ngèlmi, lamoen sira parèntah mring bala, énakena ing atiné, goegoenen oedjaringsoen, lawan sira prèntaha aglis, sira kona anjitak, wong Mantaram ikoe, saolèh-olèhé pada, batjingahen koetanira dèna betjik, poma ki Sénapatya.

Ingsoen iki djebèng arsa moelih, Sénapati ancelja anembah, djeng soesoenan sigra lèngsèr, koemeplas lampahipoen, timingalan woes datan kèksi, Sénapati sinéba, mring wadya Mantaroem, seksana waoe parentah , ring wekasé kangdjeng soesoenan ing Kali, moelja samya loewaran.

Sénapati

Sénapati djenger tan kena ngling, myarsa marang sabdané sang naha, déning kalangkoeng leresé, sampoen étja ing kalboe, angandika dateng wadya lit, lah pajo aboebaran, ingsoen arsa kondoer, doemateng ing dalem poera, sampoen kondoer Panembahan Sénapati, pinetoek marang garwa.

Data tita lingira ing ngoeni, kang kotjapa kangdjeng sultan Padjang, sinéba déning mantriné, pinarak siti loehoer, sekatahé kang para mantri, miwah kang para poetra, myang boepati agoeng, aséba ing magelaran, jèn sinawang lir segara tanpa kikis, sultan Padjang ngandika.

Wong parekan oemidjila aglis, timbalana kabèh anak ingwang, barenga lawan ipéné, kalawan si toemenggoeng, ing ngamontja negara aglis,ngirida pra wedana, kang kinon wotsantoen, sampoen samya tinimbalan, sapraptané ing ngarsanira nerpati, sadaja atoer sembah.

Sultan Padjang angandika aris, hèh sakèhé kang mantri boepatya, miwah poetraningsoen kabèh, sira pada soen tantoen, kaja ngapa ki Sénapati,datan na séba mring wang, apa wadènipoen, manira nora andoega,matoer nembah sagoenging para dipati, matoer mring sultan Padjang .

Pan kawoela inggih mirsa warti, poetradalem sang Soetawidjaja, mesah padoeka karsané, mangké karja kadatoen, samya njitak tijang Mantawis, karja kita batjingah, pan sampoen miscewoer, malah sampoen winiwitan, wong Mantaram pan samya anamboet kardi, tan kèndel saben dina.

Adipati ing Toeban wotsari, atoerira marang sultan Padjang, lamoen mekaten wartiné, jèn soewawi ginepoek, pan kawoela ingkang nglampahi,amoengena ing Toeban, kawoela pan poeroen, sakèhing mantri sadaja, pan andjoeroeng atoerira ki dipati, ing Toeban toer ing nata.

Sultan Padjang angandika aris, mantoeningsoen adipati toeban, ajya sira agé-agé, anceli sira gepoek, bok emboké nora sajekti, ngandel oedjaring warta,apa temahipoen, betjik ikoe kimongkonan, soen njataké ala betjiké ta kaki, sasolahé ketara.

Sultan Padjang angandika aris, soetaningsoen dipati Pekawa, sira

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sira loemakoewa dèwé, lawan sira toemenggoeng, ija Montjanagara kambi, si adipati Toeban, mantoeningsoen djaloe, soen doeta marang mentaram, oetjapena kakangira Sénapati, pa géné nora séba.

Lan maningé apa nora éling, jèn dèwèké ngawoela maring wang, lah mèntara pada mangké, dèn prajitna ing kéwoeh, katrènira samya ngabekti, poen toemenggoeng anembah, doemateng sang praboe, katiga pan sampoen kèntar, samya jitna sadandananing ngadjoerit, pan binekta sadaja.

Data tita lingira ing ngoeni, pan ki Djoeroe kotjap anèng ngarga, sampoen lami nèng ngardiné, Marapi adedoekoeh, arsa mantoek dateng Mantawis, marmanira semana, angsal wangsit sampoen, sakèh lalemboet ing ngarga, sampoen soejoet lawan ki Djoeroe Martani, tan kawarna ing marga.

Sampoen prapta negari Mentawis, pan woes tjoendoek lawan ingkang poetra, djeng Sénapati paloegon, kalijan lenggah sampoen, pan adjarwa lampahé lagi, poerwa tekèng ing madya, myang woesanamipoen, pan sampoen djarwa djinarwa, sami lega ki Djoeroe lan Sénapati, aroem widjiling sabda.

Katjarita waoe Sénapati, siniwaka déning wadyanira, noelja andangoe wartiné, menggah kang rama praboe, sultan Padjang paran karsèki, marang ing wong Mantaram, kyahi Djoeroe matoer, inggih kawoela mijarsa, rarembagan oetoesan amriksa malih, papatih lawan poetra.

Sigra wonten oetoesan kang prapti, saking radyan Pangalasan arja, Oeroet sèwoe Padjang mantrè, tjinatoer toenggil goeroe, lan djeng Sénapati roemidjin, pan kinarja samitra, kang doeta tjoendoek, matoer dateng Panembahan, awotsekar kawoela ingoetoes goesti, doemateng raji toewan.

Poen Pangalasan atoer bekti, kaping kalih ngatoeri oeninga, dateng pandoeka wijosé, jèn ramanta sang praboe, sultan Padjang oetoesan goesti, doemateng ing pandoeka, pangran Banawèkoe, kalawan rekyana patya, katigané kalawan dipati Toebin, bèndjang -èndjang praptanja.

Oendjoekipoen rajinta anenggih, poen pangalas pandoeka prajitna, lampahing doeta katriné, samekta wadyanipoen, ing ngajoeda lampahnja

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pahnja sami, Sénapati Ngalaga, angandika aroem, ja warahen arèningwang, sakaliwat tarimaningsoen mring adi, doeta kalih wotsekar.

Doeta kalih pinisalin sami, sarta wineling doeta kang salam, mring arja Pangalasané, doeta kalih anoewoen, gih sandika oemesat aglis, waoe djeng Sénapatya, prajitna ing kéwoeh, ngandika dateng kang oewa, kyahi Djoeroe Martani tinantoen wèsti, kya Djoeroe langkoeng rembag.

Lah wa Djoeroe dawek dandan noeli, sakèhing wong Mantaram sadaja, andika dawoehi kabèh, kinerig wong Mentaroem, ageng alit adja na kari, sarwi aprajitnaha, sadandananipoen, gegaman lan segahira, soen djak mapag ing Randoe-lawangta bèndjing , kya Djoeroe woes parèntah.

Kawarnaha waoe kang loemaris, adipati Benawa katrinja, lan dipati ing Toebané, lawan kyahi Toemenggoeng, ing Ngamontja Negara singgih, langkoeng geng wadyanira, lir arga lelakoe, panganggyané warna-warna, myang bandéra gegamané warni-warni, lembing waos sandjata.

Syaraning wong lir ombak djaladri, pan goemerah ing samargamarga, woes prapta Parambanané, anoeli mondok sampoen, kang kotjap djeng Sénapati, kerig wong sa Mantaram, waoe arsa metoek, doemateng ing Randoe-lawang, noelja dandan Panembahan Sénapati, ri woesnja sigra boedal.

Sénapati ing Ngalaga aglis, praptèng marga dateng Randoe-lawang lawan sentanané kabèh, dadamel domas toemoet, doek semana samya angiring, wadya Mantaram ika, samya bekta soegoeh, gadjah djaran samektanja, wong Mantaram kerig lampit doeda santri, dèrèk mring Randoe-lawang.

Adipati katri Benawèki, sampoen myarsa marang ingkang raka, Sénapati Ngalagané, Ngradoe-lawang ametoek, datan mawi dedamel nenggih, sakèhé wong Mantaram, samya bekta soegoeh, sampoen rembag katiganja, sigra mangkat saking Parambanan èndjing, ladjoe mring Randoe-lawang.

Adipati Benawa woes prapti, Randoe-lawang lan sawadyanira, Sénapati metoek agé, apan sami toemoeroen, adipati Benawa bekti,

marang

PERPUSTAKAAN NASIONAL

marang djeng Sénapatya, anoelja rinangkoel, ri sampoennja rerangkoelan, adipati Benawa sigra dènnja ngling, kawoela iki kakang.

Pan ingoetoes dé ramanira dji, animbali dateng pekenira, sarta kinèn ngoetjapaké, déné dika tan émoet, angawoela dateng rama dji, déné lami tan sowan, apa karanipoen, lawan akatah kang warta, lamoen dika kapirsa amalik kapti, katoer mring kangdjeng sultan.

Sénapati angandika aris, mongsa boronga ingkang awarta, anging kawoela riningong, datan sedya amoengsoeh, marang sultan Padjang poeniki, amingta ingkng berkat, ingkang oeloen soewoen, ing mangké para katoeran, toemandoeka negari para Mentawis, neda anitih liman.

Lahta rèningsoen ki adipati, Benawa pajo anitih liman, wong roro kalawan ingong, toetoeren anèng lochoer, telasena ingkang paweling, noelja sareng aminggah, ing palana sampoen, panakawan Astranaja, wadya Padjang ambontjèng anèng ing woeri, angoetjap djroning nala.

Tjiptanira Astranaja singgih, bok emboké goesti ana karja, ingsoen adja kari mangké, pan manahingsoen poeroen, anoedoeka mring Sénapati, palana ingkang woentat, tinatasan sampoen, déning sira Astranaja, tjiptanira samangsané angoelisik, ngong soedoek Sénapatya.

Sratènira kangdjeng Sénapati, aran Malik toemoet noenggang liman, ing goeloe anèng ngajoené, angkoesira siningkoer, ngdjengaken mring Sénapati, tjiptané ing wardaja, djaga karsanipoen, bok emboké ana karja, ngingil liman tarkanira kahé Malik, toemoeta pedjah gesang.

Adipati Benawa lon angling, kakang emas kawoela wawarta, atoetoer ing sawetjané, akatah ingkang matoer, dateng ramanira sang adji, jèn padoeka binatang, akarsa amoengsoeh, inggih angroesak ing Padjang anging sultan datan anggega pawarti, milamba aloemampah.

Sénapati sigra anahoeri, mongsa boronga ingkang awarta, pan sultan teroes tingalé, lamoen awona ingsoen, jèn betjika sultan ędani, poenapa winitjara, pan dika woes weroeh, ala betjiké Mataram, sakatahé Mantaram dika darbèni, mangké ingsoen soemongga.

Pan kawoela darma anoenggoni, Mataram jekti darbé andika, poeka mangké warniné, pan tijang dika doesoen, apan sami ngatoeri bek-

ti

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ti, inggih ingkang dadaran, ing sawontenipoen, étja dènira ngandika, pan woes prapta ing ngaloen-aloen Mantawis, langkoeng sinoeba-soeba.

Sinoegoean wong Padjang weradin, datanana ingkang kalèwatan, wareg tekèng pakatiké, leloerah poenggawa goeng, pan sadaja samya amboekti, pan samya simaosan, ramya samya nginoem, badèg ebrem myang weragang, tatabahan kalagandjoer angerangin, pra samya ababeksan.

Sakalangkoeng dènnja angoermati, Sénapatya dateng kang oetoesan, Sultan Padjang pan agedè, déné poetra ingoetoes, akalajan ipé nirèki, lawan papatihira, mila geng kang soegoeh, hoermatira pan akatah, tatabohan syaranira angrarangin, ramya samya babeksan.

Wadya Mantaram samya anangkil, kadang kadéjan myang pra poetra, pepak kabèh sentanané, sami prajitnèng kéwoeh, wadya Padjang angatiati, étja dènja dadaran, winor lawan nginoem, jata adipati Toeban, djroning manah apan arsa angajoni, marang ing wong Mantaram.

Adipati ing Toeban mangkya ngling, kakang Sénapati ing Ngalaga, kawoela mirsa wartiné, djengandika anenggoeh, remen ing wong ambeksa rangin, tamèng beksa sandjata, Sénapati moewoes, aremen ingsoen aminda, wong Mantaram lagya sisinahoe mangkin, tan wonten kang prajoga.

Adipati ing Toeban mangkya ngling, pan kawoela darbé wong oetama, awaget abeksa tamèng, ingkang waget pinoendjoel, ngalahaken pitoeng negari, inggih tanpa tandinga, tan wonten kang poeroen, wong pitoeng negara katah, ing wong sidji dateng wadyanira Toebin, tijangé gih poenika.

Kangdjeng Sénapati manekda ris, mandahané wongira Mantaram, amoelat wong beksa tamèng, ingkang waget pinoendjoel, malah ngaken pitoeng negari, sak oemoer dèrèng wikan, wantoené wong doesoen, langkoeng déning kagawokan, wong digdaja pratama abeksa lembing, mandahané aboengah.

Oepamané wadya ing Mantawis, kadya peksi ilang pandjawatnja, apeksa moeloek karsané, anging tan bisa maboer, ingsoen karja saloka maning, lir wedoes proetjoel sama, ameksa amberoeng, tan andoewèni gegaman, pestènipoen singa wonge anggitiki, datan na bisa njingat.

Mèndahané weroeh ing nagari, kang oetama bisa ababeksan, pasti

jèn

jèn tjengeng tingalé, dipati Toeban moewoes, boten wonten ing tanah Djawi, ming wadyanira Toeban, toer sekti pinoendjoel, tan pasah déning gegaman, toembak keris bedil tanana nedasi, digdaja toer prakosa.

Angandika adipati Toebin, hèh wong toeban sira babeksana, nganggowa lembing myang tamèng, moempoeng lagi awoeroe, gelarira dipoen angenting, sigra samya toemandang, solahé anggregoet, towok tamèng woes tjinandak, ngoemboelaken lepas anèng ing wijati, moedoen sinoengga djadja.

Ébrahira apan anglangkoengi, beksanira ngentingken tenaga, oelaté lir kinawedèn, tinoembak pan goemoejoe, malangkadak pan sarwi angling, sapa arsa moengsoeha, wong Toeban pinoendjoel, pajo dipoen lawanana, wong Mantaram sapa arep angajoni, lah pajo amadjoewa.

Pan aramya ingkang beksa ngrangin, gamelané syarané goernita, awor soerak lan keploké, lir ombak segara goeng, poetranira djeng Sénapati, apan nrahadèn Rongga, poetra ingkang sepoeh, andjawil dateng kang rama, kagyat sira djeng Sénapati Mantawis, ingkang poetra sinentak.

Angandika adipati Toebin, kakang Sénapati ing Ngalaga, déné asanget doekané, marang ing poetranipoen, kapiraré déné nemeni, poenapa poerwanira, déné sanget bendoe, Sénapati sigra modjar, petjel alit poen Rongga peksa goemakit, arsa miloe ambeksa.

Angladosi beksané wong Toebin, karsanipoen poen Rongga poenika, mèndah goejoené wong akèh, déné jòn moeda poenggoeng, tjoementaka peksa goemakit, temah dados goedjengan, mring wong kang andoeloe, tan lajak jèn wedalena, menggih poetra pandoeka pan meksih alit, angèwedi wong beksa.

Soeka goemoejoe dipati Toebin, sarwi modjar anakingsoen Rongga, teka ningalana bahé, lah adja sira poeroen, moengsoeh beksa lawan wong Toebin, pan ikoe wong digdaja, pilih bobotipoen, sira tolé misih botjah, lah menenga ajya sira wani-wani, lah delengen kéwala.

Balik tiroenen beksané bèndjing, apan sira tolé misih botjah, mongsa bisaha nak ingong, lanta pangrasaningsoen, wong Mantaram tan aningali, beksané wong ing Toeban, sekti soera tegoeh, radèn

Rongga

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Rongga saja panas, ingkang manah datan kena dèn sajeti, djawil noelja simentak.

Aningali dipati ing Toebin, sarwi modjar kakang Sénapatya, lah konen radèn dèn agé, awlas ingsoen andoeloe, poetra dika toean doekani, lah tolé ambeksaha, sinahoewa koeloep, hèh wong Toeban ladènana, anakingsoen lah adja sira temeni, woeroeken beksa kembang.

Sénapati angandika aris, anakingsoen lah Rongga menjanga, goestènira ingkang akon, tamèng towok pinoendoet, pan gotong pat tamèngirèki, towoké gotong lima, wadja tamèngipoen, kang toemingal kagawokan, adipati ing Toeban isin ningali, kagyat giris ing nala.

Gegamané wong apa poeniki, sadjegingsoen oerip doeroeng moelat, gegaman kaja mangkéné, kaliwat gedènipoen, kagawokan dipati Toebin, mantjereng tingalira, nétyanja apajoes, tjangkemé mlongo lir goewa, tan koemedèp tingalé dipati Toebin, ngroeboeng laler tjangkemnja.

Tjiptanira adipati Toebin, nora lajak gegaman manoengsa, mèndahané bapakané, iki tjatjebloengipoen, gegamané anggegilani, nora na tanah Djawa, ing wong kadya ikoe, ancelja sira toemandang, radèn Rongga tamèng towok dèn tjekeli, ngoemboelaken mring wijat.

Towokira kèber anglir peksi, katingal gengnja sak alap-alap, ancelja amoedoen agé, pan tinadahan poepoe, myang tinoenda ing gigir aglis, moeroeb anglir dahana, towok sampoen leboer, mantri padjang samya ébat, adipati ing Toebin tan darbé getih, sanget dènira mérang.

Angandika adipati Toebin, hèh wong Toeban sira dèn prajitna, gelarira dèn angentèk, karo pan samya tegoeh, woes partjaja ingsoen poeniki, lahta sira antepa, gènira anjoedoek, wong Toeban sigra naradjang, panoedoeké wong Toeban dèn titir-titir, pan telas gendingira.

Radèn Rongga sinoedoek tan gingsir, ngiwa nengen towok tan toemama, lir laler mèntjok tibané, panoedoekira goegoep, doek dinedel tan kena loengit, sasat wajang-wajangan, ilafat satoehoe, tjimané ajoen lan baka, toembak keris temen-temen tan nedasi, marang djatining djalma.

Radèn Rongga datan amalesi, meksih étja d'ènira ambeksa, angentèkaken

PERPUSTAKAAN NASIONAL

tèkaken polahé, dipati Toeban moewoes, radèn Rongga malesa aglis, sira ajata digdaja, sekti pan ategoeh, ingsoen apan wis pratjaja, pira betah sira nora amalesi, remek sariranira.

Kinèn males sapisan ping kalih, tri tan menjang mapan radèn Rongga, misih étja begsa tamèng, gawok sagoeng kang doeloe, adipati ing Toeban angling, lah kakang Sénapatya, si Rongga tan poeroen, malesa marang wong Toeban, karsanipoen jyan dédé kakang ngabani, soemongga kèn malesa.

Angandika aris Sénapati, anakingsoen Rongga lah malesa, goestinira ingkang akon, radèn Rongga wotsantoen, an`elèhken towokira glis, toemandang lawan tangan, timaradjang sampoen, wong Toeban dan tinabokan, kapisanan moekané lir dèn sèsèti, koelit katoet ing tangan.

Mantri Toeban gègèr samya wingwrin, pan toemingal wirotamanira, dyan Rongga liwat sektiné, seksana dyan anamboet, tamèngira abeksa malih, towok ngoemboelken wijat, soemeboet woes moemboel, katingal sak alap-alap, anibani iringanira dipati, Toeban lampitnja sigar.

Tatas toegal pan dadya kakalih, adipati ing Toeban andjola, apoendirangan nétrané, nétranira apajoes, wadyèng Toeban samya awingwrin, radyan Rongga anggetak, sanget kang pamoewoes, pan sida tatas wong Toeban, adipati ing Toeban boebar tan pamit, moendoer toendjang tinoendjang.

Mantrènira gègèr samya giris, aningali marang radyan Rongga, miwah pradjoerité kabèh, samya gawok andoeloe, sedyanira loemajoe moelih, oreg gègèr sadaja, pan samya loemajoe, jata dipati Benawa, anggardjita kalajan rekyana patih, déné tinilar bala.

Ing tyasira pangran Banawèki, akalajan waoe kyana patya, jèn tan kèntar agé moelèh, pan dados awonipoen, mring kang rama sri nara-pati, jèn tan sarenga prapta, lan wong Toeban ikoe, dadya tan pamit sadaja, goerawalan datan kawarna ing margi, prapta negari Padjang.

Pan samya ladjeng sowan katrèki, wadya samya angiring sadaja, pan oreg nagri praptané, ladjoe katiganipoen, mangsah tjoendoek marang sang adji, manembah ing sokoe sang, mangoesapi leboe, dipati benawa ngrepa, paloenggoché maboekoeh anèng ing siti, sarta matoer ramendra.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Adipati

Adipati Benawa toenja ris, inggih sampoen kawoela kadoeta, mring nagari Mataramé, sawelingipoen praboe, sampoen koela dawahken sami, dateng poen kakang Sénapati Ngalagèkoe, sareng prapta Randoelawang, noenggang liman poen kakang kalawan mami, telas sabdaning nata.

Amangsoeli kakang Sénapati, dateng kawoela poenika toenja, mongsa boronga sang radjèng, tingal ratoe pan teroes, kangdjeng rama dibya asekti, sagoenging polahingwang, kawaskitèng praboe, menggah nagri ing Mataram, ingong darma poen jaji ingkang darbèni, langkoeng sahé poen kakang.

Langkoeng sahé salaminé wonten ing Mantawis, oeloen ika angi-noem amangan, jèn sijang noetoeg latriné, ginoela wentah oeloen, marang soetala mené singgih, apan kinèn bedajan, soegoehé mring oeloen, tanapi amba jèn nèndra, para rabi soemanding samya ngepeti, atakoet pra kantjanja.

Ki Toemenggoeng Amontja Negari, sigra matoer marang kangdjeng sultan, inggih èstoe pambalaké, soetèng poekoeloen ikoe, Sénapati ngalaga inggih, samekta karja gelar, wong agoeng asemoe, adipati Toeban modjar, gih sang nata jektos kakang Sénapati, ambalik ing - kang karsa.

Ing tarkané tyas oeloen poeniki, kakang Sénapati ing Ngalaga, jèn papagena djoerité, dedamel Padjang sèwoe, sinarenga mara poeniki, pastiné datan nongga, mring kakang Mataroem, Sénapati pan satoenggal, widigbyané loewih sangking sanegari, tepis wiring sadaja.

Sultan Padjang kapita ing galih, amijarsa atoering poenggawa, myang wadya bala mantoené, anarka lamoen nempoeh, pan nèng kéné parnahing djoerit, Sultan Padjang ngandika, mréneja toemenggoeng, sira mantranipoen lawas, mongsa goroh sira marang djeneng mami, sakèhé atoerira.

Adipati Benawa poeniki, mapan ikoe ija poetraningwang, lawan lanang sadjoegané, sahatoer ingsoen goegoe, mongsa ikoe goroha mami, mongsa ikoe ngroesaka, ing negaraningsoen, dadi éwoeh atèningwang, mapan karo tan soen goegoe ikoe mangkin, pan soen pikir oedjoenja.

Soen toetoeri kakangira oeni, misih botjah dadi panakawan,

ingsoen

PERPUSTAKAAN NASIONAL

ingsoen rahina asaré, Sénapati atoenggoe, anèng dagan ingsoen agoeling, ana karsané Soekma, oela galak anoeng, arsa naradjang maring wang, Sénapati tanggimas noelja njekeli, teksaka kapisanan.

Woes mangkono ingsoen atjangkrami, marang wana ing Ramé semana, anggregit sangsam myang bantèng, Sénapati pan toemoet, ngiring iring anèng ing woeri, mantri Padjang pan pisah, ikoe lawan ingsoen, samya ngojak-ojak kidang, apan ingsoen misih anggreget pribadi, kalawan iboenira.

Woes mangkana ana bantèng kanin, noelja ngamoek tanana amapag, anradjang panggritaningong, Sénapati agoepoeh, soengonira pan sidji sisih, pan tjinkelan agya, pinokah soengoe woes, bantèng mati kapisanan, ija ikoe digdajané Sénapati, ija dock lagi botjah.

Mengko iki saja woewoeh sekti, pan woes toewa waspadèng wawéka, widigdya ing sasmitané, amikanaken semoe, mapan noelja weroeh ing wangsit, sakarsanira motah, apan noeloen woes wroeh, sakèhé pawartanira, tan soen goegoe Sénapati soetèng mami, tan béda lawan sira.

Katrènipoen samya tan kenangling, pan toemoengkoel boekoeh lenggahira, dé kalochoeran sabdané, doemateng sanga praboe, langkoeng moehoen atoeré sami, jata waoe gya tedak, kangdjeng sultan kondoer, loemebet ing datoelaja, aloewaran sadaja kang samya mangkil, gantya kang kawarnaha.

Kangdjeng Sénapati ing Mantawis, apan arsa ing nagari Sabrang, tan mawi wadya lampahé, sakedap tandya rawoeh, ing Sambawa ski narapati, pan lagya siniwaka, ing poenggawa agoeng, radjèng Kowar goenem lawan, natèng Sijem ing Sijak goenem Mentawis, radja tanpa sisihan.

Ingsoen iki arsa angajoni, ija marang radja ing Mantaram, ajoen wrocha kasektèné, déné digbya pinoendjoel, ingsoen wani tandinga djoerit, angadoe kasoediran, kantarana baoe, mahen gentya kang kotjapa, Djoeroe Taman kalihan Djoeroe Martani, soempesoel Sénapatya.

Djoeroe Taman lan Djoeroe Martani, kawarnaha sira anèng marga, woes panggih lawan poetsané, tetiga samya koempoel, Djoeroe Taman oematoer aris, anggetjak nagri sabrang, inggih koela poeroen, apan takera loedira, atandinga Sijak Sijem Soembawèki, kawoela lampahena.

Katrinja

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Katrinjamesat praptèng djro poeri, sapraptené yaoe Sénapatya, kalawan kang oewa mangké, rawoeh katiganipoen, djoeroe Taman anèng ing woeri, ngampingi goestènira, gantya kang winoewoes, sang radja Koewari lagya, pan pinarak ingajap kang para tjèti, . noelja ngoeloekan salam.

Mring ki Djoeroe lan djeng Sénapati, gya toemingal radja ing Sambawa, Koewari angoetjap agé, lah neda sami loenggoeh, sigra lenggah katiga sami, radja Sambawa nabda, tédja leksanèkoe, ing mangké kang lagya prapta, katambetan ing poendi ingkang kawoeri kang prapta ing Sambawa.

Sénapati angandika aris, inggih oewa dika sahoerana, ancelja kang oewa agé, nahoeri woewoessipoen, pan anenggih radja Koewari, woes ngroengoe sira tantang, ija pangroengoekoe, moelané soen agya prapta, sira tantang lah pajo tanding adjoerit, angadoe kasentikan.

Radja sabrang amitjorèng ati, wong Mantaram tan keni rinasan, njata kaseb kasektènè, rinasan noelja rawoeh, mandahané kalamoen djoerit, baja tanana mongga, lamoen aprang poepoeh, radjèng Banten kaoetaman, apan sekti toer digdaja ing ngadjoerit, tan kadya wong Mataram.

Wong Sambawa Sijak sijem nenggih, aningali pradjoerit Mataram, sakalangkoeng pandjengeré, mandah kongsija nempoeh, prabawané radja Mantawis, datan kawasa mongga, sekti digbya anoeng, tandané kang joen lan baka, temen-temen pra toewin djalma sajekti, édab radja Sambawa.

Kyahi Djoeroe angandika aris, karsèng oeloen minta pradandanan, oeloen karja berkatané, radja Sembawa moewoes, oeloen prapta Mataram bèndjing, asaos pradandanan, séba mring Matarem, oeloen saos gadjah djaran, mring narèndra pra toewin kang boeloebekti, anoet sabda ing toewan.

Kyahi Djoeroe ancelja apamit, katrènira Djoeroe Taman ija, ancelja oemesat agé, datan kawarnèng ngenoe, sampoen prapta nagri Matawis, sapraptanirèng wisma, atata-aloenggoeh, arsa banter kasoetapan, temen-temen neneda mring Jyang kang loewih, neroes djatining djalma.

Sampoen

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Sampoen pepak kang wadya Matawis, para poetra Sénapati Nglaga, anoetoegaken karsané, agoeng mangan anginoem, andrawina siang myang latri, lan mantri pamadjegan, kang an`eng Mataroem, sadinadina kasoekan, lawan mantri pamadjegan soeka sami, sadaja pan kasmaran.

A S M A R A D A N A .

Mahan tjinarita malih, sa djemnenging sultan Padjang, sultan Banten winiraos, woes ngambil mantoe mring sultan, Padjang poetra panenggak, sakèh negari pan soejoet, soegih wadya toer prawira.

Tjatjah damel tigang keti, laloerahé kawan nambang, samya widigbyèng djoeritè, séwoe negara tanana, menggah jèn amoengsoeha, sakèh wadya sami noengkoel, jèn kala amanggih karja.

Sakatahé kang negari, mapan sami koemawoela, sarta wani myang djoeritè, lamoen ora kramas obat, awaké lesoe loengkrah, saré antoper loemakoe, poenika arsa pepara.

Pradjoeritè pan sinelir, awasta ki Djaladara, Dandangwetjana tigané, sekawan kapitan Boham, Hèngké lawan Mastaham, Harjam ikoe samya tegoeh, prapta ing nagri Mataram.

Ing Banten lawan Matawis, tan wonten soewalèng drija, angraos samya goestiné, ing Padjang lawan ing Toeban, Pati lawan ing Demak, sadaja pan toenggal kajoen, tanana soewalèng drija.

Sapraptanira negari, Mataram waoe wong sapta, pan sampoen amandok kabèh, anèng sadjawining kita, waoe datan antara, wong pitoe sampoen misoewoer, mring sakèhé wong Mataram.

Sampoen angatoeri oening, wong Mataram mring dyan Rongga, kadya mangkana atoeré, goesti wonten wong pepara, karsa ngajapi toean, katahé tijang pepitoe, ngandika rahadèn Rongga.

Sapa namaning pradjoerit, lan ing ngendi kang negara, kang tinanja lon atoeré, pradjoerit Banten kang praptà, anèng nagri Mataram, wonten déning namanipoen, nenggih kang pradjoerit prapta.

Saréjan Topah satoenggil, kalihé poen Djaladara, Hongké Moestaham papaté, Marjam Boeham toer pratigaja, pitoe Dangdang Sengara, toer sarwi wong tegoeh timboel, mila dateng ing Mataram.

Èndjang pan sami medali, wong Banten lan wong Mataram, woes tinembang gamelane, kendang gong magoeroe gongsa, samya asikep pedang

PERPUSTAKAAN NASIONAL

pedang, kalangandjoerira oemoeng, samya aganti toemandang.

Soeka tyasé kang ningali, wong Banten wong ing Mataram, déné sami prawirané, ana ingkang beksa kantar, katga ambeksa dadap, beksa tamèng djebeng lawoeng, aramé gebang ginebang.

Sami anelasken gending, pan samya dadar dinadar, wonten Mataram aramé, pan samya datengken karsa, lirta abondajoeda, pan genti asilih lawoeng, pra samya prawiranira.

Adangoe dènnja prang tanding, radèn Rongga tan derana, tedak sing palenggahané, wong Banten samya soedira, wong Mataram kasoran, pra wirageni anoedoek, woes prajitna Radèn Rongga.

Anoelja winales aglis, tinabok mring radèn Rongga, katoet ing tangan koelité, ana sempal baoenira, ana kènger moekanja, papitoe samya loemajoe. sadaja anandang brana.

Boebar kang sami prang tanding, kang papara ababeksan, samya moelih mring maginé, datan kawarna ing marga, Banten pan sampoen prapta, nahantà ingkang winoewoes, kang kantoen katoer mring rama.

Radèn Rongga dèn timbali, aglis prapta ngarsèng rama, kang rama langkoeng doekané, ala ingala ta sira, botjahé pamanira, ikoe séba marang ingsoen, teka sira anjikara.

Sénapati ngandika ris, sira Rongga marénéja, rahadèn madjeng gé-agé, noelja nembah ing soekoe sang, kang rama angandika, poetoengen djempolaningsoen, soen arsa wroeh karosanta.

Radèn Rongga langkoeng adjrih, déné doekané kang rama, tansah noewoen-noewoen toeré, toemoengkoel kondjem pratala, sarta mangoenadika, jèn soen tan nglakoni ikoe, pangandikané djeng rama.

Kinèn moetoeng djempol sidji, mérang jèn tan kalakona, nanging angraos sisipé, manahira moendoer mara, Panembahan ngandika, lah mara rongga dèn goepoeh, djempol soen sira poetoenga.

Radèn Rongga anglampahi, djadjempolané kang rama, ingasta ngetog krosané, djeng Sénapati tan ngrasa, waoeta radèn Rongga, ambles ing siti kang soekoe, kang rama alon ngandika.

Nora ngapaha sirèki, karosanirata Rongga, anoelja kinipataké, kang poetra katanggor bata, bolong bata sak djalma, radèn Rongga sigra ladjoe, medal saking ing djro poera.

Ladjoe késah radèn aglis, ngalèr ngétan lampahira, dinoekan marang

PERPUSTAKAAN NASIONAL

marang darmané, djeng Sénapati andoeta, gandèk mantri sakawan, lah soesoelen poetraningsoen, poma sira dèn akebat.

Kang doeta oemesat aglis, gegantjangan lampah marga, ngalèrngétan ing lampahé, rahadyan noelya katjandak, marga wot Galih désa, doeta sakawan sroe ngoewoeh, lah goesti dika kèndela.

Rahadèn Rongga anoleh, angandegi ingkang doeta, sang doeta oemarak agé, radèn Rongga angandika, sira kinongkon ngapa, poen Tjara alon oematoer, lah goesti dika wangsoela.

Tinimbalan rama goesti, radèn Rongga tan ngandika, anoelja ladjoe lampahé, sang doeta apeksa lantjang, megati anèng ngarsa, rahadyan bromantya asroe, tinabok doeta sakawan.

Ana sempal baoenèki, wenèh pepes iganira, kekalih pedjah ing ngenggon, kang gesang noelja loemadjar, pan arsa oematoera, radyan lampahira ladjoe, datan kawarna ing marga.

Kotjap doeta kang loemaris, woes tjoendoek mring panembahan, wotsekar oematoer agé, dooh goesti ngatoerken tiwas, noesoel poetra pandoeka, gèn panggya poetra poekoeloen, nèng marga wot Galih tandya.

Langkoeng bendoe poetra goesti, abdidalem tinabokan, kang kalih pedjah ing ngenggèn, Panembahan angandika, ija lah betjikana, botjahingsoen kang woes lampoes, kotjapa rahadèn Rongga.

Rahina wengi loemaris, ngalor ngétan lampahira, kang simedya ing sang anom, negari Pati poenika, sampoen rawoeh semana, radèn Rongga noelja ladjoe, oemarek dateng kang paman.

Angleresi dinten Kemis, pepak wadya ing Santenan, prapténg pasowan sang anom, sareng waoe radèn noelat, pasowan-ana séla, pan agengira sak loemboeng, dyan Rongga gargoet ing nala.

Pasowan djedjel kang djalmi, dèn Rongga wod ingkang mahah, pan séla djinedjak agé, mawoer kadya djawah séla, kagyat sagoeng kang sowan, woes katoer dipatya goepoeh, jèn séla mawoer lir djawah.

Kapirsa dateng dipati, jèn radyan Rongga kang prapta, andjedjeg kang séla gedé, ingkang wonten ing pasowan, mangké sampoen arata, mawoeré lir djawah watoe, remeké kang pinang séla.

Mios

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Mios dipati tinangkil, radèn agé tinimbalan, adoeh poetraningsoen anggèr, sarta rinangkoel kang poetra, apa ñjawa dinoeta, mring ramanta radèn matoer, inggih oeloen pan dinoekan.

Poerwané dipoen dokani, kawoela kinèn moetoenga, djempolan rama astané, kalangkoeng adjrih kawoela, koela inggih pineksa, woesana kawoela toeroet, pangandikané rakanta.

Sareng koela anglampahi, koela nelasken karosan, tan kawasa rakanta gé, kinipataken kawoela, katanggor pager bata, banon amblong oeloen ladjoe, medal kèntar mring Santenan.

Poenika paman dipati, poerwané gèn koela késah, sang dipati ngandika lon, oewis radèn dja dinawa, doeka mongsa prih ala, lah manggona poetraningsoen, toer sembah radèn boekaran.

Dipati kondoer woes latri, radèn Rongga waoe sowan, doemateng kang paman saos, akatah poenggawanira, Pati kang sami sowan, radèn Rongga toenggil ngrikoe, mirsa wonten wong rarasan.

Radèn Rongga manelda ris, lah paman rerasan apa, kang tinanja matoer alon, inggih ingkang koela djarwa, doesoen wonten wong tapa, kadjeng kamal ngandapipoen, radèn Rongga anggardjita.

Karsané dyan Rongga nèoli, kang tapa gya pinaraman, rinoewoek kadjeng kamalé, radèn Rongga anèng kamal, tjinatoer tigang tjondra, kang tapa apan sirna woes, dyan Rongga myarsa soewara.

Oedjaring syara doemeling, bèndjang ngong prapta Mataram, soen papanggih lawan radèn, Rongga anèng ing Talpegat, ingsoen roepa teksaka, ikoeta pamalesingsoen, marang sira lara wirang.

Dèn Rongga sigra nahoeri, hèh syara apa djarira, tan watek ngontjati ingong, radèn Rongga noelja mangkat, anèng marga agerah, ancelja rèrèn sang bagoes, woes dangan sariranira.

Sarira dèn liring-liring, dyan tindak praptèng Santenan, èndjing asowan rahadèn, woes tjoendoek lawan kang paman, radèn Rongga wotsekar, mangoesapi pada sampoen, sang dipati lon ngandika.

Adoeh anggèr poetra mami, déné lawas tan katingal, ingsoen radèn atetakèn, apa ñjawa sira lara, radèn Rongga atoernja, djeng paman kawoela noewoen, medjahken raga kawoela.

Sang dipati ngandika ris, lah anggèr sira moeliha, sira soen

kon

kon ngaterake, mring Mataram poetraningwang, woes lawas nèng Santenan, mantri ingkang ingsoen toedoeh, bésoek kapan angkatira.

Manawa dèn arsi-arsi, mring ramanira kakangmas, woes teloeng tjondra nèng kéné, Radèn Rongga toer pranata, doemateng ingkang paman,radèn alon matoer, kalangkoeng panoewoen hamba.

Boten soesah mawi kanti, jèn sampoen angsal pangadja, sang dipati ngandika lon, ija njawa bektèningwang, atoerna mring kakangmas, dyan Rongga toer bekti sampoen, gya oemesat tanpa rowang.

Datan winarna ing margi, kang katjipta djroning nala, oedjaring syara moelané, datan kawarna ing marga, lampahé radèn Rongga, woes prapta nagri Mataroem, ladjoe sowan mring kang rama.

Djeng Panembahan ningali, kalamoen kang poetra prapta, ingawé rahadèn agé, praptèng ngarsa toer pranata, ingoesap poengkoering dyan, mring kang rama tyas wilangoen, Panembahan mring kang poetra.

Ngandika djeng Sénapati, teka ngendi poetraningwang, déné alawas loengané, oematoer rahadèn Rongga, saking nagri Santenan, ngoendjoekaken bektènipoen, rajinta paman dipatya.

Kang rama ngandika aris, kaki apa sira sedja, marek ing pamaniranggèr, radyan Rongga awotsekar, kawoela poerochita, dateng poen paman poekoeloen, dé sanget kirangan amba.

Panembahan ngandika ris, sira ngadji pamanira, sokoer sèwoe goestiningong, pamanira pada waras, oematoer radèn Rongga, inggih wiloedjeng poekoeloen, Panembahan angandika.

Jèn sira arep linoewih, ngloewihi wong sanegara, ngadjija éjangnoe anggèr, radèn Rongga pan kèwedan, osikingtyas mangkana, ingsoen kinèn ngaos ikoe, ingsoen woes tegoeh prakosa.

Radèn Rongga atoer bekti, woes lèngsèr sing ngarsèng rama, sowan kang éjang karsané, moelja radèn Rongga prapta, éjang kapanggih salat, anèng woeriné ki Djoeroe, radèn boekoeh silanira.

Adangoe gènira nganti, sak bakdané gènnja salat,na watoe ngarsané radèn, tjinoeblesan ing daridjya, milatar tantantoenira, tekèng mangkin watoe ikoe,sadaridji bolongira.

Kya Djoeroe bakda ngabekti, ningali kang wajah prapta, sowan anèng ing woeriné, kyahi Djoeroe ris ngandika, kaki sira bagéja, déning

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

déning lami tan kadoeloe, manang ngendi paranira.

Rahadèn matoer ngabekti, késah koela mring Santenan, nanging tan kandek rahadèn, dridji tjinoeblesken séla, kya Djoeroe angandika, ikoe nora atos poetoe, dridji tjinoeblesken séla.

Kalochoeran ing sabda ning, kang éjang rahadèn Rongga, séla jekti moelih atos, djaridjiné radèn Rongga, tjinoeblesaken tan pasah, èsmoe isin radèn bagoes, andekoe kondjem pratala.

Soen wis wroeh karepmoe kaki, olèhmoe marak maring wang, sirarsa pada ing tyasé, radèn oematoer anembah, éjang kados poenika, iaja soekoer poetoeningsoen, saja toewa manahira.

Woes winedjang wajahnèki, sasoerasané kang éjang, ngèlmoené winoerokaké, rahadyan sampoen widigdya, kya Djoeroe linging drija, émanéta poetoeningsoen, tan dawa ing joeswanira.

Sampoen karsaning Jyang Widi, ing takdir tan kena owah, kang éjang ngandika alon, wis kaki sira moeliha, radèn nembah woes mèntar, gentija ingkang winoewoes, sultan Banten kang kotjapa.

Tatkala poenggawanèki, apapara mring Mataram, angoengasken digdajané, ing woesana samya tiwas, pedjah myang nandang brana, sultan langkoeng dockanipoen, mring poenggawa kang pepara.

Déné teka koemawani, apapara mring Mataram, nadyan adol kasektèné, nagari lyaning Mataram, sultan datan anjegah, dadya datan sinekantoek, tiwasé ingkang poenggawa.

Sigsgen ingkang winarni, kotjapa toemenggoeng Majang, mantrènipoen sultan Paos, ingkang èstri arènira, Sénapati Ngalaga, ki toemenggoeng Majang ikoe, ing mangké soesah kang nala.

Kang dados soesahing galih, kagagas sadjroning nala, kaja paran ta dadiné, karsané kangmas Mataram, Sénapati Ngalaga, ingsoen watara ing kalboe, angjektèni kang wirajat.

Kangdjeng soesoenan ing Giri, doek ing ngoeni kang wirajat, mring kangdjeng rama serginé, kyahi ageng ing Mataram, doek sowan marang Arga, boepati pepak sedaroem, pasisir montja negara.

Wirajatira ing ngoeni, mring rama kyageng Mataram, poetrané djoemeneng katong, myang satoeroen toercenira, bèndjang djoemeneng nata, anèng nagari Mataroem, amengkoe rat tanah Djawa.

Kasoeb

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Kasoebing sabrang nagari, kakangmas djeng Sénapatya, mangko katara solahé, bajata woes mangsanira, osiké kakangemas, pinasti karsèng Jyang ageng, kangmas ngelahi wirajat.

Ing manah langkoeng prihatin, waoe ki toemenggoeng Majang, tan pati dahar asaré, miwah waoe garwanira, katah karasèng nala, ki toemenggoeng tan winoewoes, djeng Sénapati kotjapa.

Saben Djoemoenga ngabèkti, salat chadji dateng Mekah, sakedèp nétra praptané, ing Mekah miwah Madinah, woes nelas roekoenira, dènira chadjita waoe, kondoer dateng ing Mataram.

Dèn Rongga ingkang kawarni, dènira ngideri djagat, kidoel lawan ingkang elèr, segara wedi ingambah, woes doemogi karsanja, noelja kondoer sanga bagoes, woes prapta nagri Mataram.

Sampoen soeroep sanghyang rawi, bakda ngisa wajahira, dèn Rongga anèng dalemé, kang kemit moenggèng ing nglatar, samya kinen rarasan, sareng wantjitengah daloe, kang saos sami rarasan.

Sawenèh andongèng sami, ana ngidoeng amematja, ana oera-oera glènggèng, wenèh toetoer tinoetoeran, kalawan réwangira, waoeta ingkang tjinatoer, anenggih wonten deksaka.

Ing Talpegat oenggyanèki, teksaka kalangkoeng galak, sabongkoting tal gedèné, tan keni ningali djalma, miwah kang satowana, anoelja minongsa goepoch, tintrim padésan kang tjelak.

Radèn Rongga ngandika ris, mring panakawan nèng nglatar, apa sira tjatoer ramé, oematoer kang panakawan, nenggih goesti kawoela, mirsa wonten teksaka noeng, galaké sawer kalintang.

Sabongkot tal ageng nèki, tan keni ningali djalma, miwah saktahing boeron, binoedjoeng noelja minongsa, tintrim kang poenang djalma, doesoen kang tjelak gènipoen, ing sawer soeweng sadaja.

Dyan Rongga ngandika malih, jèn mengkono pinaranan, pajo botjah dipoen agé, kang abdi atoer sandika, byar prapta ing Talpegat, lampahira radèn bagoes, moelat nèng wreksa soemladang.

Ngandapnja soemberan wening, teksaka nèng nginggil toja, sareng wroch mring sira radèn, kebat anander taksaka, marang rahadèn Rongga, tinradjang pinoelet sampoen, sarira datan katingal.

Kang abdi datan noeloengi, adjrih ningali taksaka, ping kalih

adjrih

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

adjrih goestiné, menawi dédé karsanja, mila èwed'ing manah, langkoeng maras tyas andoeloe, kang abdi mring radèn Rongga.

Rahadèn njandak toemoeli, boentoet anèng ngasta kiwa, kang sirah asta tengené, siningkap tjangklakancra, sarpa pedot marapat, gya binoetjal sirahipoen, radèn Rongga tanpa manah.

Semana rahadèn pekik, ingkang sarira rinasa, grah radèn waoe galihé, kadita datanpa drija, sampoening sarpa léna, rahadèn ancelja koendoer, woes praptaing dalemira.

Radèn sanget gerahnèki, sampoen angsal tigang dina, sangsaja sanget gerahé, radèn Rongga ladjoe séda, tangis pan kadi gerah, prameswari sroe amoehoen, sampoen dinoesan kinapan.

Sinalataken toemoeli, sinaré tinoenggil éjang, wong dalem tangis aramé, kadya gerah syaranira, waoe djeng Sénapatya, kalangkoeng pangoengoenipoen, sasédanira kang poetra.

Nahan kang kotjapa malih, kawerna toemenggoeng Majang, kang saja sanget soesahé, adarbé poetra satoenggal, djaloe bagoes kang warna, dadya odjat wanodya goeng, pra prawan miwah welandjar.

Dasar abagoes respati, sambada sapolahira, jata sinoeng kakasihé, radèn Pabélan sambada, dedegipoen pideksa, pawèstri ingkang andoeloe, pilih kang datan kédanan.

Belasar saking soermi, tanapi mring iboenira, tan inganggé pitoetoeré, iboe rama datan pegat, anantèn ingkang poetra, tinari krama tan adjoen, radèn remen andon rasa.

Mring sakèhing èstri adi, pinaroenggoel mring rahadyan, misoewer sakèh ponang wong, tansah adadya potjapan, mring wong Padjang sedaja, rama iboe wirang klangkoeng, karsané waoe kang poetra.

Sampoen tinimbalan aglis, prapta anèng ngarsèng rama, wotsekar rahadèn alon, angèstoe padaning rama, miwah mring iboenira, kang rama alon amoewoes, ija koeloep anakingwang.

Wis marènana nak mami, gonira andon asmara, apan abanget wirangong, jèn tan gelem amarija, amrija ingkang asab, poetraning ratoe toer adjoe, dènadjoe sekaring poera.

Sanadyan njidraha singgih, jèn poetrané sultan Padjang, toer

poetri

PERPUSTAKAAN NASIONAL

poetri ajoe kinaot, tanana koetjiwanira, sira bagoes oetama, sang poetri ajoené noeloes, èndah loewih toer tarocna.

S I N O M .

Oematoer radèn Pabélan, doemateng ingkang soedarmi, kadospoendi margi koela, apepanggih lan sang poetri, kang rama ngandika ris, koeloep ing pangroengoeningsoen, radèn Sekaringpoera, raremené kembang wangi, sang retnajoe sedengé mepeg brahinja.

Dan kang rama moendoet wastra, destar paningset lan njamping, pinapantes poetranira, wastranira samya keling, doewoeng sak sapoet prapti, sarwa kentjana bra moeroeb, asingsim sotya moelja, pinaringkèn poetra noeli, dèn Pabélan tampi sakalangkoeng boengah.

Anoewoen sarwi toer sembah, radèn marang kang soedarmi, angrangkoel toemenggoeng Majang, sarwi awetjana aris, abagoes poetra mami, mara gonen poetraningsoen, kang iboe noelja mara, sarwi waoe amborèni, dasar bagoes karengga déning boesana.

Tjiptanja toemenggoeng Majang, kang poetra kinarja margi, angjektèni kang wirajat, djeng sultan Ngarga roemidjin, dateng kyahi Matawis, tjineta kang anak poetoe, mengkoe rat tanah Djawa, satrahnja djoemeneng adji, dèn Pabélan linebetaken loropan.

Lah agé sira menjanga, iki sekar isi toelis, kaki ta sira gawaha, sekar rong tjontong poeniki, adangena ing margi, ing glédégan aloen-aloen, menawa na kang medal, ampingipoen sanga poetri, menjang pasar ingoetoes atoekoe sekar.

Rahadèn Pabélan nembah, woes lèngsèr saking ing ngarsi, datan kawarna ing marga, lampahé ancelja prapti, ing glèdègan woes linggih, sareng wedalé poenikoe, embanipoen sang retna, arsa dateng pasar inggih, noelja mangkat kapanggih lan radèn djaka.

Rahadèn sigra atanja, lah njahi arsa poenapi, awan-awan menjang pasar, ni emban soemahoer aglis, kinèngkèn goesti mami, manira atoemtas santoen, dateng pasar manira, ing wajah woes awan mangkin, radèn djaka aris dènira angoetjap.

Menggih njahi ta manira, ngatoeri santoen mring goesti, katoera koesoema rara, njahi emban anampèni, sekar rong tjontong

menggih

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nenggih, noelja mantoek agé sampoen, woes prapta dalem poera, sigra katoer poenang sari, woes tinampan binekta minggah papreman.

Binoeka tjontonging sekar, pan ahisi poedak toelis, sastra sinoekmèng wardaja, mangkana oengeling toelis, sapoenika ta goesti, dèn abdèkena wak ingsoen, agesang sasat pedjah, jèn toeloes sihira goesti, manging goesti wonten ingkang koela teda.

Kakintoené sangdyah retna, serat sasoeroe mring mami, pan inggih aran kawoela, radèn Pabélan mas goesti, jèn daloe tan agoeling, adoeh anggèr awakingsoen, jèn siang tanandadah, amoeng andika mas goesti, ingkang katon anèng sadjroning anèndra.

Adoeh anggèr ni mas mirah, kahabdèkena wak mami, ratoe adjoe djroning poera, ingkang paring lara branti, jèn tan sida pepanggih, kalawan sang moertèningroem, tan wandé ingsoen pedjah, jèn tan angsoeng serat goesti, rampoenging srat sang adjoe tansah gardjita.

Datan kawarnaha èndjang, sang retna ngandika aris, lah emban menjanga pasar, dèn agé sira loemaris, lah iki soen gawani, kang soerat wènèhna ikoe, mring rahadèn Pabélan, ingkang awèh sekar iki, woes tinampan kang soerat mring njahi emban.

Mi emban seksana medal, woes prapta djawining poeri, kotjapa djaka Pabélan, angadang glèdègan inggih, njahi emban loemaris, woes prapta glèdèganipoen, kepanggih lan ki djaka, rahadèn wetjana aris, alah njahi dateng poendi karsanira.

Mi emban noelja angoetjap, kinèngkèn ing goesti mami, kinèn njoekakken kang soerat, doemateng andika nenggih, radèn djaka nampèni, seratira sang retna joe, sampoen tampan tinampan, ni emban ancelja bali, sampoen prapta ni emban ing dalem poera.

Kotjapa rahadèn djaka, woes moelih mring wisma gipih, saprap-taning dalemira, oemarak ramanirèki, ngatoeraken kang sari, poedak isi soerat ikoe, apanta woes tinampan, sinoekmèng sadjroning galih, woes kadada sadaja oengeling serat.

Ki toemenggoeng angandika, dateng ingkang poetra singgih, lah pajo tolé dandana, ingsoen ingkang ngater goesti, maleboewa djro poeri, wajahé bakda ngisa woes, sirep raré semana, sigra ancelja loemaris, ki toemenggoeng lajang lawan poetranira.

Prapta

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Prapta kori Bradjanala, angadek amatek adji, anoelja banon ingoesap, pangoetjapé kaping katri, banon mendak wor siti, mandoengan sri mengantikoe,lah anggèr maleboea, kang poetra oematoer arsigih sandika nanging wonten atoer koela.

Sampoening malebèng poera kados poendi jèn abali,adja soesah poetraningwang, sira soen woerook kang adji, nging sinimpangken nenggih, dédé jekti adjènipoen, kang poetra woes kadoega, woerooké ingkang soedarmi, dyan Pabélan malebet kapoetrèn prapta.

Waoe ki toemenggoeng Majang, pan teksih wonten ing djawi, salebetira kang poetra, noelja matek adji malih, banon ngoesap ping katri, woes ngadek banon lir waoe, mantoek toemenggoeng Majang, kotjap waoe poetranèki,dyan Pabélan ngintip dalemé sang retna.

Anglir lampahirèng doesta, sinamber bentjé kekolik, tatekak moenja angakak, anenggih sang radja poetri, tan étja ingkang galih, ngandika mring embanipoen, kaja ngapa tan teka, emban semajané oeni, pan ing mengko wantjiné woes sirep djalma.

Ni emban matoer anembah, inggih leres goesti mami, nanging watawis kawoela, kados boten tjidra goesti, ping kalihipoen malih, sanget gèning bronta woejoeng, doemateng ing pandoeka, koela doegi noenten prapti, sang retna joe aroem widjiling wetjana.

Ja bijang nora kajaha, si djenat teka njidrani, retna Djoemilah toemedak, ing plataran noelja prapti, senenan pandam singgih, angoelap-oelap sang ajoe, dyan Pabélan mendapan, sang retna prajitnèng galih, angandika si djenat tjidra ngoebaja.

Radèn Pabélan atoernja, adoeh goesti mirah mami, datan tjidra ing samaja, sanadyan dateng ing pati, kawoela anglampahi,adoeh goesti mirah ingsoen, goningsoen angawoela, ratoening wanodya iki, baja dika kang mèmper dèwi Soepraba.

Goesti kawoela bendara, kang asih mring koela iki, sang retna pinarepekan, sigra ingemban sang poetri, sang dyah noelja acangkis, anjengkah djadjaning kakoeng, sanadyah sampoen ingaras, sang retna apongah pangih, woes binekta aminggah dateng papreman.

Dèn ngoengroem koesoema rara, kakoeng baoet anglangkoengi, sang ajoe sampoen kagiwang, semana datengken kapti,retna tekaring

poeri

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

poeri, mapan angsal prija bagoes, sampoen tjarem sang retna, wantoe samya karsanèki, wor asmara sangdyah sakétja anèndra.

Radèn émoet ing wantéjan, sang retna ingapit goeling, radèn djaka pan woes medal, sedyané arsa amoelih, tinilar radèn dèwi, gya winatek adjènipoen, woerockipoen kang rama, ingoesap banon tan gigrig, kaping kalih pining tiga datan obah.

Rahadèn gardjitèng nala, awangsoel mring dalem malih, soen oesap banon tan obah, djeng rama moerock mring mami, poelja amedal malih, winatek malih djènipoen, ameksa datan mendak, ping tiga datan agempil, dadya wangsoel ki djaka dateng papreman.

Tjiptané pasrah Jyang Soekma, tan wandé nemahi pati, radèn wangsoel mring papreman, pitoe sang retna anglilir, kakoeng dèn goerajangi, apan adem sriranipoen, kakang apa tas toja, dé anjep sarira nèki, inggih nimas kawoela mentas atoja.

Rimangkoel koesoema rara, ingaras sangdyah aririh, tansah apoelang asmara, woes éndjing embanirèki, samya rarasan menggih, kadingarèn goestiningsoen, iki apan woes awan, doeroeng woengoe goesti mami, kang sawidji nahoeri pantes doeroenga.

Pan sawengi goestiningwang, syarané pan datan goeling, kajata karon asmara, emban sawidji pan angling, pajo angindjen sami, emban kakalih andoeloe, marang ing goestinira, syarané lir wong kekalih, anggardjita ni emban satoenggalira.

Waoe kang poelang asmara, pan kawanan dènnja goeling, radèn sampoen njipta pedjah, tan pisah lawan sang dèwi, sangdyah tan bédèng kapti, kalihnja anjipta lampoes, sami anèng papreman, tjiptanira sang retna di, lara pati wong loro anglaboehana.

Ni emban atoer oeninga, praptèng byantaraning adji, wotsekar oematoer sigra, oeloen sinoehoen toer oening, ngoendjoekken tiwas goesti, poetradalem sang dyah ajoe, waoe satingal amba, dalemipoen wonten djalmi, tijang prija mangké teksih nèng papreman.

Kalawan poetra pandoeka, poenika samya agoeling, étja samya poelang raras, menggih lan didalem djawi, poen Pahélan kang mami, toemenggoeng Majang kang soenoe, sang nata kagyat mirsa, djenger sakala sang adji, langkoeng doeka kinèn nimbali tamtama.

Woes tinimbalan tamtama, sadaja woes saos ngarsi, hèh botjah tamtama

PERPUSTAKAAN NASIONAL

tamatama pada, sira loemakoewa aglis, maranga kenja poeri, tjekelen bantèng nèng ngrikoe, ingkang taratjak wadja, soengoené kentjana adi, sagoeng wadya tamtama malebat ènggal.

Kapoetrèn sigra kinepang, mring sagoengé tamtamèki, gegamannja warna-warna, waos sandjata myang lembing, kapoetrèn sampoen kikis, rahadèn prajitna sampoen, sigra pan arsa medal, binondètan mring sang dèwi, radèn djaka kèwedan ing manahira.

Na mantrinja rosa djoega, kinarja loerah pradjoerit, tamtama ika sadaja, ki Bradjadipa kang nami, prasanakané lami, toemenggoeng Majang karoehoen, datan basa binasa, lawan ki toemenggoeng nenggih, dyan malebet Bradjadipa djroning poera.

Sapraptané ing djro poera, Bradjadipa dèn dawoshi, doemateng djeng sultan Padjang, kinèn anjekel kang djalmi, Bradjadipa toer bekti, sandika ing atoeripoen, loemebet dalemira, dènajoe sekaring poeri, mapan meksih nèng papreman kalihira.

Tjelock-tjelock Bradjadipa, marang dyan Pabélan aglis, radèn Pabélan amirsa, noelja pamit mring sang dèwi, sang retna ambondèti, pan nora wèh oetjoel-oetjoel, Bradjadipa lingira, njawa ajya sira watir, ija akoe kang ananggoeng patènira.

Gempalé ingkang warongka, tanapi bedahing njamping, oewakira dèn andelna, jèn ana doekaning adji, manira kang nanggoepi, noewoen apoera ing praboe, dyan Pabélan samana, sampoen karsaning Jyang Widi, teka gampang myarsa oedjaré kang oewa.

Mjelock malih Bradjadipa, hèh radèn mréné ja aglis, ki djaka pan sampoen oewal, binondèt ing radèn dèwi, radèn noelja moeroegi, sampoen prapta ngarsanipoen, ki bradjadipa ngoetjap, ija njawa poetra mami, doewoengira oeloengena marang ingwang.

Semoe awrat dyan Pabélan, doewoengé djinalock maring, Pradjadipa wroeh semoenja, pan sarwi wetjana aris, njawa jya salah tampi, doewoengira ingsoen djalock, asaroe tiningalan, lah andelen ingsoen goesti, dyan Pabélan angoeloengken doewoengira.

Sampoen tinampèn doewoengnja, radèn tinoebroek woes keni, binonda binekta medal, sampoen katoer mring sang adji, kinèn bandjoerken aglis, doemeteng ing aloen-aloen, anoelja sinoedoekan,

radèn

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

radèn djaka woes ngemasi,gilang-gilang lajoné nèng ringin kembar.

Singanegara woes boebar, pedjahé woes katoer ngadji, sang nata waoe sangsaja,bendoené jajah sinipi, dateng ramanirèki, ing Majang kyahi toemenggoeng, mapan dingin dinoekan, ping kalih dé poetranèki, kinèn noendoeng ki toemenggoeng mring Samarang.

Mantri sèwoe noembak anjar, sigra kinèn ngiring sami, woes mangkat marang Semarang, kya toemenggoeng pan woes kéring, mangkana ingkang èstri, akarja serat gya sampoen, oetoesan mring Mataram, ingkang raka Sénapati, noelja agé oetoesan dateng Mataram.

Datan kawarna ing marga, woes prapta nagri Matawis, sigra tjoendoek Panembahan, sang doeta noelja wotsari, amba ingoetoes goesti, dateng rajinta poekoeloen, kinèn ngatoerken soerat, soepatra tinampan aglis,gya binoeka sinoekmèng djroning wardaja.

Mangkana oengeling serat, bekti koela kakang inggih, kakang koela atoer priksa, rajinta dinoekan adji, tinoendoeng mring Samawis, mantri Padjang kang toet poengkoer, sèwoe dadamelira, doch kakang reboeten aglis, moeng andika sadèrèk koela kang toewa.

Jèn kénging awak kawoela, angabdi andika jekti, moeng dika ingkang prajoga, kang kèngkèna awak mami, doch kakang dipoen aglis, reboeten raji poekoeloen, woes titi ingkang soerat, Panembahan Sénapati, langkoeng doeka kang djadja kadya dahana.

Koemedjot padon latinja, talingan kadya sinebit, kotboeta jèn tiningalan, myang oedjyala nétra andik, wedanamipoen abrit, kadya api jèn dinoeloe, kotjap doeta ing Majang, katedan sangoe gya moelih,Panembahan Sénapati gya ngandika.

Oendangen mantri Madjegan, saroepané lah dèn aglis, sampoen ngoelaran sadaja, tan antara praptèng ngarsi, ngandika Sénapati, hèh sakèhé mitraningsoen, soen djaloek karjanira, reboeten sadoeloer mami, ingkang aran si adi toemenggoeng Majang.

Ikoe pan sadoeloer ingwang, tjegatan Kadoe dèn keni, sadaja samya wotsekar, matoer sandika mring goesti, waoe djeng Sénapati, moendoet jotra wastra aloes, sisim sotya akatah, embanan kentjana adi, pinaringken mring pamadjegan sadaja.

Kawandasa katahira, pinaringan sangoe sami, babenting lawan rasoekan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

rasoekan, singsim anjekawan sami, kandelan kentjana di, boesana mobyar dinoeloe, kantjing samya kentjana, sedaja noewoen toernèki, ingandikan sadaja mangèstoe pada.

Lah oewis sira mangkata, salamet oléha kardi, noewoen sandikan sadaja, wotsekar moendoer sing ngarsi, singsim ana ing daridji, gebyar-gebyar jèn dinoeloe, sadaja anggardjita, manahé kang para mantri, baja iki soen njahoer sihing bendara.

Woes kondoer djeng Sénapatya, mantri Pamadjegan sami, pradjan djéjan lan rowangnja, dènnja males sihing goesti, sampoen wonten ngontjati, sahoer-sinahoeran sampoen, waoe goejoeb sadaja, samya neneda Jyang Widi, oesiking tyas nahoeri sihing bendara.

Sadaja seksana mangkat, kawandasa noenggang wadjik, tjotjongklangan lampahira, désa Kedoe sampoen prapti, anoelja ladjoe malih, pradja Djatidjadjar doesoen, dènnja ngadang wong Padjang, datan antara kahèksi, glis anander woes tjelak gya atetanja.

Lah iki gamané sapa, lan njang ngendi paranèki, wong Padjang anèng ngarsa, ingkang tinanja nahoeri, gaman Padjang soen iki, dinoeta marang sang praboe, amboewang wong dedosan, paranè menjang Samawis, wadya Padjang kang aran toemenggoeng Majang.

Gardjita wong kawandasa, saksana angamoek sami, kang tengah pan tinaradjang, anglir bantèng tawan kanin, polah wong Mataawis, noenggang koeda dènnja ngamoek, leng-oelengan wong Padjang, amalemales tan olih, arsa noembak binentak winales pedjah.

Mantri Padjang ingkang soera, sadaja samya ngemasi, ingamoek wong kawandasa, aramé asilih oengkih, pan wong Padjang poeniki, tan njana jèn wong Mataroem, woes pastining Jyang Soekma, wong Padjang katah ngemasi, tinigasan wong Padjang mring wong Madjegan.

Wong sèwoe gegaman Padjang, sasisané ingkang mati, pan sampoen laroet sadaja, tan wonten ingkang ngoendili, waoe ingkang kawarni, ki toemenggoeng woes kareboet, déning wong kawandasa, pan sami alon tah getih, wong ing Padjang kang pedjah woes kinetokkan.

Winot goeloening toerongga, djangganing wong kang ngemasi, anidjèni bekta sirah, wong kawandasa gya moelih, samya boengah ing galih, tjatjongklangan lampahipoen, tan kawarna ing marga, lampahé anoelja

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ancelja prapti, ing Mataram ladjoe sowan ing goestinja.

Djeng Sénapati Ngalaga,daweg ngleresi tinangkil, praptané mantri Madjegan, ambekta djongga n'atoenggil, wot sekar matoer sami, goesti oeloen kinèn ngreboet, dateng raji pandoeka, toemenggoeng Majang woes keni, Djatidjadjar goesti gènipoen karebat.

Poenika ngatoerken djongga mantri Padjang ingkang mati, kawandasa katahira, katoera ing kangdjeng goesti, Panembahan nabda ris, jata sira mitraningsoen, sakèhé karsanira, moega toeka sihing Widi, ki Toemenggoeng ancelja angèstoe pada.

Amboekoeh lan garwanira, Panembahan ngandika ris, kapréjé ta poerwanira, sira dinoekan rama dji, kang raji matoer waris, tan pantes katoer poekoeloen, Panembahan ngandika, dja watir toetoeren jekti, ingkang raji oematoer sarwi wotsekar.

Mila kawoela dinoekan, déning ramanta sang adji, kabekta dé poetra toewan, poen Pabélan pedjahnèki, anenggih njidra resmi, lawan poetrané sang praboe, Panembahan ngandika, ja wis dja dinawa jaji, woes pinasti patiné ing anakira.

Ngandika djeng Panembahan, wòes manggona sira jaji, toer sembah toemenggoeng Majng, woes lèngsèr saking ing ngarsi, mantri Madjegan sami, woes kinèn boebar sadaroem, mantoek ing wismanira, aloewaran Sénapati, sampoen kondoer doemateng ing kenjapoera.

Kotjapa djeng sultan Padjang, kang doeta kawon ing djoerit, loemajoe asalang toendjang , samarga areboet oerip, akatah ingkang kanin, samya batoeré tan weroeh, dèn njana mengsahira, lampahé pan sampoen prapti, nagri Padjang woes koendjoek sahatoerira.

Waoeta djeng sultan Padjang, èndjing amijos tinangkil, sangkep santana pra samya, toemenggoeng para boepati, wadya mantri geng alit, pasèwakan djedjel penoeh, poetra wadya oetama, kya patih sampoen nèng ngarsi, kangdjeng sultan andawoehaken timbalan.

Nimbali mantri kang prapta, kang sami tiwas ing kardi, woes prapta byantaraning sang, kangdjeng sultan ngandika ris, na pira wong Matawis, kang ngreboet si Majang toemgoeng, matoer moeng kawandasa, sami anitih toeranggi, abdidalem Bagelèn mantri Madjegan.

Kelangkoeng

Kelangkoeng tegoeh prakosa, bradja datan anedasi, sultan ngandika mring patya, hèh ta patih sedeng iki, mangsamira adjoerit, kalawan wong ing Matarcem, pajo kabah warana, pasisir montja negari, anoesoela ingsoen ngloeroeg mring Mataram.

Pan woes njata pambalikna, poetraningsoen Sónapati, tandané miwiti karja, aprang lan wong Padjang djekti, pada dandana patih, myang sakèhé poetraningsoen, najakaningsoen Padjang, kondoer sing pasowan aglis, sigra ngrasoek boesananira djeng sultan.

Sampoen kamot ing sarira, sakaprabon ing ngadjoerit, rasoekan alapis tiga, baloedroe myang sora-sari, brekatan woes rinakit, doewongé tjinmiga sampoen, djimat pripih makoeta, samya ingagem sang adji, abra moeroeb boesanané tiningalan.

Sampoennja ngrasoek boesana, tandya mios sri boepati, kèndel anèng pagelaran, pradjoerit woes sangkep sami, saniskarèng tjoemawis, djadjel anèng ngaloen-aloen, poetra para satrija, tanapi rekyana patih, sawadyanja woes sami tata sadaja.

Toemenggoeng para boepatya, arja demang lan ngabèi, abdidalem wong tamtama, wong kawandasa tjoemawis, sikep waos djiningging, lawan sasendjatanipoen, tan tebah lan nalèndra, samya ingandelken djoerit, samya taoe naté tatal anrangbaja.

Noelja sultan angandika, doemateng para pradjoerit, lah ta pajo bodolena, wong tatama myang papilih, miwah wong kawandèsi, kendang gong oemoeng goemoeroeh, bendé bèri saoeran, lir gerah syaraning djalmi, oreg kabèh sagoengingkang wadya bala.

Pra mantri samya liningan, gegaman oemangkat sami, pra poetra miwah sentana, ki patih miwah boepati, gegamanira asring, kyana patih moenggèng ngajoen, bandéra warna-warna, daloedag katonda asri, tiningalan anglir goenoeng winalagar.

Sendjatané anèng ngarsa, sarapi abang lan koening, koelambiné warna-warna, wonten tjemeng idjo poetih, waos bèmang lan djinggring kaporantjak blongsongipoen, landéjan tjemeng ika, binalongsong ginarandim, soelam amas gegaman lebet kawarna.

Bandéra goela kalapa, saragni koelambi abrit, gelatik moengoep waosnja, katah tan keni winilis, ana koelambi koening, saragni myang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

waosipoen

waosipoen, boeng ngampèl watangira, saragni koelambi poetih, waosira watangé pan samya petak.

Boedal kangdjeng sultan Padjang, arsa ngloeroegi Matawis, sampoen anitih dipongga, boepati sadaja ngiring, tanapi para mantri, lampahé anèng ing ngajoen, sarta pradjoeritira, gadebeging kang wadya lit, kang partala kadya lindoe kaping sapta.

Kya patya pangirit lampah, toemenggoeng para boepati, pan anèng ngarsa sedaja, sawingkingipoen ki patih, pradjoerit kang nenangi, anenggih kang para soenoe, kalawan pra satrija, pradjoeritipoen nepangi, pradjoerit djro kang sikep waos sedaja.

Samarga-marga atata, bandérané warni-warni, kadya koepoe tiningalan, daloedag lamoen ingèksi, anglir tédja pan asri, oemboel-oemboel lir kekoewoeng, lajoe konda kalawan, koembala badak pan asri, ambelabar gaman anglir rob samodra.

Dadya ratan kang kamargan, tindaké ngloeroeg sang adji, doemateng nagri Mataram, kadya ombak ing djeladri, kang katradjang ing baris, kang arga pan kadya goegoer, saking katahing wadya, goemoeroeh goeroeh syara ning, djalma koeda miwah kritjiking warastra.

Soroting soerja baroengan, lan soroting boesana di, kantjana lawan salaka, lir kilat baroeng lan tatit, soerem pradongga pati, lir soerja kalingan mendoeng, saking katahing wadya, ageng gegaman pan asri, angadjrihi tanpa wilangan ing woentat.

P A N G K O E R .

Kyana patya lampahira, anèng ngarsa pra satrija boepati, pra poetra pan anèng ngajoen, nindihi gamanira, arja demang ngabèi lawan toemenggoeng, toenggoelira warna-warna, kendang gong kalawan bèri.

Tan kèndel samarga-marga, oepamané kadya segara ngalih, pangangèné kadya goenoeng, badong tepong kentjana, ana ingkang djamang mas sinotya moeroeb, singsimipoen pan sinotya, rasoekan kalédja sami.

Baloedroe kinantjing emas, arasoekan kastoplan sora-sari, sawenèh rasoekan esoep, koening idjo lan abang, lawan petak ana ingkang

kang woengoe biroe, miwah ingkang kapoeronta, akekaloeng mawi pending.

Lantjingan sami rinènda, wenèh ana kang nganggé oedeng gilig, samya rinènda bra moeroeb, waoeta kangdjeng sultan, jèn sinawang tjahja doemeling soemoenoe, amawi makoeta retna, pinoetjakan inten adi.

Lampahira kangdjeng sultan, anèng woentat ginarbeg pra pradjoerit, kanan kéring miwah poengkoer, abdidalem tamtama, kawandasa kapilih tan tebah praboe, boepati lebet sdaja, samya roemeksèng mring adji.

Prajitna samarga-marga, datan wonten owah tataning sami, tanapi kang wonten ngajoen, waoe rekyana patya, para poetra satrija prajitnèng kéwoeh, anèng ngarsané djeng sultan, sampoené ngoelaran sami.

Karsanira kangdjeng sultan, masanggrahan anèng Prambahan dèsi, syaraning bala goemoeroeh, sawétan lèpèn Oempak, baris koebang sadaja sawadyanipoen, tan pegat prajitnèng baja, sakatahé pra pradjoerit.

Pradjoerit djro pan woes tata, tan kalintoe ing pernahira sami, sang giwangkara mèh soeroep, étja rerep wong Padjang, dènnja mondok kadya goenoeng alelakoe, enengna ingkang kotjapa, djeng Sénapati Mentawis.

Apan sampoen amidarsa, jèn ing mangké kang rama anindaki, angloeroegi ing Mataroem, prapta ing Parambanan, karsanira ametoek ing Randoepitoe, sang Sénapati ngandika, mring kang wa Djoeroe ngrembagi.

Wong domas sampoen ngoewaran, pepak kabèh koelawarga Matawis, samekta lan gamanipoen, waos lawan sandjata, pedang tamèng towok lembing mrapit sampoen, ing poengkoer tanapi kanan, tengara bodol woes moe ni.

Djeng Sénapatya gya boedal, kyahi djoeroe lampahira tan tebih, syaraning bala goemoeroeh, miwah mantri madjegan, woes prajitna anèng marga lampahipoen, tan tebih lan goestènira, djeng Sénapati Matawis.

Datan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Datan kawarna ing marga, sampoen prapta waoe ing Randoekori, patjakbaris karsanipoen, pasanggrahan woes dadya, wadyanira mondok baris koeheng sampoen, sareng soeroep praptanira, ki Bitjak tinaboeh aglis.

Sénapati ing Ngalaga, karsanira waoe mijosi djoerit, ngoewari wong Goenoeng Kidoel, sami noempoek kang wreksa, pepantanen dèn agoeng toempoeken ikoe, eletana sapembalang, oetawa let sapambedil.

Sang Sénapati nèng ngarga, karsanira ngobong kang poenang wreksi, sirep djalma gya tinoenoe, tatoempoekaning wreksa, pan goemlegar syaraning geni kang moeroeb, awor oengelé ki Bitjak, syarané lir glap saketi.

Kadi karengèng awijat, kang kotjapa pradjoerit Padjang sami, kyana patih nembah matoer, mring kangdjeng sultan Padjang, pan kawoela ngatoeri pirsa poekoeloen, kalamoen poetra pandoeka, Sénapati ing Mantawis.

Ametoekaken pandoeka, apan inggih wonten ing Ngrandoekori, sultan Padjang kapitèngkoe, tan nebda sigra moelat, ingkang api Goenoeng Kidoel pernahipoen, kalawan mirsa syaranja, oengelé ki Bitjak nenggih.

Saja geng poenang dahana, lan ki Bitjak ngamandang nèng wijati, djeng sultan gardjitèng kalboe, ngandika mring apatya, hèh toemenggoeng timbalana poetraningsoen, lan sakèh para dipatya, miwah dipati Pasisir.

Montjanegara sadaja, atoer sembah patih lèngsèr sing ngarsi, noelja ingoewaran sampoen, sadaja samya sowan, anèng ngarsa sadaja sami amboekoeh, kangdjeng sultan angandika, hèh sakèhé pra boepati.

Si patih lan poetraningwang, tingalana redi Kidoel dya geni, ana manèh kapirsèkoe, oengelipoen ki Bitjak, pan angangkang anglir gelap sèwoe oemyoeng, awor soewarèng dahana, déné klangkoeng angadjrihi.

Soktiné ki Sénapatya, adipati Toeban matoer wotsari, kawoela noewoen poekoeloen, pangandika pandoeka, gegirisi doemateng ing wadya agoeng, pangandikané djeng sultan, temah angaliti ati.

Abdidalem pan sandika, pra boepati sadéné kang pra mantri, sadaja

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sadaja pan sami poeroen, mengsaha kakangmas, Sénapati apan kadik wadyanipoen, wadoe ing Padjang pan katah, sadajanja samya wani.

Widagdya jan sami joeda, tegoeh poeroen njekela Sénapati, myang amerdjaja pan poeroen, lamoen angsal pengadja, sangking rama djeng sultan sadaja poeroen, djeng sultan Padjang ngandika, soetèng oeloen ki dipati.

Soetèngngong dipati Toeban, adja sira lah njawa wani-wani, moengsoeh Sénapati ikoe, wroehanira woes prapta, ing djangdjiné ing mengko noer kang nèng ingsoen, ing Padjang ngalih Mataram, kang amengkoe tanah Djawi.

Sakèhé pra ratoe Djawa, séba marang Sénapati Matawis, pesti dadi pandam agoeng, Sénapati Ngalaga, ing Mataram sultan Padjang tan winoewoes, ki Djoeroe Martani ngoetjap, hèh Sénapati Matawis.

Lah kadipoendi karsanta, nora woeroeng aprang lan sultan iki, pira dohé geni ikoe, let satitik kéwala, pan ing bèndjang aprang lan wong Padjang ikoe, oeloen iki liwat wirang, anon moekané pra mantri.

Bèndjang jèn prapta ing rana, déning bapa myang soenoe silih-oekih, lan soedarma dadi goeroe, Sénapati lon modjar, kadipoendi rèhira oewa poenikoe, poendi ingkang linampahan, oeloen manoet ing sakarsi.

Djarwanana rèh andika, kyahi Djoeroe Mertani sigra angling, jèn sembada lawan kajoen, oeni inggih andika, pradjandjèjan lan ratoe Segara Kidoel, tinagih ingkang semaja, lan kang kajangan Merapi.

Ing ngoeni mapan semaja, marang mami jekti oeloen anagih, pan woes dateng djangdjènipoen, Sénapati Ngalaga, pan oemiring angadek toemengèng lochoer, angèstokken djangdjènira, kalawan sang radja dèwi.

Oemyang mesat langit ika, bajoe badjra nradjang sempal-wreksèki, kajoe katah kabaroeboh, wenèh kaparag sempal, doengkar-doengkar, ngarga oedan koemaroetjoek, dimané djim samya prapta, tan antara saking nglangit.

Goernita lir langit bedah, kadya goenoeng roeboh syara nga-

djrihi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

djrihi, kra doeta siti bah asroe, gara-gara goeng prapta, goenoeng Mrapi anahoeri goemaledoek, sarta geni soemamboerat, oedan ageng andatengi.

Goenoeng goegoer watoe kawah, myang karikil lèngsèr sami nibani, sarta kali Oempak ladoe, watoe ageng akatah, sami prapta marang kali Oempak ikoe, angèli ngisor paranja, warnané lir dandang moeni.

D A N D A N G G O E L A .

Watoe ageng pan akatah prapti, samya ladoe anèng kali oempak, pating galoedoek syarané, pada bisa amoewoes, hèh ta batoer kang gedé tjilik, sira pada ngandikan, amapaga moengsoeh, ingkang anèng Parambanan, sultan Padjang ikoe moengsoehira djoerit, sawengi kalahena.

Sultan Padjang lan kang para mantri, kagègèran déné ladoe ming gah, andesek pasanggrahané, mantri Padjang loemajoe, séwang-séwang areboet oerip, narka ari kijamat, déné watoe nempoeh, pasanggrahan kaweratan, nora lajak ladoe watoe angoenggahi, sadaja samya ngoetjap.

Sultan Padjang balanira ngisis, mapan sirna sakèhing sandjata, binongkok binekta moelèh, djeng sultan Padjang moendoer, ngloehoer liman gènnja miranti, ladjoe marang Tembajat, astana djinoedjoeg, koentji sinorog tan kena, sultan Padjang angoedjoeng saking ing djawi, sawoesira gya nolda.

Ija oewis takdiring Jyang Widi, déning koentji sinorog tan kena, pan woes djangdjining Jyang mangké, sultan Padjang gya ladjoe, sigra boedal sagoenging baris, djeng sultan nitih liman, kang wadya goemoeroeh, kang liman alosmba-loemba, kangdjeng sultan ancelja dawaeh ing siti, wadya samya ngrarompa.

Sultan Padjang sadawoehirèki, langkoeng sanget gerahé sang nata, ancelja tinandoe agé, koeneng ingkang winoewoes, Sénapati ingkang winarni, sak oendoeré kang rama, sultan Padjang waoe, Sénapati noelja nalrang, ngateraken mring kang rama sultan aglis, prapta ing parnahira.

Ing Tembajat djeng sultan loemaris, pan woes ladjoe waoe

lampahira

lampahira, kotjapa Sénapatiné, lampahira anoesoel, ngateraken mring sultan aglis, moeng kawandasa ingkang, kekapalannipoen, oentap-oentapaning lampah, katjelaken djeng Sénapati ngandegi, sapaningal gya mangkat.

Sultan Padjang pan sampoen oedani, lamoen Sénapati ing Ngalaga, angaterken ing lampahé, tanpa rowang kang soenoe, sultan Padjang ngandika aris, soetèngong Sénapatya, ngaterken maringsoen, saking tresnané maring wang, adipati ing Toeban mirsa toenja glis, amba matoer djeng sultan.

Kados poetra toean Sénapati, ing Ngalaga anoesoel pandoeka, jèn soewawi karsa radjèng, winangsoelan wadya goeng, kangmas Sénapati Matawis,déné kedik rowangnja, sultan ngandika roem, soetèngong dipati Toeban, wrechanira kakangira Sénapati, ngateraken maring wang.

Rakanta Sénapati Matawis, marmané ika noesoel maring wang, ja saking tresna maring ngong, woes takdiring Jyang agoeng, kakangira ki Sénapati, kadya goningsoen joga, lan iboe nirèkoe, mengko noerboewating Padjang, woes angalih marang nagri ing Matawis, nèng Sénapati Nglaga.

Woes pinasti dènira Jyang Widi, lan woes teroes wirajaté soenan, Ing Ngarga èanget tyasingong, jèn kakang syargi ikoe,nak poetoené na dadi adji, sak terah-terahira, kasosra pinoendjoel, dadi ratoe tanah Djawa, miwah sabrang soemoengkem tanana wani, ratoe tanpa sisihan.

Adipati Toeban tan kena ngling, dangoe-dangoe pangeran Pènawa. alon oematoer mring radjèng, amba matoer poekoeloen, wadya katah datanpa kardi, jèn kantos tanpa karja, jèn soewawi oeloen, kalih adipati Toeban, amangsoeli miwah poen rekyana patih,mangsoeli kakangemas.

Kangdjeng sultan alon manebda ris, poetraningsoen adja wani sira, amoengsoeh Sénapatiné, woes karsaning Jyang agoeng, kakangira ki Sénapati, amengkoe tanah Djawa, dadi ratoe ageoeng, kasosra ing tanah Sabrang, woes moepoesa wadyaningsoen ageng alit, mitoehoe kang mijarsa.

Pangran

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangran Benawa Toeban dipati, sami mitochoe sabdaning nata, ingkang winarna lampahé, sang nata sampoen rawoeh, nagri Padjang toemamèng poeri, wadya bala sadaja, dipati toemenggoeng, pasisir mantja negara, arja demang petjattonda lan ngabèi, pan samya makadjangan.

Saja sanget gerahnja sang adji, wadya Padjang goeng alit pepakan, ladjoe mekadjangan kabèh, saparnah-parnahipoen, kang kotjapa djeng Sénapati, Ngalaga ing Mataram, prapta Majang sampoen, ladjoe rereb masanggrahan, anèng Majang wong kawandasa kang ngiring, pangiridé kang oewa.

Kyahi Djoeroe Amrentani nenggih, datan tebah lan djeng Sénapatya, waoe saparnah-parnahé, jata ingkang winoewoes, sultan Padjang mijarsa warti, jèn Sénapati Nglaga, ladjoe lampahipoen, amondok ing Majang désa, kilèn Padjang djeng sultan arsa oedani, mring poetra Sénapatya.

Ingkang kinèn nimbali loemaris, lampahira waoe gegantjangan, woes praptèng doesoen Majangé, mapan sampoen tjoemondoek, gandèk lawan djeng Sénapati, noelja matoer kang dosta, kawoela ingotoes, ing kangdjeng ramanta sultan, jèn ing mangké kawoela kinèn toer peksi, grahé ramanta sultan.

Saking sanget gerahé sang adji, jèn ing mangké sampéjan ngandikan, Panembahan lon delingé, gandèk matoera goepoeh, bektèningsoen marang rama dji, ikoe gandèk atoerna, ingong tan loemakoe, pan boja moelih manira, oeloen iki ngaterken marang sang adji, kalajan karsaning Jyang.

Awotsekar dosta lèngsèr aglis, sampoen wangsoel toemanèng ing poera, tjoendoek kangdjeng sultan agé, woes kondjoek atoeripoen, sultan sampoen waspadèng batin, kotjapa Sénapatya, nèng Majang poenikoe, anekoeng andjoem sarira, Panembahan maladi semadi ening, aneges karsaning Sang.

Apan darbé kalangenan sidji, kangdjeng Sénapati ing Ngalaga, sarga anakan gedéné, Djoeroe Taman ranipoen, prapta mendak ngarsaning goesti, nira djeng Sénapatya, Djoeroe Taman matoer, sarwi wotsekar toerira, billih wonten karsané djeng Sénapati, soemongga

ing

PERPUSTAKAAN NASIONAL

ing pandoeka.

Noewoen pakarjan kawoela goesti, toewan aben lan ramanta sultan, poeroen manggoelang koerdané, ing mangké mangsanipoen, lagya gerah sanget ramadji, Sénapati ngandika, ngong tan darbé kajoen, lamoen darbé karep sira, datan akon pan ingsoen nora apenging, apa sakarepira.

Djoeroe Taman pan sampoen kadoegi, ing karsané waoe goestèna toer sembah oemesat agé, praptèng Padjang kadatoen, kangdjeng sultan kapanggih linggih, gya biniti djadjanja, djeng sultan tan émoet, apan samya tinangisan, mring kang garwa para poetri poetra nangis, kagyat nglilir djeng sultan.

Pra sentana sedaja anangis, ing djro poera satrija wanodya, goemoeroh-goeroeh tangisé, Sénapati Mataroem, sampoen mirsa jèn sultan nenggih, langkoeng sanget kang gerah, kadi boten ngoekoep, Djoeroe Taman kang toer wikan, Panembahan Sénapati ing Matawis, wong Mataram ngoewaran.

Sadaja kinèn toembas salasih, pan akath pikoelan gotongan, dinèkèk lawang saktèng, Sénapati Mataroem, tigang daloe laminirèki, masanggrahan ing Majang, semana woes kondoer, datan kawarna ing marga, sampoen prapta waoe nagri ing Mantawis, genti ingkang kotjapa.

Pangran Benawa matoer wotsari, dateng ingkang rama kangdjeng sultan, poetra pandoeka ing mangké , Sénapati Mataroem, pan sadaja tijang Matawis, sami kinèn toembasa, salasih poenikoe, adjodangan agotongan, arembatan pra samya timoempoek kori, saktèng kawadinan.

Sultan Padjang angandika aris, kakangira Sénapati Nglaga, mring ingsoen banget trisnané, pratjina sih satoehoe, doewé bapa mring djeneng mami, ja ikoe sih sinijan, wrochanira koeloep, kakangira Sénapatya, pan waspada poetrèngong ki Sénapati, jèn ingsoen mèh praléna.

Sultan Padjang séda dèn tangisi, déning dhoewa miwah poetri poetra, alara-lara tangisé, miwah mantri toemenggoeng, demang rongga lawan ngabèi, wadoeadji sadaja, kandoerochan oemoeng, sadaja samya karoena, pan goemerah syarané kawoela nangis, goernita anglir gerah.

Adipati Banawa sigra ngling, mèh sakèhé para mantri Padjang, kabèh

kabèh ngong djalock remboegé, ingsoen kinèn amatoet, wawelingé rama sang adji, kakangmas Sénapatya, poetrané pembajòen, sasoeroedé kangdjeng rama, pan prajoga kangemas ingsoen atoeri, matoer jèn rama séda.

Betjik gelem tan gelema oegi, apan ija sanakingsoen toewa, rama dji pan gagentiné, doenoenging sembahingsoen, mantri Padjang kabèh loemiring, doetanira oemesat, ing Mataram rawoeh, gya toemamèng ing kadatyan, pan woes tjoendoek manembah mring Sénapati, oematoer ponang doeta.

Oeloen goesti ngoetoes toer oedani, dé rajinta pangéran Benawa, jèn ramanta sultan mangké, sapoenika pan soeroet, mila tosan dipoen atoeri, doematèng ing arinta, pangran Banawèkoe, ingantosan njiramana, ing lajoné ramanta djeng sultan nenggih, meksih agilanggilang.

Kangdjeng Panembahan Sénapati, sareng myarsa mring atoering doeta, saklangkoeng ngoengoen ing tyasé, noelja ngandika aroem, angatoeri kang oewa aglis, kya Djoeroe sigra prapta, wis ngatoeran weroeh, ki Djoeroe sareng miarsa, langkoeng ngoengoen Panembahan Sénapati, gya mangkat lan kang oewa.

Panembahan sigra nitih wadjik, lan kang oewa inggih nitih koeda, sami tjatjongklangan agé, prapta Padjang kadatoen, Panembahan ladjoe noengkemi, mring padané kang rama, sadjro galih moewoen, tan béda kalawan gesang, ing batiné Panembahan Sénapati, marang djeng sultan Padjang.

Kangdjeng sultan siniraman aglis, woes tinapan lajoné djeng sultan, andèlja sinalataké, sinarèkken ing Boetoeh, noelja sami maos talekim, andonga sampoen tamat, noelja sami mantoek, aglis sampoen praptèng Padjang, soenan Koedoes nimbali para boepati, myang poetra pra sentana.

Djeng soesoenan Koedoes noelja angling, hèh sakèhé para mantri Padjang, poetra sapa prajogané, ingkang goemanti ratoe, kang sinéba sagoenging mantri, ing Padjang pan sadaja, nenggih sami matoer, jèn soewawi lawan tosan, adipati Benawa jogya gentosi, poetra kakoeng satoenggal.

Soesoenan Koedoes, alon dèrangling, tan sambada ikoe gentyana-

na

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ma, adipati Benawané, kang jogya dadya ratoe, adipati ing Demak singgih, nadyan ikoe mantoewa, Demak poetra sepoeh, poetrá kang èstri kang toewa, sultan Padjang kang lanang poetra taroeni, adipati Benawa.

Nadyan wadon prajoga gentèni, déné ikoe poetrané kang toewa karo ing trah koesoemané, dipati Benawèkoe, sampoen kawarisan negari, ing Djipang kang wasijat, sultan wekasipoen, jogya djoemeneng ing Djipang, awismaha apan sampoen dèn warisi, ing Djipang sinèh.

Djeng Sénapati sigyarsa angling, gya sinaroe kyahi Djoeroe modjar, ki baji lah pajo moelèh, Sénapati gya moendoer, kyahi Djoeroe amemarahi, Sénapati Ngalaga, adja oeroen woewoes, karepé pada sesanak, silih oekih akoe dèn rebeet negari, dadija paperangan.

Loehoeng pajo moemoeléja dikir, lah sidekah angalap safaat, ing loelochoerira kabèh, ing Mataram pan agoeng, ingkang roepa beras lan pari, bantèng lawan mendjangan, tan koerang Mataram, nadyan manggoeng kasoekana, ing Mataram pan ikoe loewih abetjih, adja narka ing Padjang.

Panembahan gya kondoer toemoeli, ing Mataram lami tan winarsa kotjapa waoe Padjangé, dipati Demak mantoe, kang gentosi djoemeneng adji, adipati Benawa, wisma Djipang toeloes, pandoemira mantri Padjang, pinartiga rong doeman pinoendoet nenggih, teksih ingkang sadoeman.

Kang rong doeman pinaringkèn nenggih, mantri Demak wadyanira lawas, pada djinoendjoeng linggihé, ana nama toemenggoeng, pèjat tanda lan ondamoi, arja kalawan rangga, kandoerohan ikoe, tanda mantri lawan demang, pandelegan kalawan nama ngabèi, samya wisma ing Padjang.

Mantri Padjang agoeng roesak ati, pan dèn longi gegadoehanira sami awon pangoetjapé, agé anaha moengsoeh, dèn roesaka ing Padjang iki, katoewon awak ingwang, tinilar ing ngratoe, kaliwat déning alara, kèh doerdjana wong Padjang bedok angoetil, anajab ambabégal.

Mantri Padjang kabèh pada miring, manahira pan roesak sadaja

marang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

marang ratoené keng mangké, apan telenging kajoen, Sénapati Ngalaga oening, mantri Padjang kang lawas, pangalasah sèwoe, kongkonan marang Mataram, lampahira sasanderan aglis prapti, nagari ing Mataram.

Doeta mangsah toemanèng ing poeri, pan woes toendoek lan djeng Sénapatya, anoelja anembah agé, paloenggoehé amboekòch, noelja matoer sarwi abekti, oeloen iki dinoeta, Pangalasan sèwoe, atoer oening ing pandoeka, raji tocan dipati ing Demak mangkin, noesahken mantri lama.

Mantri Padjang samya joen ambalik, datan étja gènipoen soewita, dateng ratoené kang mangké, gegadoehan pinoendoet, mantri Padjang sadaja sami, kang rong doeman daleman, kang sadoeman kantoen, marmané kang kantoen soesah, Padjang roesak ing daloe goerimis maling, rahina rebat sawah.

Lan manawi poekoeloen poeniki, darbé karsa angrebasèng Padjang, mapan daweg moempoeng mangké, Padjang meksih rahèroe, datan wonten telenging galih, wadyèng Padjang sadaja, manawi poekoeloen, samongsa toean midjila, djawi kita mantri ing Padjang ambalik, oemiring ing pandoeka.

Sénapati Ngalaga angling, hèh sang doeta matoera semitra, pangalasan sèwoe mangké, ija tarima oeloen, ing prajoganira poeniki, oeloen pan dèrèng arsa, loewih takdiripoen, angrebasèng koeta Padjang, pira bara dongané wong sak negari, roesaké jajiemas.

Lamoen ingsoen kimon ing Jyang Widi, pan agampang lan karsaning soekma, ari ing Demak roesaké, jèn kinarsakken ikoe, déning Soekma djoemeneng adji, jaji dipati Demak, mapan nora éwoeh, tan kena anedya roesak, déning djalma noegraha lara lan pati, pasti darbéning Soekma.

Woes loewaran kangdjeng Sénapati, kang kotjapa pangéran Bendwa, anèng ing Djipang nagriné, saklangkoeng soesahipoen, ing tyas ngoengoen nanedèng Widi, loemampah kasoetapan, wigoeh dahar toeroe, minta sihira Jyang Soekma, lamoen ana sisan kawoeka binoekti, ingkang toemibèng lemah.

Amaladi pan semadi ening, pan naritis jogyaning narèndra, tan kaeban wangonané, awajah madya daloe, ana syara kapirsa doe-

mling

PERPUSTAKAAN NASIONAL

mling, datanana roemeksa, daweg sarènipoen, ingkang dadya soesahir kakangira Sénapati ing Matawis, tanana ngosikena.

Sareng sirna kang syara anglilir, adipati Banawa gya modjar, hèh botjah mrénéja agé, ja sira ingsoen oetoes, loemakoewa marang Matawis, toerana kakangemas, ngadatona ikoe, anèng negari ing Padjang, lan maningé atoerena bekti mami, tjaraka nembah mèntar.

Tan kawarna lampahirènh margi, sampoen prapta nagari Mataram, toemanèng ngabyantarané, Sénapati kapanggoeh, sigra matoer doeta wotsari, goesti lampah kawoela, ingoetoes poekoeloen, rajinta pangran Benawa, pan pandoeka ngatoeran ngadaton inggih, anèng negari Padjang.

Soeka lila rajinta dipati, pan pandoeka poetrané kang toewa, Panembahan ngadika lon, hèh sang doeta sirèkoe, oematoera mring ari mami, ikoe ingsoen tan priksa, pan karepé ngeboet, negara lan kadangira, oeloen iki winarisan ing Matawis, déning margi djeng Sultan.

Jekti oega pan ingsoen tetapi, hèh sang doeta matoera riningwang, lan salam dongakoe agé, atoerna arèningsoen, gya tjaraka woes nembah amit, woes mesat saking ngarsa, lampahé andaroeng, datan kawarna ing marga, lampahira woes prapta Djipang nagari, tjoendoek lan goestènira.

Doeta matoer sarwi awotsari, lampah kawoela ngoetoes woes prapta, nagri Mataram wijosé, timbalan toewan kondjoek, mring rakamta djeng Sénapati, Ngalaga ing Mataram, pangran Benawèkoe, angoengoen datan ngandika, awèkasan ngandika balija maning, matoera mring kakangmas.

Doeta mesat lampahé lestari, gènnja wangsoel doeta mring Mataram, toemanèng ing kadatoné, mring Panembahan panggoeh, ri sang doeta matoer wotsari, goesti amba poenika, nenggih kinèn wangsoel,déning raji djenengandika, apan toean anèksa dipoen atèri, doemateng ing arinta.

Raji toewan Benawa dipati, ingkang karsa ing Padjang poenika, datan soeka ing manahé, kang raka madek ratoe, sabab dédé toean kang idi, menggah karsa ri toewan, pangran Benawèkoe, jèn boten toewan kang bawa, djenengaken kadaton Padjang ri goesti, rinta

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

loehoeng praléna.

Sapoenika toeripoen ri goesti, adipati Benawa roentiknja, asanget ing prihatiné, rajinta karsanipoen, Panembahan djeng Sénapati, djoemenenga ing Padjang, sinéba wadya goeng, raji poekoeloen asoeka, lila prana pandoeka dadosa adji, goemantya kangdjeng sultan.

Jèn kang raka Demak madeg adji, anggentosi karaton ing Padjang, raji toewan dipatiné, Benawa loehoeng lamppoes, sampoen telas toerira goesti, kang kawrat ing kawoela, soemongga poekoeloen, oeloen poeroen matoer toewan, sakalangkoeng arinta amati ragi oneng wilangoen toewan.

Kangdjeng Sénapati Ngalaga ngling, hèh sang doeta sirata matoera, mring dipati Benawané, jèn jekti arsa panggoeh, lawan ingsoen ingong atoeri, loemampah mring Mataram, metoe Ardi Kidoel, angemingaken kang karsa, doeta nembah woes amit oemesat aglis, prapta nagri ing Djipang.

Sapraptané ing Djipang negari, doeta toemanèng ing adipatya. ngleresi sinéba mangké, doeta noelja oematoer, poerwa madya woesana ngenting, sigra pangan Benawa, ngandika ing wadoe, ingkang karaket sadaja, lah dandana ngong arsa tirakat aglis, marang kidoel kang arga.

Adipati Benawa sigra glis, dandan mangkat lan sawadyanira, aremben waoe lampahe, mios ing ngardi Kidoel, iring kang lèr kang dèn dalani, lampahé sampoen prapta, nenggih désa weroeh, noelja Sénapati mapag, mring kang raji sagelar papaning djoerit, désa ing Weroe prapta.

Sénapati ing Ngalaga singgih, lan kang raji pangeran Benawa, saréng panggya ngrangkoel agé, sigra kalijanipoen, sami toenggil bangsal sawidji, dènira masanggrahan, anèng désa Weroe, samya goenem arsa joeda, marang Padjang pangran Benawa toeruja ris, kakangmas Sénapatya.

Marmanipoen kawoela poenika, kakangemas oemarek sampéjan, tan darbé atoer pa meuèh, ing mangké atoer oeloen, bilih kakang tan ngéman mami, tan arsa djoendjoeng ingwang, oeloen loehoeng

lampoes

PERPUSTAKAAN NASIONAL

lampoes, ingkang raka angandika, ija jaji pinten banggi waget mami, tetoeloeng mring jajimas.

Kawarnaha mantri Padjang sami, sareng mirsa pangeran Benawa, panggihan lawan rakenè, Panembahan Mataroem, Sènapati Ngalaga nenggih, jata rembag sadaja, mantri Padjang wace, anoesoel pangran Benawa, samya mangkat ngidoel bener lampahnèki, nèng margi kawarnaha.

Gagoeneman ing Padjang pra mantri, aparkawis karsanè pangèran Benawa kajoet kadangè, djeng Sènapati ikoe, leres temen karsanè iki, para mantri Mataram, pan digdaja tegoeh, dipati Banawa ika, poetra djaloe diminmoela bakal adji, mangkè kalakyan rembag.

Kalih Panembahan Sènapati, ing Ngalaga pilenggah Mataram, kaleresan ing karsanè, sadaja mantri wace, samya ladjeng mring weroe aglis, tjoendoek lan goestènira, sakalijanipoen, pangran Benawa lan raka, Panembahan mantri Padjang prapta sami, wotsekar mring kalihaja.

Adipati ngandika mring mantri, Padjang sadaja pada ngoedjoeng mring kakangmas dipoen agè, mengko menjanga mringsoen, mantri Padjang wotsekar sami, mangèstoe pada samya, mring Sènapati koe, Panembahan anggardjita, ing tyasira mengko iki anglakoni, soen djoerit lan wong Padjang.

Mantri Padjang kang sami ambalik, pan ambekta sagelar sapapan, oemarek mring Weroe kabèh, sadaja sami matoer, jèn ing mangkè ing Padjang nenggih, abdidalem kang lama, boten wonten kantoen, sami sowan ing pandoeka, koela sami pòeroen ngabena ngadjoerit, lan dipati ing Demak.

Kang roemeksa ing Demak dipati, tijang Demak Koedoes tan 'alija, wong Padjang woes balik kabèh, ageng alit agoejoeh, sami poeroen ingaben djoerit, lan dipati ing Demak, anigasa poeroen, djanggané wong mantrènira, nadyan inggih kang anèng Demak dipati, goeng alit poeroen samya.

Pramilané inghang para mantri, poeroen ngaben lan Demak dipatya, saking sakité manahé, linongan sabinipoen, wonten ingkang linongsoer sami, sampoen nèkat sadaja, panedyaning kalboe,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

angabdi

angakdi dateng pandoeka, poenapata sarèhing goesti nglampahi, lan malih atoer amba.

Mantri Padjang keboet sampoen enting, adipati ing Padjang poenika, mangké sampoen kantoen dèwé, naming kantoen wong Koedoes, lawan wadya ing Demak singgih, ingkang ambahoereksa, ing Padjang kadatoen, Sénapati ing Ngalaga, amijarsa atoeré sakèhing mantri, adjedjel nèng ngajoenan.

Sénapati ing Ngalaga lantip, trap tyasira déning mantri soera, pada teka ngajoenané, amarka bedahipoen, negarané ing Padjang iki, déné mantriné soera, sami anoeng-anoeng, Sénapati ing Ngalaga, dadar-dadar retna kantjana pawèstri, mantri Padjang warata.

Éndjing mangkat lampahirèng prapti, pan kinepang negari ing Padjang, wong Mataram domas kèhé, wong pamadjegan ikoe, woloeng èwoe tjatjahirèki, kalawan wong Kadjoran, kèhé patangèwoe, pangangguéné wong Mataram, akoelambi bapang pan sinimping-simping, akeré gagendéran.

Ana koelambi sangkolat abrit, sora-sari na malijo ika, soetra bang lan soetra djené, kastop miwah baloedroe, tinon sing mandrawa ngadjrihi, kadi prawata sekar, oedjyalané moeroeb, kasoran sahyang radétya, kasenenan déning panganggéning mantri, jata mendoeng sakala.

Koetandira sami dèn barisi, toembak petak lawan waos bénang, atap anggenggeng barisé, towok tamèng myang boesoer, lawan paris éndong myang tamsir, lalajoe lan kekonda, kanginan toemijoet, asri oemboel-oemboelira, pratjinané lamoen digdaja ngadjoerit, koemitir kang bandéra.

Adipati Benawa sigra glis, matoer marang kangdjeng Sénapatya, kalamoen soewawi mangké, kita Padjang poenikoe, rinebasèng binedah wani, noelja bandjoer mring poera, tinigas kang goeloe, inggih poen dipati Demak, lan poetriné binojong lang kèhing poetri, miwah retna kentjana.

Sénapati Ngalaga nahoeri, jaji emas mengko silih oega, ajya para bedah agé, kitanira poenikoe, dadi soesah karja wong tjilik, bèndjang anggentyanana, ing para rèningsoen, jajimas

sira

sira kantoena, djawi kita ingsoen ingkang anglebeti, ing pperi adi Demak.

Sénapati sigra nitih wadjik, koedanira aran Bratajoeda, wingdalan saking kilèn, poen Bratajoeda ikoe, oelesipoen poernamasidi, wong Demak nèng Penatar, kalawan wong Koedoes, ingoengak nginggiling koeta, ngagem bedil sinipatan datan keni, Sénapati Ngalaga.— Wong ing Koedoes lan ing Demak poeniki, samya matoer marang goestènira, Sénapati Ngalagané, kita kilèn woes rawoeh, oeloen papag sakèhing bedil, mimis datan toemama, S-enapati tegoeh, tekan djanipoen pisan, ponang koeda oelesipoen poernamasidi, dawoek saking kadohan.

Adipati Demak sigra angling, kakang Sénapati ing Ngalaga, ing lawang saketèng kilèn, papagen mimis sèwoe, myang kentjana mimis kinardi, tanapi mimis slaka, katahipoen sèwoe, lah sipaten dipoen kena, wong Mekasar wong tetoekon lan wong Keling, hèh moenggaha panatar.

Wong Mekasan kalajan wong Boegis, wong ing Mandar lan tijang Sembawa, samya wong tatoekon kabèh, moengging palatar sampoen, samya sikep toembak myang bedil, soeligi myang brengkolang, lemping panah toeloep, paseré samya tjimatjap, sareng moeni pradonga kalawan bedil, soerak ambal ambalan.

Ratoe Kidoel soerak wanti-wanti, anèng tawang kadi langit bedah, goemaloedoeg Marapiné, marceta dres soemijoet, awor oedan ariwis-riwis, pratjina jèn djim prapta, perajangan rawoeh, miloe ambedah negara, Sénapati misih pinapag ing bedil, tibahé anglir oedan.

Mimis-mimis katah anibani, langkoeng deres apan kadya oedan, mimis kentjana inganggé, toemibèng djadjanipoen, Sénapati rineng-gèng mimis, toemrap sirèng ing djadja, pan asri dinoeloe, anglir wedak pinarada, gebyar-gebyar oedjyala lir lintang ngalih, salaka myang kantjana.

Ri Sang Sénapati Ngalaga ngrampit, djawi kita sangarepé lawang, sinoeligi myang lembingé, panah towok myang toeloep, Sénapati apan tan keni, sasat wajang-wajangan, sang Séna amoewoes, wong

Kalang

Kalang si wong Mekasar, adja sira amiloe reboet negari, apan sira teboesan.

Malajoewa sira dipoen aglis, mardikaha angétja-étjaha, matija tamboeh gawéné, wong toekon sa mya ngroengoe, dadya sami loemajoe gendring, sagoenging wong toembasan, Sénapati rawoeh, ana sadjawining nglawang, ngandika ris marang ingkang tengga kori, ingsoen aminta lawang.

Sami maras ingkang tengga kori, Sénapati ingkang minta lawang, datan winengan lawangé, pan pada sira takoet, mring Dipati ing Demak singgih, jèn menganana lawang, ing samitranipoen, Sénapati ing Ngalaga, kyahi Gedong ingkang toemoet tengga kori, adjrih jèn menganana.

Toenggal goeroe lan sang maha jekti, kangdjeng soenan ing Kali poenika, ki Gedong kang ngamoek agé, kalawan batoeripoen, tengga kori katah kang mati, gègèr samya loemajya, sasisaning lampoes, ki Gedong pan kari dawak, dèn wengani samitrané Sénapati, ing Ngalaga Mataram.

Kyahi Gedong mangsah atoer bekti, sarwi modjar adoeh goestèningwang, Sénapati Ngalagané, oeloen dadi pangajoen, pan loemampah oeloen adjoerit, sakèhé wong ing Demak, baris ngaloen-aloen, Sénapati ing Ngalaga, anarima prasetyané mitra mami, ki Gedong mantri Padjang.

Pan loemampah ki Gedong roemijin, sigra dateng ngaloen-aloen Padjang, kapidjandem pangamoeké, pan tinadahan gandjoer, ana noembak wenèh ambedil, ki Gedong kinakahan, jata noeli lampoes, salamènira agesang, kyahi Gedong tegoeh datan wroeh ing getih, pasti karsaning soekma.

Sénapati loemampah ing woeri, sigra moelat kyahi Gedong pedjah, Sénapati ngandikané, ki Gedong sanakingsoen, mapan doeroeng ija oedani, satètès banjoeningwang, selak noeli lampoes, ing bèndjang sapoengkoeringwang, kepanggoewa sak toeroené Gedong iki, kalawan toeroeningwang.

Toetoegena oedjaringsoen iki, pan sarenga asoeka wibawa, adja salaja sakèhé, pan anak poetoeningsoen, wadyaningsoen Mataram sami, lah sasabana lintjak, Gedong lajonipoen, ikoeta

semitra

semitra ningwang, adja meneng gonira loemampah djoerit, jèn moelih, benarsihan.

Sigra mangsah Sénapati djoerit, tekap madya aloen-aloen Padjang, amanggoeng nitih koedanè, Sénapati anekoeng, amaladi semadi ening, aneges karsaning Sang, amoerwèng pandoeloe, Sénapati ing Ngalaga, sigra mikel kepoché dipoen soengkemi, lali poerwa doeksina.

Wadya Demak kabèh pada baris, anèng aloen-aloenirèng Padjang, pada takoet boebar kabèh, asroe dènnja loemajoe, akèh mati areboet dimin, kena sendjatanira, pada batoeripoen, datan anolih ing woentat, apoejangan anarka jèn tekèng pati, tan wroeh poerwa doeksina.

Kyahi Djoeroe Amartani matih, koedanira apan tjatjongklangan, wong Demak kapapag kabèh, kya Djoeroe sigra moewoes, hèh wong apa loemajoe iki, sakèhé wadya Demak, sadaja oematoer, Sénapati ing Ngalaga, ingkang ngamoek anèng ngaloen-aloen nenggih, samya gègèr poejangan.

Kyahi Djoeroe Amartani angling, hèh wong Demak madajèng ing ngoedjar, Sénapati mangsah agé, pa géné sira takoet, kyahi Djoeroe lampahira glis, anoesoel ingkang poetra, praptèng aloen-aloen, Sénapati ing Ngalaga, katingalan andjedjer loehoering wadjik, Sénapati ginoegah.

Kyahi Djoeroe Amartani angling, Sénapati Ing Ngalaga sira, awoengoewa dipoen agé, katoengkoel sira ngantoek, baja lali kalamoen djoerit, Sénapati Ngalaga, agya sira woengoe, noelja angling mring kang oewa, ana ngendi wong Demak ingkang adjoerit, ngaloen-aloen agelar.

Kyahi Djoeroe sigra moewoes aris, sakatahé wadyanirèng Demak, gègèr asroe palajoené, pajo pada maleboe, ing byantara madyaning poeri, sira dipati Demak apan sampoen takoet, angoengsi sadjroning poera, datan arsa jèn amapaga ngadjoerit, tan poeroen marang sira.

Sénapati tedak saking wadjik, asta tengan njangking pangawinan, asta kéring kendangsoelé, kandeg ing siti loehoer, kyahi Djoeroe martani angling, adja sira toemedak, ja meksia manggoeng, lah ija teka ladjenga, adja walangdrija anèng ing djro poeri, ing Padjang darbèkira.

Sénapati

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sénapati angandika aris, mila koela moedoen saking koeda, ing dangoe palenggahané, sultan Padjang goestèngsoen, ora aroes wong wani goesti, kapindo wong atoewa, ping tigané goeroe, kaping paté wonten oega, sultan Padjang tan béda doek meksih oerip, ing pamoendi manira.

Noelja prapta waoe Sénapati, widjil pisan djoemeneng ing lawang, para garwa mapagagé, sultan Padjang kang soenoe,adipati Demak kang èstri, manembah ing soekoe sang, mangoesapi leboe, toemoengkoel sarwi mangrepa, paloenggoehé maboekoeh kondjem ing siti, matoer anilakrama.

Menggih arinta aneda oerip, adipati ing Demak poenika, Sénapati ngandika lon, datan arsa ta oeloen, ing pedjahé jaji dipati, ing Demak datan nedya, soen prih idepipoen, dadiné djoemeneng Padjang, nora tari ing betjiké marang mami, dadi asalah tompa.

Malah ingsoen pinapag ing djoerit, ingsoen meksih éling kang atoewa, anggoegoe dingin-dinginé, jèn marija maring soen, holé arsa djoemeneng adji, pantes ingsoen kang toewa, gentènana ratoe, lah tjekelen lakènira, pada èstri tjinané adi dipati, toemekèng kalah aprang.

Oedetira karjanen tetali, tjindé kembang bestanen d'en inggal, noeli atoerna maréné, sarta bongkoanipoen, atoerana marang ing mami, noelja sami oemangkat, èstri kalihipoen, anjekel dipati Demak, para rabi sami njekel ingkang laki, dan katoer mring kang raka.

Sénapati pinarak sitinggil, doek toemingal mring dipati Demak, Sénapati ngandikané, dipati Demak ikoe, doedoe sira kang andarbèni, djoemeneng ratoe Padjang, pantes poetra djaloe, rènira pangran Banawa, djoemenenga anggentèni rama adji, mengkoewa nagri Padjang.

Adipati ing Demak anenggih, warisira mapan nagri Demak, lah mèntara dipoen agé, wong Mataram sirèkoe, amikoela sangoené margi. lan wong Singanegara, lan wong Martaloeloet, adepen dipati Demak, gentènana ala sirnané wong èstri, anjekeli bebandan.

Martaloeloet Singanegara ning, matoer dateng Sénapati Nglaga,

dipati

dipati ing Demak mangké, pinedjahan poekoeloen, Sénapati Ngalaga angling, ingsoen datan winenang, doedoe pastèningsoen, jèn akarya medjahana, arèningsoen dipati Demak poeniki, pedjaha ing kendja

Adipati Benawa winarni, akasoekan anèng pagelaran, oemyang goemeroeh syarané, anaboeh kala gandjoer, mangan ngindoem ambèh rangin, awenèh beksa kembang, ramé samya woeroe, amrang lengen para tantang, para tjampah tjendalanja njenjoembari, barang toe kadiran.

Sénapati Ngalaga oemidjil, kang pinoendoet kekapaning kosir kyahi Getajoe wastané, kendali Matjangoegoeh, pan poenika saren pinoendi, gong Sekardalima, sami barkatipoen, ingkang kagem sul Padjang, sakatahé baberkatan kang roemijin, binekthèng pagelaran.

Sénapati sinéba ing mantri, pagelaran ngaloen-aloen Padjan Sénapati pinaraké, lalèmèkipoen baboet, isi sari gandanira mrih, oedjyalaning wedana, lir woelan soemoenoe, sedengé asasadara, samya takoet sakatahé para mantri, toemoengkoel amangrepa.

Pangran Banawa oematoer aris, kakangemas Sénapati Ngalaga, pandoeka djoemeneng katong, anggentèni kapraboen, sinébaha sakèh ing mantri, mapan toean prajoga ,inggih poetra sepoeh, kawoela lila warana, tekèng pati datan darbé tingal kalih, lah toean djoemenenga.

Sénapati ing Ngalaga angling, jaji adipati ing Benawa, tarima ing pratjajané, pan doedoe garisingsoen, jèn manira madeg adi anèng nagara Padjang, kagedèn poenikoe, oeloen pinasti Mataram, tanah Djawi angalahaken ing djoerit, para ratoe ing Djawa.

Ponang montja nenggoeh noengsa Djawi, ratoe poendjoe, tanah soewala, pra samya pranata kabèh, Djawa mapan kineloen, ija iku sultan Matawis, kapernah poetoeningwang, poenikoe ing bésoek, djoemeneng nata pandita, kèdep déning para ratoe noengsa Djawi, Madoera lan Palèmbang.

Ingsoen iki winarsis rama dji, ing Mataram ambebakal ika, soen lampahi kangélané, dipati Banawèkoe, alah oewis dadija sidji maleboewa djro poera, mengkoewa kadatoen, matoer pangéran Benawa kakangemas kawoeka darmi nglampahi, sakèhé pakon toean.

Sakatahé sakisining Poeri, katoera doemateng ing pandoeké, sakaran

sakarsa andika angrèh ,Panembahan amoewoes, sih manira tarima jaji, pratjaja pakenira, kang dateng maring soen, sak`ehé berana Padjang, lah karjanen jaji dandanan negari, koeta Padjang kang roesak.

Apa maneng paloeloeting mantri, danana retna lawan bodja, lawan dèn anter boediné, lah ikoe karsaningsoen, wong ngawoela dateng narpati, jaji sira bebakal, djenengira ratoe, kirangé sendjatanira, toembasena lawan karjaha pribadi, dandananing joeda.

Salirbawaning kang sinoeng wadi,kinarja mong negara doewéja, ardjaning ngratoe èstiné, goelang-goelangen ikoe, dipoen jitna oelah negari, doewéja wong tetiga, roemijin poenikoe, pandita ingkang atapa, lawan malih wong pétangan iladoeni, tanapi eodjoem ramal.

Jèn sira joen weroehing doemeling, pranatané wong dadi narèndra, atakona dipoen agé, wadyanira sang wikoe, lamoen ajoen wikaning dadi, takona wong pétangan, kang aran doedoekoen, jèn ajoen ing pangawasa, kang kadjaba saking wirajating toelis, takona wong atapa.

Pangran Benawa oematoer aris, kangmas Sénapati ing Ngalaga, sakatahé barkatané, rama adji poekoeloen, pan soemongga oeloen poeniki,toean bekteng Mataram, pantes poetra sepoeh, kang pandoema wawarisan, djengandika oeloen tana misésani, sadaja kang barkatan.

Djeng Sénapati Ngalaga angling, ari adipati ing banawa, alah bener sasmitané, baberkatan soen poendoet, oeloen bekta marang Matawis, tjinawoe lan poernama, rama dji lan ingsoen, temen-temen kenèng gedap, pan saroepa sangkara kalawan manis, tan kéngang pisahena.

Lah karija ingsoen jaji pamit, ingsoen moelih jaji mring Mataram, ngestokena welingingong,lah wis jaji bistoeroe, adipati Benawa mangis, nèng ngarsané kang raka, anoengkemi soekoe, sesambaté amlasarsa, lir tinilar bapa baboe ingkang lalis, datan marka panggiha.

Endjang mangkat kangdjeng Sénapati, saha wadya kondoer mring Mataram, kalangkoeng kebat lampahé, datan kawarnèng ngenoe, sampoen rawoeh nagri Matawis, noelja malebèng poera, miwah kang

wadya

PERPUSTAKAAN NASIONAL

wadya goeng, kalawan para sentana, myang kya Djoeroe woes mantoek wismané sami, nahan ingkang winarna.

Data tita lingira ing ngoemi, kang kotjapa kang anèng partapan, ki gedé Giring ariné, wawratanira sepoeh, woes diwajah samadi sasi, djabangbaji ambabar, warnané abagoes, sadjagat tanana mèmba soewarnané waoe ingkang djabangbaji, sampoen sinoengan nama.

Mring kang oewa lawan iboenèki, akekasih rahadèn Oembaran, sakalangkoeng ing bagoesé, wajah loemiling waoe, aglis ageng kang djabangbaji, kalangkoeng soekanira, kang oewa myang iboe, aningali kang atmadja, ingkang oewa lan kang iboe langkoeng asih, doematen ingkang poetra.

Sakalangkoeng pan ginoesti-goesti, ingkang poetra pan aglis walagang, kadya dinoes banjoe gégé, saweg ngoemoer satahoen, soewarnané langkoeng manglingi, tigang taoen semana, wajahé kang soenoe, datan arsa dahar nèndra, kaé djaka remen adedolan lagi, asring toemoet kang oewa.

Jèn kang oewa dateng ing wana dri, datan kena waoe jèn kantoena, ananem gaga karjané, mantoek mantoek jèn daloe, saben dina mangkana oegi, ki ageng Giring ika, kang poetra ingoegoeng, saja geng kalawoenira, ingkang poetra semana dèwasa akir, atakèn kang soedarma.

Pitoeng dina waoe pitoeng bengi, dènnja motah atakèn soedarma kang iboe tamboeh sahoeré, kang iboe lon amoewoes, adoeh njawa makingsoen goesti, ja ikoe ramanira, kang joga sirèkoe, kang poetra matoer karoena, inggih iboe dédé poen bapa sajekti, poenika gih poen oewa.

Ingkang iboe moewoes èsmoe tangis, adoeh angger njawa goesti ningwang, rara Gedang ingsoen kijé, kang poetra lon oematoer, pan sanadyan pisanga oegi, adarbé laki ika, nanggih kang anandoer, kang minongka lakènira, ingkang iboe èwet dènira nahoeri, aweka-san ngandika.

Balik sira ngawoelaha goesti, ija marang nagara Mataram, adoeh anakingsoen angger, kang oewa ngandika roem, ija njawa dèn bisa kaki, tata tatining pradja, lakonana ikoe, lawan sira adja pegat

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pegat, gènnja minta wisiké wong goena loewih, kwoelanana sedaja.

Prijem pada asih mring sirèki, dèn prajitna soewitèng narèndra, adja pepéka nakingong, oewis mangkata koeloep, ingkang poetra sigra toer bekti, pamit dateng kang oewa, tanapi mring ibbe, kang poetra ingaras-aras, dyan oemangkat sedya doemateng Matawis, koeneng gantya kawarna.

Kangdjeng Sénapati ing Matawis, sak rawoehé saking nagri Padjang, sampoen lami antawisé, karsa ingangkat ratoe, mring kang oewa Djoeroe Martani, tanapi pra santana, sedaja woes remboeg, kang raji dipati Padjang, tinimbalan woes prapta nagri Matawis, ing daloe kawarnaha.

Agoeneman ki Djoeroe Martani, lan kang poetra kangdjeng Sénapatya, miwah pra santana kabèh, kyahi Djoeroe amoewoes, poetraningsoen ki Sénapati, ing mengko karsaningwang, ing sasoeroedipoen, ramanira sultan Padjang. pekenira nenggih djoemenenga adji, an`eng nagri Mataram.

Toemoeroena satedaké bèndjing, jya kaselan djoemeneng Mataram, pra sentana remboeg kabèh, ingkang poetra oematoer, inggih koela darmi nglampahi, poenapa sak rèh dika, kawoela toemoeroet, ki Djoeroe malih ngandika, jèn woes remboeg ingdjing mijosa tinangkil, moefakat wadya kosya.

Woes tan lingen wasita tiniti, pan pinoenggel ing rarontjènira anoedjoe Respati Kliwon, baskara djam sapoeloeh, tanggal pitoelikoer kang tèngsi, Doelkangidah dé mongsa, kadwi ingkang woekoe. Menahil Lip Langkir lambang, warsanja Djimakir sangkala winilis, asta wikoe sabdèng ngrat.

Oetawi tanggal walandi kawarni, kaping tiga October kang woelan, warsanira ingkang winrèh, tinrap sangkala moenggoeh, nir pandawa moertining boemi, ongka malih winarna, nenggih kang pinétoeng, tinatrap moenggèng sangkala, bodjanira tjinatoer kerti woes titi, titi tamat kang soerat.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

